



SALON

b'eso





Salon Bèsò

Otè:

Teodora Mery Flores de Castañeda

Ekíp sipò ak administrasyon:

Flor Ramírez Labrín

Josefa Chunga Zapata

Lady Valer Ramos

María Esther Sosa Alzamora

Elizabeth Sosa Alzamora

Ruth María Estrada Martínez

Revizyon ak adaptasyon MEDFDI Rejyon SAM:

Mery Asenjo

Elizabeth Cristiana Soto Venegas

Ana Asenjo

Waleska Rios Sepulveda

Kowodinatris pwojè editoryal la:

Patricia Picavea

Desen pou paj kouvèti ak Desen trase yo:

Slater Designer / Slater J. Chavez

Tradui pa:

Dezama Jeudi

Pwodwi pa:

Les Ministères de la Formation de Disciples -
Région Mésoméridionale, Eglise du Nazaréen

www.MedfdiRessources.MesoamericaRegion.org

Rev. Monte Cyr

ISBN: 978-9980-67-015-1

Copyright © 2020 pa mwayen Iegliz Nazareyen
Pwodiksyon SAM

PREPARASYON POU ANSEYAN AK ANSEYANT YO

ANPIL AKTIVITE AK TI MOUN KI NAN LAJ DE A TWA ZAN

INITE I:	Mèsi Bondye Pou Tout Sa Ke W Te Fè	3
INITE II:	Konnen Ak Jwi Tout Bagay Ke Bondye Te Krete Yo	43
INITE III:	Konnen Kò Ke Bondye Te Ban Mwen An	83
INITE IV:	Jezi Se Zanmi Mwen, Li Pwoteje Mwen Nenpòt Ki Kote Mwen Ale	123

INITE

1

MESI BONDYE POU TOUT SA KE W TE FÈ

SEMÈN 1:	BONDYE TE FÈ LIMYÈ A
SEMÈN 2:	BONDYE TE FÈ DLO A
SEMÈN 3:	BONDYE TE FÈ PLANT YO
SEMÈN 4:	BONDYE TE FÈ SOLÈY LA
SEMÈN 5:	BONDYE TE FÈ LALIN NAN
SEMÈN 6:	BONDYE TE FÈ PWASON YO
SEMÈN 7:	BONDYE TE FÈ ZWAZO YO
SEMÈN 8:	BONDYE TE FÈ BÈT YO
SEMÈN 9:	BONDYE TE FÈ LÒM
SEMÈN 10:	BONDYE TE FÈ FANM NAN
SEMÈN 11:	MÈSI BONDYE POU MANMAN M AK PAPA M
SEMÈN 12:	MÈSI BONDYE POU KOULÈ YO
SEMÈN 13:	BONDYE M NAN FÈ TOUT BAGAY BYEN BEL

BONDYE TE FÈ LIMYÈ A

**Baz Biblik:**

Jenèz 1:1-5

**Objektif:**

Konprann ke Bondye te fè limyè a, epi santi kè kontan pou sa.

**Preparasyon Klas La:**

Monitè yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye pou tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe li epi byen reflechi sou Jenèz 1:1-5.

ENTWODIKSYON

Pou kontinye, byen obsève bagay sa yo :

- Kisa pòsyon biblik sa anseye nou ?
- Bondye te fè tout bagay byen bèl.
- Li te fè limyè a avan yon fason pou l te kapab klere inivè a.
- Lanmou Bondye te ekspriye nan tout sa ke li te fè.
- Bondye te kreye yon mond ki byen bèl.
- Objektif Bondye se te pou bay kè kontan.
- Se yon Bondye vivan ki te kreye mond lan.
- Nan kòmansman, latè te san fòm epi avid.
- Fè nwa te kouvri tout latè.
- Pou tout bagay ke Bondye te fè, nou rekonèt ke Li se Kreyatè nou. Ti moun yo rekonèt sa tou.
- Bondye te separe jou a avèk nwit la.
- Limyè a te fè efè sou tout latè ak linivè a.

**REFLEKSYON**

Bondye se limyè epi li ban nou limyè syèl la pou ke li klere lavi nou; epi pou pote ak fè limyè rive jwenn ti moun ki pi piti yo. Ann priye pou nou di Bondye mèsi pou limyè ke li ban nou, poutèt sa, nou dwe beni lòt yo avèk limyè espirityèl sa.

Alafen, prepare yon sèk ki genyen 30 cm dyamèt. Pentire l yon bò kote l ak yon koulè nwa epi lòt la an koulè ble.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: BONDYE TE FÈ LIMYÈ A

SITASYON BIBLIK: Jenèz1:1-5

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Rakonte ti moun yo ti istwa sa: Sa fè anpil tan de sa, se fè nwa sèlman ki te egziste. Bondye ki kapab fè tout bagay, li te deside fè yon bagay diferan. Konsa, yon jou, li di konsa: "Se pou limyè a fèt!"

Après ou fin rakonte yo sa, pale sou bagay sa ansanm avèk yo: Ti moun, èske nou konnen sa ki te pase yon lè konsa?... Limyè a te parèt epi tout bagay te rete byen klè!, epi Bondye rele l jounen. Ala bon sa bon lè gen moun gen limyè pa vre! Lè gen limyè, nou kapab kouri, mache, al fè pwomnad san nou pa frape; paske nou kapab wè byen klè. Men te genyen fè nwa tou, Bondye te bay sa pote non Nwit. Ala bon Bondye nou an bon, pa vre ti moun?"

Ann Jwe. Bwat soulye ki pentire andedan ak koulè nwa; epi deyò yo dwe gen koulè vè. Sa se pou ke ti moun piti yo kapab konprann ke sa reprezante kreyasyon an. Answit, fouye yon twou nan pati anwo bwat la, epi fouye yon lòt sou kote li (men ou dwe bouche li nan kòmansman); epi pèmèt ke ti moun yo sèlman wè twou ki anlè a.


Mande yo: èske nou wè yon bagay? Pou fini, debouche twou ke w te fouye sou kote a, klere la avèk yon flach, epi di ti moun yo pou yo tounen gade nan twou ki anlè a ankò. Y'ap kapab wè yon desen kreyasyon an ki andedan bwat la.

Ann Aprann. Toujou mete aksan pou montre ke Bondye kapab fè tout bagay-li te fè limyè a. Yon fason pou ke jodi a nou kapab di: "Mèsi Bondye ou tout bagay ou te fè yo".

Aktivite. Ede ti moun yo grate bann papye ble oubyen blan yo; epi ede yo kole yo sou liy ki nan mitan desen an, ki pou parèt tankou reyon limyè.

Orevwa. Mande ti moun yo pou yo ri epi di Bondye mèsi pou bèl benediksyon sa yo ke nou resevwa.

**BONDYE TE FÈ
LIMYÈ A**



Enstriksyon yo

Grate bann papye ble oubyen blan yo; epi kole yo sou reyon limyè yo.

**Baz Biblik:**

Jenèz 1:6-8

**Objektif:**

Konprann ke Bondye te separe dlo yo.

**Preparasyon Klas La:**

Monitè yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye pou tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe li epi byen reflechi sou Jenèz 1:6-8.

**ENTWODIKSYON****Aprè sa, byen obsève bagay sa yo:**

- Kisa lekti biblik la anseye nou?
- Nan dezyèm jou a, Bondye te ranje dlo a nan plas li, nyaj yo ak lanmè a tou.
- Bondye te fè yon mond ki byen ekilibre pou kreyasyon l lan.
- Li te fè tout bagay byen bèl : dlo a, oksijèn nan, elatriye. Tout bagay sa yo byen itil ak endispansab nan lavi lèzòm.
- Nou pa kapab viv san oksijèn. Nou kapab manke anpil lòt bagay epi lavi kapab kontinye; men san vaz oksijèn nan, kesyon pou moun gen lavi a pap janm kapab posib.
- Nou dwe byen pran swen lanati.
- Dlo a se yon lòt eleman ki endispansab ; se poutèt sa, nou dwe pran swen li. Nan fason sa, n'ap evite kontaminezon.

**REFLEKSYON**

Nan gwo sajès Bondye, li te kreye yon bèl linivè ki t'ap vin ban nou felisite. Li ta pral fè nou menm lèzòm byen kontan epi nan lajwa.

Tout sa ke Bondye te kreye se bagay ki bon nèt.

Se Bondye sèlman ki te kreye dlo a. Planèt nou an posede twa kap dlo, se poutèt sa a, li bezwen li.

An nou pran swen tout sa ke Bondye te kreye yo.

Ann priye Bondye pou dlo a, oksijèn nan, tè a ke li te kreye tou, tout sa yo se eleman ki endispansab pou lavi nou. Ann priye pou ti moun yo tou pou ke yo kapab santi yo rekonesan epi rekonèt Bondye kòm moun ki kreye tout bagay.

Finalman, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: BONDYÈ TE FÈ DLO A

SITASYON BIBLIK: Jenèz 1:6-8

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo dapre laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Montre ti moun yo yon sèk katon ki genyen 30 cm dyamèt (li te dwe deja pentire an koulè nwa epi lòt bò a dwe pentire an koulè ble syèl), epi poze yo kesyon sa a: kisa sa ye? (sa mande pou nou rete ap koute repons yo avèk anpil atansyon). Après sa, montre yo bò nwa sèk la epi mande ti moun yo pou yo di ansanm: "Tout bagay parèt nwa, epi Bondye te di, se pou limyè a fèt (menm kote a, montre pati ble syèl la". Après sa, mande ti moun yo pou yo di ansanm: "Tout bagay te parèt byen klè epi te genyen anpil dlo. Bondye genyen anpil bon konprann".

Ann Jwe. Ankouraje ti moun yo jwe yon dinamik. Pou sa kapab rive fèt, òganize de gwoup. Yon gwoup ap gen pou l reprezante gout dlo yo epi lòt gwoup la ap reprezante nyaj yo. Après sa, mande pou ke ti moun ki reprezante nyaj yo chita, epi après sa mande pou gwoup ki reprezante dlo a chita tou. Nan fason sa, y'ap fè sa yon premye fwa, epi après, gwoup yo pral fè entèchanje mouvman ke yo chak dwe fè a.






Ann Aprann. Fè ti moun yo konnen byen ke Bondye gen anpil bon konprann; paske li te separe dlo yo lè li te mete yo anba, epi syèl la anwo.

Aktivite. Ede ti moun yo kole algodón andedan desen nyaj yo. Après sa, se pou yo repase liy pweniyè yo, epi pentire desen yo.

Orevwa. Priye pandan n'ap chante yon kè chan "La pluie tombe-Gethsémanie-Album viens pour chanter" (chèche sou YouTube) epi di Bondye mèsi pou plizyè fason ke li eksprime lanmou li.



BONDYE TE FÈ DLO A



Enstriksyon yo

Kole algodón an andedan nyaj yo; repase liy pwenkiye yo pou fòme kouran yo; epi pentire desen a.

BONDYE TE FÈ
PLANT YO**Baz Biblik:**

Jenèz 1:11-13

**Objektif:**

Konprann ke Bondye te fè plant yo pou byen nou.

**Preparasyon Klas La:**

Monitè yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye pou tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe li epi byen reflechi sou sit biblik la.



ENTWODIKSYON

Ann fè yon ti poze pou nou reflechi sou sa: Tèm sa gen pou wè avèk twazyèm jou kreyasyon an. Bondye, nan gran lanmou ak mizèrikòd li, te prapare mond lan tèlman byen jouskask li te ba l fòm ki pi byen apwopriye kote ke kreyasyon li resevwa benediksyon ki pi gwo a pou genyen yon lavi ki ekilibre. Nou dwe gen anpil rekonesans.

Bondye te rasanble tout dlo yo pou fòme plizyè oseyan, lak ak anpil rivyè. Se la ke tè sèk la te parèt tou. Se tè sa ki bon pou lavi vejetal, animal ak lòm.

Nan Ezayi 41 :19-20, n'ap jwenn kote yo mansyone anpil plant ke Bondye te kreye, pazapa moun ap kontinye dekouvri bonte yo chak genyen ladan yo. Yo tout, oubyen prèske yo tout itil. Majorite nan yo genyen anpil valè nan satisfè bezwen lòm, pa egzanp, nou pral site kèk kalite plant selon itilite yo :

- Plant pou fè remèd yo
- Plant pou moun fè legim pou manje yo
- Plant endistriyèl yo
- Plant ki sèvi pou fè pafen, savon, dezodoran, elatriye
- "...se men Seyè a ki fè tout bagay sa yo, ...se Sen Izrayèl la ki kreye li..." (Ezayi 41:20).



REFLEKSYON

Plant yo enpòtan anpil epi endispansab tou. Yo pwodwi epi bay oksijèn pou respire, se sa ki fè ke nou pa kapab viv san yo.

Nan Jan 15 :1-2, Jezi anseye nou—a travè yon metafo—sou enpòtan plant yo pandan ke li te fè konparezon ak yon eleman nan kreyasyon li akòz de fidelite li avèk pipit li yo.

An nou priye pou di Bondye mèsi pou tout bèl bagay ke li te fè yo, espesyalman pou plant yo. Nou dwe priye pou ti moun yo tou, pou ke yo kapab rekonèt Bondye kòm Kreyatè yo.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: BONDYE TE FÈ PLANT YO

SITASYON BIBLIK: Jenèz 1:11-13

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo dapre laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Pote plizyè flè ki tou vèt montre ti moun yo nan klas la. Après sa, mande yo si yo te wè yon flè nan kèk okazyon; si yo genyen yon jaden flè lakay yo; epi si yo konnen plizyè pye bwa diferan. Li enpòtan anpil pou ke yo tout patisipe nan konvèsasyon sa, epi ou dwe koute yo avèk anpil atansyon.

Après sa, rakonte ti moun yo tou ke genyen flè ki gen plizyè koulè: rouj, jòn, ble, elatriye. Epi mande yo kisa ke Bondye te kreye après li te fin kreye dlo a... Si ti moun yo pa bay repons ki kòrèk la; ebyen di yo ke se te plant yo. Mete fen avèk sesyon sa a pandan w ap fè yo sonje ke vrèman, Bondye gen anpil bon konprann.

Ann Jwe. Pote kèk ti mato nan klas la avèk plizyè ti pye plant; epi bay chak ti moun yon po ki konn sèvi pou wouze pou yo kapab wouze chak ti pye plant. Answit, mande yo: kilès moun ki te kreye plant yo? Chante chan ki di "Semans ki nan vè ou yo" Tortuga Music (chèche sou YouTube).


Ann Aprann. Fè ti moun yo sonje ke Bondye genyen anpil bon konprann e li gen anpil lanmou; epi se Li menm ki te kreye tout plant yo, paske li renmen nou anpil.

Aktivite. Mande paran yo pou ke yo voye ti moun yo nan klas la avèk plizyè fèy bwa. Nan klas la, endike ti moun yo pou yo kole fèy bwa yo pote yo sou desen pye bwa a.

Orevwa. Priye pou di Bondye mèsi pou bèl travay sa yo epi pou bèl manje ke plant yo pwodwi.



BONDYE TE FÈ PLANT YO



Enstriksyon yo

Kole fèy ou te pote yo sou desen pye bwa a.

BONDYE TE FÈ SOLEY LA



Baz Biblik:

Jenèz 1:14-19



Objektif:

Konnen Solèy la, epi rekonèt ke se Bondye ki te fè li.



Preparasyon Klas La:

Monitè yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye pou tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe li epi byen reflechi sou sit biblik la ki nan Jenèz 1:14-19.



ENTWODIKSYON

Aprè sa, obsève sa avèk anpil atansyon:

Kisa lekti biblik la di nou ? ...Li di nou ke Bondye te kreye Solèy la, Lalin nan ak Zetwal yo pou rann nou alèz nan kreyasyon li a. Li te etabli nwit la ak jounen an tou, epi li te bay lòd pou ke solèy la te klere pou lajounen an epi pou Lalin nan klere nwit la. Se konsa, li te etabli plizyè sezon nan ane a.

Zetwal yo se plizyè milye nan galaksi a. Solèy la se yon gwo zetwal. Pou prezèvasyon lavi, li endispensab epi li ede la sante anpil. San li menm, pa t ap genyen ni chalè, ni limyè, sa vle di, tout bagay t'ap frèt; paske chalè ak fredri a se andedan solèy la yo sòti. Zetwal sa ki pote non Solèy la twouve li byen lwen tè a ; men reyon li yo rive jous kote ke nou ye a nan sèlman kèk minit.

Ala gran Bondye gran, li menm ki fè tout bèl bagay sa yo pou nou!



REFLEKSYON

Nou rekonèt Bondye kòm sèl Kreyatè nou, epi tout sa ki kreye yo pèmèt nou rekonèt ke Li se sèl Bondye. Se li menm ankò ki te wè tout bagay bon. Nou dwe trè rekonesan anvè Seyè nou an, menm jan avèk jwif yo ki te konn fè fèt pou di Bondye mèsi pou bon rekòlt yo. Eleman sa yo ki nan galaksi a ki rive reflète jouske la, yo itil nou pou ke nou kapab siyale jou a, nwit la, sezon yo, tan an, kidonk, kalandriye a. Nou dwe priye Seyè a pou gwo evènman ki pwodwi nan favè nou yo epi mande li sajès pou anseye ti moun yo gwo mèvèy sa yo.

Finalman, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: BONDYE TE FÈ SOLÈY LA

SITASYON BIBLIK: Jenèz 1:14-19

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-daprè kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Prezante kèk imaj solèy la (gwo ak piti), epi mande pi piti yo: "èske nou konnen imaj sa? Kòman li rele? (Kite ti moun yo eksprime yo) ...Se solèy la! Kilès moun ki fè solèy la? Kisa solèy la ban nou? Solèy la chofe nou, li fè ti plant yo grandi epi li anvlope tout sa ki vivan yo. Solèy la bay sante anpil. Li parèt byen bonè, epi nan nwit li kache. Tout sa ke Bondye te fè bon. Li genyen anpil bon konprann.

Ann Jwe. Mande ti moun yo pou yo fèmen je yo. Après sa, kòmanse rakonte yo: Tout kote te fè nwa epi Bondye te pale. Li te di konsa: "Se pou limyè a fèt", epi limyè a te rive. Après sa, mande yo pou yo ouvri je yo, epi kontinye avèk sa w t'ap rakonte yo a: "Tout kote vin klè nèt". Nou dwe sonje tou ke Bondye te etabli plizyè règ : solèy la pou mache lajounen epi lalin nan pou mache nan nwit, epi zetwal yo la pou klere nan syèl la.


Ann Aprann. Site yo pou ti moun yo sou fòm yon rezime, fè yon siyale ke Bondye gen anpil bon konprann epi li gen anpil lanmou. Se Li menm ki te kreye solèy la ak gwo pouvwa li.

Aktivite. Montre ti moun yo pou yo pentire desen solèy la. Après sa, ede yo kole solèy la nan yon bwa pou l'ap pandye (pwès).

Orevwa. Priye pou nou di Bondye mèsi pou solèy la k'ap chofe nou an.



BONDYE TE FÈ SOLÈY LA



Enstriksyon yo

Pentire desen solèy la ; epi kole li nan yon bwa pou l'ap pandye (pwès).

BONDYE TE FÈ
LALIN NAN**Baz Biblik:**

Jenèz 1:14-19

**Objektif:**

Konnen ke Bondye te kreye Lalin nan, li menm ki klere nou pandan lannwit.

**Preparasyon Klas La:**

Monitè yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye pou tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe li epi byen reflechi sou sit biblik ki site a.

**ENTWODIKSYON**

Aprè sa, fè yon ti panse sou bagay sa yo:

- Lalin nan, se yon bèl kado Bondye, se yon satelit Latè ke li ye.
- Lalin nan elaji vennsèt jou solèy, sèt èd tan, ak karann twa minit avèk san sèz segond pou l fè wonn syèl la. Tan sa rele Revolisyon Sideral.
- Revolisyon Sideral Lalin nan se tan ke pwodwi galaksi sa pran pou l retounen nan menm pozisyon relativ li pa rapò ak Solèy la ak Latè a. Tan revolisyon sinodik sa genyen andedan li vent nèf jou, douzè, karann kat segond, ak prèske twa segond.
- Pandan l'ap vire toutotou de Latè, Lalin nan kontinye ap resevwa limyè Solèy la, se sa ki fè ke nou wè plizyè pati ki limen nan nwit yo. Sa yo gen pou wè avèk Lalin nan.

**REFLEKSYON**

Daprè sous enfòmasyon yo avèk menm Pawòl Bondye a, genyen moun ki te konn adore solèy la, Lalin ak zetwal yo, olye pou yo adore Kreyatè a.

Petèt jounen jodi a, nan kèk pati nan mond lan, jiskaprezan genyen kèk moun ki genyen menm kwayans sa yo epi reyalize yon adorasyon ki enkòrèk.

Fòk nou di Bondye mèsi paske chak fwa pi plis, nou pran angajman pou nou sèvi li ak fè l plezi pou tout sa li fè nan lavi nou.

Ann priye Seyè a pou lavi nou, ann priye pou lavi ti moun yo tou, menm jan ak lavi paran yo; men nan yon fason ki espesyal, ann priye pou klas salon bèso a. Ann adore Seyè a paske li se Kreyatè nou!

Alafen, prepare materyèl la pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: BONDYE TE FÈ LALIN NAN

SITASYON BIBLIK: Jenèz 1:14-19

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo dapre laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Montre ti moun yo yon imaj kreyasyon an (nou kapab travay avèk ti moun yo yon fason ki pwogresiv nan devlopman klas pase yo). Après sa, plase imaj la nan mitan figi lalin nan epi gade li avèk anpil atansyon, yon fason pou ke ti moun yo kapab fè menm bagay la. Ou kapab mande: "Kisa n a' gade nan tablo a konsa?" ... (ret koute repons ti moun yo byen). Après sa, kontinye poze kesyon: "Èske nou konn wè Lalin nan?" Se nan nwit moun kapab wè lalin nan. Èske nou konn wè zetwal yo? Moun kapab wè zetwal yo tou pandan lannwit. Kilès moun ki te fè lalin nan? Kilès moun ki te fè zetwal yo? Se Bondye ki fè yo tout. Ala bon Bondye bon!"

Ann Jwe. Isit la, ou kapab kole oubyen konplete tout bagay ki nan kreyasyon yo soti depi nan premye jou a pou rive nan dènye sa w te wè a. Objektif la se pou w bay yon eksplikasyon pandan ke w'ap fè yon rapèl sou sa ki deja etidye yo. Nan sans sa a, ou kapab pale sou sa yo: Pou ki rezon Bondye te mete sa (touche imaj kreyasyon an)? Lè fini tou, nou kapab konprann ke si lalin nan sòti pandan lannwit, nou menm nou deja pral dòmi. Chante yon chan ki gen pou wè avèk lalin nan.

Answit, di ti moun yo ke nou pral dòmi (la amontre yo ke n'ap kouche nan yon kabann). Après sa, chante yon kantik louwanj epi fè yo konnen ke se konsa paran ak/ oubyen fanmi nou yo te konn chante pou nou pou nou te kapab dòmi.


Ann Aprann. Di ti moun yo ke Bondye gen anpil bon konprann epi li bon anpil. Li te kreye lalin nan avèk gwo pouvwa li.

Aktivite. Ede ti moun yo repase liy pwenntiye yo sou lalin nan. Après sa, se pou yo pentire li, epi mande yo pentire boul yo avèk yon koulè penti nwa, se yo menm ki reprezante karaktè lalin yo.

Orevwa. Priye pou di Bondye mèsi pou lalin nan, zetwal k'ap klere nou nan nwit la.



**BONDYE TE FÈ
LALIN NAN**



Enstriksyon yo

Repase liy pwenkiye yo; epi aprè sa, pentire. Alafen, avèk yon koulè nwa, pentire ti wonn piti yo.

BONDYE TE FÈ
PWASON YO**Baz Biblik:**

Jenèz 1:20-23

**Objektif:**

Konnen ke Bondye te kreye pwason yo.

**Preparasyon Klas La:**

Monitè yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye pou tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe li epi byen reflechi sou sit biblik la.

**ENTWODIKSYON****Aprè sa, fè yon ti panse sou bagay sa yo:**

Kisa lekti biblik la di nou?

Animal yo avèk tout sa ke Bondye te kreye yo toujou anba kontwòl li. Paske sèlman avèk pouvwa Pawòl li, li te fè gwo mons ak tout sa ki te egziste nan lanmè yo te egziste ak sèvi pou konplete ekoloji ak satisfè bezwen lèzòm.

Pou tout bèl bagay ke Bondye te fè, nou dwe rekonesan epi ofri li menm sèlman adorasyon.

Espès ke Bondye te kreye yo se plizyè kalite : gwo kantite pwason, mamifè yo, reptil yo, elatriye... Dènye sa yo akwatik ; sa vle di ke yo devlope lavi yo anba dlo epi yo santi yo byen asire la, e menm pou yo fè pitit. Yon lòt kote, pwason yo se ovipè ke yo ye, sa vle di se pa mwayen ze ke yo repwodwi.

**REFLEKSYON**

Jan ke Bondye fè kreyasyon an tèlman laj e bèl la se pou nou kapab jwi de li. Se poutèt sa, nou dwe rekonesan anvè tout sa ke li fè yo. Menm pou lanm lanmè yo k'ap montre y'ale vini lè y'ap fè kim pou adore Bondye epi konsa pote mesaj pou montre ke se Bondye ki Kreyatè a.

Ann priye Bondye avèk rekonesans pou tout sa ke li te fè; epi nou dwe rekonèt ke li se sèl Kreyatè nou. Se menm jan tou, ann priye pou lavi ti moun yo tou, menm jan ak lavi paran yo, pou ke nou kapab di Seyè a mèsi ansanm.

Alafen, prepare plizyè imaj pwason ak materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: BONDYE TE FÈ PWASON YO

SITASYON BIBLIK: Jenèz 1:20-23

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo dapre laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Chèche yon imaj kreyasyon an pou ti moun yo (nou kapab kòmanse travay imaj sa depi nan klas pase yo). Après sa, n'ap montre yo foto plizyè gwo pwason ak ti pwason pentire; sa vle di ke yo dwe genyen koulè ki parèt byen klè. Après sa, mande yo: "Ki koulè yo genyen?, èske yo gen menm gwosè?, Kilès moun ki te kreye pwason yo?, Ki kote yo viv?, Kisa yo konn manje?, Kòman yo naje?"

Metè fen pandan w'ap fè ti moun yo sonje kijan Bondye bon epi tout sa li fè se bèl bagay.

Ann Jwe. Kòmanse sesyon sa pandan w'ap kole oubyen konplete tout bagay ki nan kreyasyon yo soti depi nan premye jou a pou rive nan dènye sa w te wè a. Konsa, w'ap kapab kontinye eksplike epi/oubyen pale avèk ti moun yo konsènan bagay sa yo. Nan sans sa a, nou montre solèy la, Lalin nan, zetwal yo, pye bwa yo, flè yo, dlo a, pwason yo; epi nou dwe fè yo wè ke genyen anpil animal nan dlo ki se plizyè kalite ak plizyè koulè ak gwosè pou yo kapab naje nan dlo yo.



Ann Aprann. Fè ti moun yo konnen ke Bondye bon anpil, epi tout sa li fè bon nèt.

Aktivite. Endike ti moun yo pou yo repase liy pwentiye yo. Après sa, ede yo pentire pwason yo izòp.

Orevwa. Priye pou di Bondye mèsi pou moman nou te pase ansanm yo epi aprann plis bagay de Li.



**BONDYE TE FÈ
PWASON YO**



Enstriksyon yo

Repase liy pwentiye yo ki se lanm lanmè yo; aprè sa avèk izòp, pentire pwason yo.

BONDYE TE FÈ
ZWAZO YO**Baz Biblik:**

Jenèz 1:20-23

**Objektif:**

Konnen ke Bondye te fè zwazo yo epi rekonesan anvè sa.

**Preparasyon Klas La:**

Monitè yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye pou tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe li epi byen reflechi sou sit biblik la ki te déjà mansyone a.

**ENTWODIKSYON****Aprè sa ki avan an, obsève epi fè yon ti panse sou bagay sa yo:**

Kisa Bondye te kreye sou senkyèm jou a ?

Selon sa ki ekri nan Bib la, Bondye te bay lòd pou ke dlo yo pwodwi anpil bèt vivan ak zwazo ki pou vole sou latè epi ki pou vole nan syèl la.

Se Bondye ki te kreye tout bèt k'ap viv nan lanmè yo, depi sou pi gwo mons yo, pou rive sou bèt ki pi piti k'ap naje nan dlo yo.

Zwazo yo tou, ki se yon bann bèt vivan ki gen zèl ak ovipè yo, se Bondye ki te kreye yo avèk kondisyon apwopriye pou yo repwodwi pou satisfè koze manje lèzòm.

Bondye pran swen zwazo yo epi pwoteje lavi ti bèt san defans sa yo.

Genyen plizyè milye kalite espès zwazo nan mond lan.

Nan epòk inondasyon an, Noye te voye yon kòbo al wè si dlo yo te gentan seche (Jenèz 8:7).

**REFLEKSYON**

- Bondye, ki se Kreyatè nou an, li saj epi li bon nèt.
- Nou dwe di Seyè a mèsi pou tout bagay, epi nou dwe byen sèvi ak animal yo ; yo reprezante grandè ak kreyasyon Bondye a.

Priye Bondye pou bèl moman sa nou te pase ap medite nan Pawòl li osijè de sa li te kreye yo. Nou pa dwe bliye priye pou ti moun yo ak paran yo tou.

Alafen, prepare yon ti zwazo an katon ak de ti ze avèk papyè blan.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: BONDYE TE FÈ PWASON YO

SITASYON BIBLIK: Jenèz 1:20-23

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Montre ti zwazo a avèk de ti ze yo, oubyen imaj yon poul k'ap ponn ze li yo (nou konseye w fè dinamik pou montre pou l la k'ap ponn ze l yo vre) pou ke ti moun yo kapab fè l tou. Aprè sa, di ti moun yo ke poul la chofe ze li yo chak jou e chak nan nwit...jouskaske ti poul ki andedan li a fin fòme konplètman epi li kòmanse bay ti kout bèk, epi moun kapab menm tande tòk-tòk la. Aprè sa, ti poul la ap rive sòti andedan ze a. Nan pati sa nou konseye nou montre yon imaj kote yon ti poul t'ap fèt, epi mande ti moun yo pou yo gade. Montre yo bèk ti poul la; aprè sa, eksplike ak anseye yo kòman tèt la sòti, kò ak ke a. Se Bondye ki te kreye ti zwazo yo.

Ann Jwe. Kole plizyè imaj zwazo nan fon kreyasyon an epi mande yo kisa sa yo ye... Reyafime repons ti moun yo ba ou sou kisa zwazo yo ye, epi di yo ke bèt sa yo genyen bèk, zèl ak plim.

Fè yo konnen tou ke genyen gwo ak ti zwazo, epi yo dwe konnen ke zwazo yo konn chante ak vole tou. Nan moman sa, nou konseye w mande ti moun yo, "kòman zwazo yo vole?" Fè yo konpliman pou repons yo epi endike yo ke y'ap genyen pou yo vole ansanm menm jan avèk zwazo yo, nan antouraj sal klas la; pou yo kapab fè sa, y'ap fè mouvman ak ti bra yo fè kòm si se zèl, menm jan tou y'ap gen pou yo chante "Ti zwazo" de Manuel Bonilla (chèche sou Youtube).

Ann Aprann. Fè ti moun yo konnen ke se Bondye ki te kreye tout zwazo yo, soti nan pi gwo pou rive nan sa ki pi piti yo. Envite yo pou ke yo tout di ansanm: "Ala Bondye bon!"

Aktivite. Nan fèy aplikasyon an endike yo ke yo dwe kole plim yo nan kò ti zwazo yo.

Orevwa. Priye pou di Bondye mèsi; paske li te ban nou animal menm jan avèk ti zwazo sa yo.



**BONDYE TE FÈ
PWASON YO**



Enstriksyon yo

Kole plim yo nan kò ti zwazo a.

BONDYE TE FÈ
BÈT YO**Baz Biblik:**

Jenèz 1:24-25

**Objektif:**

Konnen ke Bondye te fè animal yo pou konpany ak benefis moun k'ap viv sou late.

**Preparasyon Klas La:**

Monitè yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye pou tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe li epi byen reflechi sou sit biblik la ki se Jenèz 1:24-25.



ENTWODIKSYON

Aprè sa ki avan an, obsève epi fè yon ti panse sou bagay sa yo :

Kisa pòsyon biblik la di nou?

Li di nou ke se Bondye ki te kreye animal tout espès yo.

Konbyen kalite animal ki egziste nan tout mond lan ?

Genyen yon kantite animal nan mond lan ke moun pa kapab konte.

Ki kalite animal ke vèsè Jenèz 1:24-25 lan detaye ban nou ?

Animal yo se yon bann èt vivan ki kapab santi epi yo fè mouvman poukont yo. Anplis de sa, se Bondye ki te kreye yo avèk pouvwa Pawòl li epi yo anba kontwòl li. Bib la ban nou non plizyè animal, menm jan avèk itilite yo nan favè lèzòm ak lanati a.

Pandan pwen sa fini, nou mande pou ou òganize yon jwèt avèk gwoup monitè/monitris yo pandan w'ap site non youn nan animal ki nan Bib la. Dinamik sa kapab pou animal ki genyen kò yo kouvri avèk plim, menm si yo kapab varye li nan pran lòt karakteristik oubyen varyete kòm pwason yo (sèlman sa ki genyen kal yo).

Après a, kòmante sou kijan yo kominike antre yo, kòman yo deplase, kote y'ap viv epi nan ki klima yo sòti.



REFLEKSYON

Tout sa Bondye te fè yo se bagay ki bon nèt.

Wayòm animal la bèl e laj anpil. Konsa, chak animal evolye nan sik vital li kòrèkteman menm jan sa fèt nan ka fi avèk gason.

Nou dwe renmen ak respekte animal yo.

Priye pou di Bondye mèsi pou bèl travay li lè nou fè referans ak animal yo, epi priye pou ti moun nou yo, yon fason pou ke yo kapab motive nan pran swen mond animal yo.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: BONDYE TE FÈ BÈT YO

SITASYON BIBLIK: Jenèz 1:24-25

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo dapre laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Montre foto yon ti fi ki rele Lily ki akonpanye avèk ti chyen li a, epi rakonte ti moun yo ti koze sa a: "Nou gade, men Lily. Yo te fè l kado yon ti chyen, epi akoz de sa, li te kontan anpil. Se ti chyen sa ke li te toujou vle genyen. Ti chyen an di konsa: 'Gwa w, gwa w, gwa w' ti fi a pete kouri; epi lè Lily vire gade l, ti chyen an souke ti ke li".

Après sa, di ti moun yo ke nou pral ede Lily chwazi yon non pou ti chyen l lan (ankouraje pou yo tout patisipe).

Après sa, ajoute: "Ki lòt animal nou konnen?... (ankouraje pou yo tout patisipe). Genyen plizye kalite animal, epi nou dwe sonje ke nou dwe pran swen yo epi nou pa dwe maltrete yo. Se Bondye ki te kreye yo epi tout sa ke Bondye te kreye yo bon nèt".

Ann Jwe. Kole foto plizyè kalite animal diferan epi di yo pou yo byen gade si genyen kèk nan yo ki gen plim sou kò yo. Plizyè lòt kouvri ak ti pwal. Anpil lòt genyen kat pat; anpil lòt genyen de pat. Genyen anpil ki la pou sèvi nan vil epi gen lòt ki la pou bay sèvis yo andeyò.

Après sa, montre yo pou yo imite kri kèk animal ke nou konnen.



Ann Aprann. Fè ti moun piti yo sonje ke se Bondye ki te kreye tout animal yo epi nou tout dwe pran swen yo. Envite pou yo tout di ansanm : "Ala Bondye bon !"

Aktivite. Mande paran yo pou yo voye ti moun yo nan klas la avèk foto bèt yo gen nan kay la (si yo genyen) oubyen voye imaj animal ke pitit yo a renmen an.

Orevwa. Priye pou di Bondye mèsi pou bèl animal sa yo li te kreye.



BONDYE TE FÈ BÈT YO



Enstriksyon yo

Kole foto animal ou a oubyen animal ke ou renmen an andedan ankadreman an; epi pentire animal ki anba yo.

BONDYE TE FÈ LÒM

**Baz Biblik:**

Jenèz 1:26-28

**Objektif:**

Konnen ke Bondye te fè moun selon imaj ak resanblans li.

**Preparasyon Klas La:**

Monitè yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye pou tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe li epi byen reflechi sou sit biblik la ki déjà site a.



ENTWODIKSYON

Aprè sa ki avan an, fè yon ti panse sou bagay sa yo:

Kisa pòsyon biblik sa di nou?

Kòman lòm te kreye ?

Pou kisa Bondye te di bagay sa: "Ann fè lòm sanble avèk nou e selon resanblans nou ?

Bondye te kreye mond lan ak tout sa ki ladan li pa mwayen gwo lanmou li. San dout, lòm te fè pati tout bagay sa yo tou, li menm ke Bondye te kreye daprè imaj ak resanblans li pou glwa non li, epi tout sa ki nan mond lan se pou lèzòm.

Nan Travay 17:24-25, nou wè ka Bondye bay lòm entelijans, sansiblite, kreyativite ak kapasite pou ke li kapab pale avèk Li.



REFLEKSYON

Nou dwe di Bondye mèsi pou tout sa li bay. Nou dwe rekonesan anvè lanmou, sipò li, epi travay pou nou genyen yon relasyon entim avèk Bondye.

Anplis de sa, nou dwe fè efò pou nou amelyore tout konpatiman nan lavi nou yo.

Ann priye pou nou di Bondye mèsi ; paske nou enpòtan pou Li epi ak pou fason ke li te kreye nou an. Nou dwe sonje priye pou ti moun yo tou, yon fason pou ke yo kapab aprann di Bondye mèsi depi byen bonè nan lavi yo.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: BONDYE TE FÈ LÒM

SITASYON BIBLIK: Jenèz 1:26-28

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Nan sesyon sa a, poze ti moun yo kesyon sa yo avèk anpil dinamis. "Èske nou tout vini avèk men nou? Èske nou tout vini avèk pye nou? Èske nou vini avèk tèt nou? ... (rete tann anpil repons ke ti moun piti yo gen pou ba ou, après sa, kontinye). Se trè byen! Sa vle di, nou tout ki la vini avèk men, pye, tèt... Se trè byen ! Ebyen, nou youn kapab fè mouvman, pandan n'ap chante ti chan ki gen pou wè avèk 'Tèt, zèpòl, jenou, pye' de HeyKids.es (chèche sou YouTube)".

Answit, siyale epi site plizyè pati diferan nan kò a epi—avèk èd ti moun yo—mansyone kisa chak pati sa yo itil. Ajoute ke Bondye kontan anpil dèske li te kreye tout bagay, espesyalman lòm Kòm li te déjà kreye tout bagay ; men zèv li a pat ko fini nèt jouskaske li te vin kreye lòm ki pou pran swen tout sa ke li te déjà kreye yo.

Ann Jwe. Kole imaj yon nonm nan fon kreyasyon an epi di yo konsa : "Bondye te kreye nonm nan epi li ba l non Adan, epi li te ba l responsablite pou l pran swen kreyasyon an. Li te ba l de men pou l te kapab pran bagay yo ; de zye pou l te kapab wè ; bouch pou l te kapab manje ak pale, zòrèy pou l te kapab koute ; nen pou l te kapab pran sant ; epi de pye pou l te kapab kouri ak sote tout kote.

Ann Aprann. Site pou ti moun yo ke Bondye te fè lòm nan bon nèt paske tout sa li fè yo se bagay ki bon nèt.

Aktivite. Ede ti moun yo pou yo konplete, vizaj Adan ki nan desen an. Après sa, montre yo pou yo kole ajil modèl nan nan kò Adan.

Orevwa. Priye epi voye ti moun yo ale pandan w'ap fè yo sonje ke yo dwe rekonesan anvè Bondye; paske se Li menm ki te kreye tout moun epi li renmen yo tout. Sa vle di, se li menm ki te kreye nou tout k'ap viv nan mond lan.



BONDYE TE FÈ LÒM



Enstriksyon yo

Trase vizaj Adan; epi kole ajil modèl nan nan kò li.



BONDYE TE FÈ FANM NAN



Baz Biblik:

Jenèz 2:18-25



Preparasyon Klas La:

Monitè yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye pou tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe li epi byen reflechi sou sit biblik la ki déjà site a.



Objektif:

Konnen ke Bondye te fè fanm nan sòti nan yon pati ki enpòtan nan kò nonm nan.



ENTWODIKSYON

Aprè sa ki avan an, obsève epi fè yon ti panse sou bagay sa yo :

Kisa Jenèz 2:18 di nou?

Bondye pot ko fini avèk travay li a, paske nonm nan pat kapab rete pou kont li.

Bondye pa kreye anyen ki mal, okontrè : "Li te fè tout bagay bèl" e se poutèt sa ke li te kontan anpil.

Se poutèt sa, nan vèsè 21-23, Bondye te kreye yon fanm, paske tou de sèks sa yo te bezwen youn lòt, e se pou sa youn te chèche lòt. Se konsa nou sek e, fse fanm nan ki fin fè gason an konplè.

Bib la di nou ke nonm nan premyeman te resevwa lòd nan men Bondye pou l te travay latè. Nan moman sa, nonm nan te tousèl ; men aprè yon tan, Bondye te kreye yon fanm pou li.



REFLEKSYON

Ni fanm nan, ni nonm nan, yo tout te kreye pa mwayen imaj ak resanblans Bondye. Konpleman ke Adan te gen bezwen an se te fanm nan, men se pat yon gason. Epi se yon gwo benediksyon pou yon fanm yo jwenn yon bon madanm (Pwovèb 18:22).

Mande monitè yo pou yo priye Seyè a pou gwo benediksyon ke li ban nou dèske Li te kreye nou dapre imaj ak resanblans li ; epi mande Bondye pou ke li ede nou tout vin pi bon chak jou pou nou sèvi li ak elèv nou yo.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: BONDYE TE FÈ FANM NAN

SITASYON BIBLIK: Jenèz 2:18-25

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo dapre laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Montre ti moun yo imaj kreyasyon an epi fè yon ti pale sou bagay sa yo: Èske nou sonje tout bagay Bondye te fè yo?... (rete tann entèvansyon yo, epi après sa, kontinye).

Li te kreye pye bwa yo, flè yo, fwi yo, solèy la, lalin nan, zetwal yo, animal yo, nonm nan... Epi kisa ankò li te fè (rete tan repons ti moun yo). Li te fè fanm nan tou ; men li te pran zo kòt nan kò Adan pou l te fè l epi li te rele l Èv (nan moman sa a, kole imaj èv nan fon kreyasyon an bò kote Adan). Bay fanm nan men, pye, tèt, ren, kè tou, elatriye. ; epi tout bagay avèk yon fonksyon diferan. Epi lè li te fin kreye li, Li te mete l bò kote Adan; epi lè Adan te wè li, li te kontan anpil".

Ann Jwe. Fè yon wonn ansanm ak tout ti moun yo, epi mande yo pou yo sekwe kò yo epi pou yo touche plizyè pati diferan nan kò yo pandan y'ap site non chak pati sa yo. Après sa, chak monitè oubyen monitris dwe fè menm bagay la, epi ankouraje ti moun yo di l ki pati sa ye. Après sa, fè yo chante "Obeyi manman w, obeyi papa w" de Biper ak papi Jan (chèche sou Youtube).


Ann Aprann. Fè ti moun yo konprann ke tout sa Bondye te fè yo bon epi byen itil.

Aktivite. Nan fèy aplikasyon an, eksplike ti moun piti yo ke yo dwe pentire desen an ; answit, kole fil la nan cheve ti fi a(fanm nan).

Orevwa. Priye pou di Bondye mèsi dèske li te kreye fanm nan; epi mande li pou l pèmèt ke chak ti moun kapab obeyisan anvè manman yo.



BONDYE TE FÈ FANM NAN



Enstriksyon yo

Pentire desen an epi kole fil la nan cheve ti fi a (fanm nan).

MESI BONDYE POU MANMAN M AK PAPA M



Baz Biblik:

Egzòd 20:12



Objektif:

Konnen ke Bondye te fè manman ak papa, epi di l mèsì pou yo.



Preparasyon Klas La:

Monitè yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye pou tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe li epi byen reflechi sou sit biblik la.



ENTWODIKSYON

Malgre tout istwa familial ki byen tris, ak jan sa ki pi gran yo te konn mal konpòte yo fas avèk ti moun yo; li enpòtan pou nou pale ak ti moun nou yo sou enpòtans ki genyen pou obeyi paran yo. Wòl nou kòm monitè/monitris se anseye inite familyal nan jan sa gen pou wè avèk Pawòl Bondye a, pandan n'ap fè baz la sou kòmandman ki sòti nan Bondye pou respekte paran yo depi tou piti. Li posib pou ke genyen anpil nan ti moun nou yo ki tande koze sa sèlman nan legliz la. Prepare nou pou nou kapab byen anseye tèm sa ki tèlman enpòtan ; men san ke nou pa sispenn konsidere posiblite ki genyen pou ke genyen nan ti moun nou yo ki sòti nan yon sitiyasyon kote yo konn toujou ap ofanse, abandone pa mwayen kèk pi gran, oubyen plizyè lòt ka ki kapab byen tris. Priye pou mande Bondye disèneman ak sajès pou nou kapab pataje lanmou Bondye a avèk ti moun sa yo ki sou responsablite nou.



REFLEKSYON

Ala enpòtan nou tout enpòtan pou Bondye ! Ni fanm ni gason.

Pou Seyè a, pa gen asepsyon de pèsòn. Nou tout espesyal e nou gen anpil vale pou Li.

Bondye pran swen lavi nou epi li ede nou santi nou alèz nan yon lyen matrimonyal.

Konsa, depi nan kòmansman li beni maryaj nou si nou kite volonte li gide nou.

Moun ki marye yo dwe renmen youn lòt. Madanm nan dwe montre "respè" epi mari a dwe montre "lanmou" anvè madanm li.

Priye pou di Bondye mèsì pou sèks nou, epi priye tou pou sèks ti moun yo pou ke yo kapab devlope avèk bon sante epi andedan mak sentete.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: MESI BONDYE POU MANMAN M AK PAPA M

SITASYON BIBLIK: Egzòd 20:12

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-daprè kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriyè epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Montre ti moun yo plizyè foto oubyen imaj plizyè fanmi diferan (nou kapab koupe yo nan papye jounal, magazin, elatriye.). Aprè sa, mande yo pou yo siyale papa a, manman an, pitit yo ak lòt fanmi yo si genyen. Nan moman sa, mande: "Pou kisa nou genyen yon fanmi?, Kisa gran moun yo fè pou nou?... (bay yo tan pou yo eksprime lide yo, aprè sa, kontinye). Yo pran swen nou, yo ban nou manje, yo achte rad pou nou mete sou nou, etc. E tou sa bèl paske nou kapab jwe avèk frè nou yo, ak paran nou yo epi nou kapab li Bib la an fanmi. Yo toujou la pou ede nou. Nou di Bondye mèsi pou papa ak manman nou. Se Seyè a ki te kreye yo, paske li te konnen yo enpòtan pou lavi nou". Ajoute sou sa ki te di avan an: "Ebyen, kilès moun ki fè nou kado fanmi nou? Nou konnen ke Bondye renmen nou anpil akòz de benediksyon sa ke li ban nou an".

Ann Jwe. Nou dwe itilize plizyè foto oubyen imaj plizyè fanmi ke nou te deja reyalize nan plizyè jwèt ki gen pou wè avèk fanmi an. Pa egzanp: kòk, poul, ti poul, papa, manman, bebe, etc.

Nou kapab fè jwèt la avèk twa ti moun a lafwa. Alafen, nou konseye nou chante "Obeyi manman w, obeyi papa w" de Biper ak papi Jan (chèche sou Youtube).

Ann Aprann. Fè ti moun yo konnen ke fanmi an se yon bèl kado ke Bondye ban nou.

Aktivite. Ede ti moun yo antoure imaj manman ak papa. Aprè sa, mande yo pou ke yo pentire tout desen yo.

Orevwa. Fè ti moun yo konnen ke nou dwe sonje ke Adan avèk Èv se te premye moun ke Bondye te kreye. Priye pou nou di Seyè a mèsi pou obeyisans ti moun yo anvè paran yo.

MESI BONDYE POU
MANMAN M AK PAPA M

Toujou Ansanm



Enstriksyon yo

Antoure vizaj papa ak manman; epi answit, pentire tout desen an.



MÈSI BONDYE POU KOULÈ YO

**Baz Biblik:**

Jenèz 1:31;
Eklezyas 3:11-12

**Objektif:**

Konnen ke Bondye tout sa ke Bondye te kreye gen koulè epi Li ban nou kapasite pou nou kapab wè bagay yo avèk koulè reyèl.

**Preparasyon Klas La:**

Monitè yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye pou tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe li epi byen reflechi sou sit biblik ki déjà site a.



ENTWODIKSYON

Aprè sa, obsève epi medite sou lekti biblik la.

Kisa ke Bondye te fè?

Bondye bay kreyasyon li an yon bèl koulè. Chak bagay genyen yon koulè espesifik: syèl la, lanmè a, solèy la, plant yo, flè yo, fwi yo, animal yo, etc. Nou menm lèzòm, kòm pitit ki beni, nou kapab wè chak bagay avèk yon koulè orijinal. Kòman sa t ap ye si nou te wè tout bagay parèt ak yon koulè blan oubyen nwa? Kòman nou t'ap santi nou? E si mond lan pa ta gen koulè?

Bondye te fè tout bagay konfòm ak nesite mond lan. Sa a se bèl koulè ak son ke chak bagay ban nou. Bondye te kreye lakansyèl la ki genyen menm sèt koulè, ki te siyal yon pwomès ke li te fè kreyasyon l lan pou l pat tounen voye lòt inondasyon ankò ; men tou li reprezante pou nou koulè natirèl la ak tout bèl bagay ke Bondye kapab fè.



REFLEKSYON

Bondye te kreye tout bagay trè byen, you tout se bagay ki natirèl yo ye.

Ala bèl koulè yo bèl!

Koulè primè yo ak koulè nwa e blan yo ban nou opsyon pou nou genyen yon bèl jèb flè ki gen plizyè koulè.

Ki eleman oubyen objè ki genyen koulè wouj? Pòm nan, tomat la, frèz la, etc.

Ki eleman oubyen objè ki gen koulè jòn? Bannann nan, mango a, solèy la, etc.

Kilès objè sa yo ki gen koulè ble? Syèl la, lanmè a, rivyè a, etc.

Ann priye pou nou mande Seyè a pou ke li pèmèt nou pèsevwa bagay yo, konpòtman, kondwit yo jan yo reyèl la e konsa n'ap kapab ede ti moun nou yo ak paran yo.

Alafen, prepare materyèl pou klas la, epi fè echantiyon leson an.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: MESI BONDYE POU KOULÈ YO

SITASYON BIBLIKS: Jenèz 1:31; Eklezyas 3:11-12

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-daprè kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Fè ti moun yo tandè ke Bondye te fè syèl la, latè a, solèy la, lalin nan, zetwal yo, animal yo, pwason yo, plant yo, nonm nan, fanm nan; epi li te bay chak bagay sa yo pwòp koulè pa yo. Sa vle di ke li bay yo yon koulè natirèl. Epi nou menm, Seyè a ban nou benediksyon pou ke nou kapab wè epi byen distenge bagay yo nan fòm natirèl yo, avèk koulè ke li menm sèlman kapab fè: wouj, ble, vèt, jòn, etc.

Nan moman sa nan klas la, nou konseye nou sòti kite sal klas la avèk ti moun yo pou al bay yon bwèt nan lakou a nan antouraj tanp lan oubyen kote reyinyon an ap fèt la. Sa ki enpòtan se pou yo kapab obsève lanati a, epi antre nan kontak avèk li epi obsève ki kalite koulè ke yo tout genyen.

Après bwèt la, toujou ankouraje yo di Bondye mèsi pou tout bagay.

Ann Jwe. Chwazi plizyè kalite objè diferan. Di ti moun yo ke yo kapab manipile objè sa yo epi chwazi yo daprè koulè yo di yo a. Pa egzanp : "Leve fich ki gen koulè wouj la (bay yo tan pou ke yo kapab rive egzekite endikasyon ki bay la)". Jwèt sa la pou ede ti moun yo kapab abitye avèk koulè yo epi yo kapab rekonèt yo byen fasil, espesyalman koulè de baz yo.


Ann Aprann. Fè ti moun yo sonje ke se Bondye ki te kreye koulè yo, li menm ki ban nou benediksyon pou nou pitit li.

Aktivite. Chèche ajil modèl vèt bay ti moun yo, bay lòt koulè toujou tankou wouj ak jòn pou ke yo kole yo nan lakansyèl la. Après sa, endike yo pou yo kole ajil modèl ble a nan nyaj yo.

Orevwa. Priye pou di Bondye mèsi; paske se Li menm ki te kreye lakansyèl la epi konsa, li fè nou sonje kòman li renmen nou epi l'ap pran swen nou.



MÈSI BONDYE POU KOULÈ YO



Enstriksyon yo

Kole ajil modèl vèt, wouj ak jòn nan andedan lakansyèl la; epi kole ajil modèl ble a andedan nyaj yo.

**BONDYE M NAN FÈ
TOUT BAGAY BYEN BÈL****Baz Biblik:**

Sòm 145:1-10

**Objektif:**

Konnen ke Bondye tout sa ke Bondye te kreye se bèl bagay epi yo genyen anpil valè.

**Preparasyon Klas La:**

Monitè yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye pou tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe li epi byen reflechi sou sit biblik ki déjà site a.

**ENTWODIKSYON**

Aprè sa, medite sou lekti biblik la.

Kisa ke Bondye te fè?

Salmis la te eksprime sa l te santi nan fon kè li.

Nou kapab rann nou kont ke pa gen anyen ki kapab pase anba chal oubyen endiferan de sa ke Bondye te kreye.

Ala bèl tout bagay nou wè ak je nou yo bèl !...Objè ke Bondye kreye yo, bagay sa yo ki kapab transfòme lanati a, sajès ke Bondye bay lòm, ak bonè ke li ban nou lè ke nou mete tout konfyans nou nan Kreyatè a.

Nan Kolosyen 1:16-17, apot Pòl te revele ke Kris la-Premye Pitit Bondye ki te vin bay mond lan lapè a-li te akonpli avèk kòmandman Papa ki nan syèl la, pandan ke li te patisipe nan kreyasyon mond lan; paske se li menm ki te kreye tout bagay. Si kounye a genyen anpil bagay mal k'ap pase nan mond sa oubyen bagay ki kapab deranje moun, men nan tout bagay, nou sèten ke repozwa nou se Seyè a Bondye nou an, epi Kris la se tèt legliz la.

**REFLEKSYON**

- Bondye se yon Bondye ki absoli, e non relativ.
- Li te kreye tout bagay byen bèl epi mèveye.
- Bondye pa gen kòmansman ak fen.
- Jezi ki se Kris la se Pitit Bondye.
- Sentespri a se li menm ki gide nou epi se li menm ki Konsolatè lavi nou.

Ann priye pou bèl moman preparasyon ak angajman sa pou nou fòme favè Bondye nan lavi ti moun yo.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: BONDYE M NAN FÈ TOUT BAGAY BYEN BÈL

SITASYON BIBLIK: Sòm 145:1-10

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-daprè kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriyè epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Sou fòm rezime de tout sa ke nou te déjà etidye anlè a, fè ti moun yo sonje ke se Bondye ki te kreye tout bagay epi n'ap site yo, n'ap touche epi mansyone yo chak pa mwayen yon gwo foto epi ki an koulè (se travay ki te fèt deja nan klas ki pase a si nou deside fè l konsa, si nou vle, nou kapab prepare lòt pou klas sa). Konsa, fè yo konnen ke an mezi ke w'ap touche yo, yo menm yo dwe site non chak sa ke w touche. Pa egzanp: syèl la, solèy la, lalin nan, zetwal yo, animal yo, pwason yo, plant yo, nonm nan, fanm nan, etc. Fòk nou eseye ankouraje pou ke tout ti moun yo patisipe avèk pwòp langaj yo. Alafen, di Bondye mèsi pou tout bagay.

Ann Jwe. Sòti avèk tout ti moun yo nan espas la oubyen –antouka—aranje sal klas la. Trase yon liy pou w montre ke sa se "dlo" a epi lòt liy lan ap reprezante "tè" a. Aprè sa, plase ti moun yo nan yon bò liy ki trase yo. Di yo ke lè w ba yo yon kout siyal, yo dwe fè yon ti sote ak ti pye yo ansanm. Ebyen, w'ap di: "dlo", "tè"; epi yo tout dwe vole ak anpil atansyon, pandan n'ap bat bravo epi di Bondye mèsi pou tout bèl bagay ke li kreye yo.

Ann Aprann. Fè ti moun yo konnen ke Bondye ban nou tout sa ki bon nèt yo e sa ki pi bèl yo tou; paske li te kreye tout bagay sa yo avèk lanmou li.

Aktivite. Nan fèy aplikasyon yo, mande ti moun yo pou yo antoure sa yo plis renmen nan kreyasyon Bondye a; epi endike yo pou yo pentire tout imaj la.

Orevwa. Priye pou di Bondye mèsi pou bèl moman nou te pase ansanm ap aprann de Li.



**BONDYE M NAN FÈ
TOUT BAGAY BYEN BÈL**

Mandy Groce '10



ministry-to-children.com

Enstriksyon yo

Antoure sa ke ou plis renmen nan kreyasyon Bondye a; epi pentire tout desen an.

INITE

2

KONNEN AK JWI TOUT BAGAY KE BONDYE TE KREYE YO

SEMÈN 1:	JOU AVEK NWIT LA
SEMÈN 2:	BONDYE TE FÈ YON BEL JADEN NAN EDEN
SEMÈN 3:	KI ITILITE LIMYE A?
SEMÈN 4:	TI LIMYE MWEN AN PRAL KLERE
SEMÈN 5:	NOU GEN DLO NAN MOND LAN
SEMÈN 6:	MWEN SE RIVYÈ DLO VIVAN AN
SEMÈN 7:	SOLÈY LA KLERE NAN LAJOUNEN
SEMÈN 8:	LALIN NAN KLERE NAN NWIT
SEMÈN 9:	BÈL PWASON KE BONDYE TE KREYE YO
SEMÈN 10:	TI ZWAZO YO CHANTE POU BONDYE
SEMÈN 11:	ANIMAL YO ENPÒTAN ANPIL
SEMÈN 12:	SE NAN BONDYE TI MOUN YO SÒTI
SEMÈN 13:	KOMAN FANMI MWEN YE?

**Baz Biblik:**

Jenèz 1:3-5

**Objektif:**

Konnen jou avèk nwit la, epi di Bondye mèsi pou tout bèl bagay sa yo.

**Preparasyon Klas La:**

Monitè yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la.

**ENTWODIKSYON**

Pase yon bon ti tan ap reflechi sou lekti biblik ki deja site anlè a.

Bondye te kreye mond lan avèk yon objektif byen sen epi espesyal pou nou chak. Nan Jenèz chapit 1, nou jwenn nan de premye vèsè yo kijan latè te an dezòd epi avid. Men pwisans Pawòl Kreyatè a te fè ke men tè a, ak tout fimaman an, te obeyi epi pran plas yo te dwe pran an.

Salmis la di pawòl sa yo: "Paske, li pale, bagay la rive. Li bay lòd, tout bagay fèt" (Sòm 33:9). Poutèt sa, nou remake ke Bondye te rele fè nwa "Nwit" epi li te rele limyè a "Jou". Bondye te gade, li wè ke limyè a te bon, li te separe limyè a avèk tenèb la, nan sans sa a, jou a avèk nwit la te vin tounen de peryòd de tan pou itilize yo nan kèk aktivite enpòtan. Se konsa pa egzanp, la jounen an pou travay, mache ak antre nan kontak avèk sosyete a, epi fè fas kare avèk tan an ak plis efò. Epi nan nwit la se pou moun repoze atravè somèy.

**REFLEKSYON**

Bondye konnen nesosite nou yo depi nan kòmansman epi li te gentan konnen nan ki fason tout bagay kapab ale byen pou nou. Se poutèt sa, lajounen avèk lan nwit la yo itil epi nesèsè pou nou. Se konsa tou, nou jwenn lapè espirityèl la nan Kris la, paske Li se limyè mond lan (Jan 8 :12) ; se pou rezon sa a, nou menm ki se pitit Bondye—nou dwe sèvi kòm limyè nan mitan tenèb peche a.

Ann priye pou bèl moman sa, pou ti moun yo ak paran yo ; yon fason pou ke yo tout remèt lavi yo bay Kris la e Seyè a.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: JOU AVEK NWIT LA

SITASYON BIBLIK: Jenèz: 1:3-5

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo dapre laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriyè epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Montre ti moun yo yon foto pentire de yon ti gason oubyen yon ti fi k'ap dòmi nan ti kabann li; epi fè yon ti pale sou sa a: "Kisa ti moun nan ap fè la? A kilè nou dòmi? Pou kisa nou dòmi nan nwit? Pou kisa nou pa dòmi lajounen? Kisa nou fè la jounen? (rete tann epi ankouraje pou tout ti moun yo patisipe, epi kontinye). Nou dwe sonje ke nwit la fè nwa anpil, epi se sèlman lalin nan ki kapab klere nou nan syèl la; annatandan ke jou a rive pou l fè klè. Sa vle di ke lajounen genyen limyè, li gen klète; konsa ke nou kapab fè ti sòti al flannen, jwe, mache oubyen al pwomennen ak papa ak manman nou".

Ann Jwe. Plase ti moun yo nan yon wonn epi separe kèk tib oubyen piston ki vid an papyè ba yo ki fèt ak papyè ijèn, yo menm ki dwe deja kouvri tankou se ta teleskòp avèk kamera bouche; epi mande yo èske yo rive wè kèk bagay. Fè yo konnen ke sa rele fè nwa, epi se prèske menm bagay la avèk nwit la. Answit, lè w fin remèt yo teleskòp bouche a, mande yo pou yo gade ankò, epi mande yo èske yo rive wè kèk bagay. Fè yo konnen ke limyè a gen relasyon avèk jou a. Priye pou di Bondye mèsi pou jou ak nwit la.





Ann Aprann. Di ti moun ke se Bondye ki te kreye limyè a ak fè nwa a, jou a ak nwit la; epi se akòz de Li menm nou jwi tout bèl bagay sa yo.

Aktivite. Endike ti moun yo ke yo dwe konplete desen vizaj yo (je klè ak nan dòmi), epi yo dwe pentire yo.

Orevwa. Priye pou di Bondye mèsi pou tout bèl bagay ke li te kreye yo; pou tan nou te pase ansanm epi aprann plis de Li.



JOU AVEK NWIT LA



Enstriksyon yo

Desine vizaj yon moun ki je klè; ak yon lòt ki nan dòmi. Aprè sa, pentire.

BONDYE TE FÈ YON
BEL JADEN NAN EDEN**Baz Biblik:**

Jenèz 2:8-14

**Objektif:**

Konnen ke Bondye te bay nonm nan yon bèl plas pou l te kapab viv alèz.

**Preparasyon Klas La:**

Monitè yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki deja site a.

**ENTWODIKSYON**

Nou dwe fè remak sa a avèk anpil atansyon.

Kisa Edèn vle di? Kisa ki te kote sa?

Pou kisa ke Bondye te mete Jaden sa?

Kisa ankò Bondye te mete nan plas sa?

Kisa Bondye te mete nan mitan jaden an? Kisa ki t'ap sòti nan Edèn?

Edèn vle di "paradi sou tè oubyen plas ki byen bèl ak mèveye". Kote ke Bondye te plante yon pye bwa ki bay lavi a ak yon lòt pye bwa ki se pye fwi konesans byen ak mal la nan mitan tout lòt bagay yo.

Mo paradi a se sinonim avèk "syèl, oubyen kay kote zanj ak moun ki sen ak rejenere yo rete a".

Pou jan ke nou wè Bondye te konn trete sa li kreye yo byen, espesyalman lòm, lanmou ke Bondye gen pou nou an pèmèt ke li te plase pèsonaj sa nan yon plas ki te tèlman bèl ke non sèlman li te konte sou anpil plant, animal, mòn yo; men tou li te konplete bote a, yon frechè ak yon si bèl rivyè ki t'ap wouze jaden an. Se nonm nan ki ta administratè tout kreyasyon an; se sa ki te entansyon Bondye nou an; pou rezon sa, li te kreye l epi fòme yon konpany ki pou ede l: yon fanm ki sòti nan kòt gason an daprè sa Pawòl la fè nou konnen nan Jenèz 2:22.

**REFLEKSYON**

Bondye, kòm otè lavi a, li toujou konnen bezwen lòm.

Jaden an siyifi bèl bagay, ak bagay ki enpòtan anpil ke Bondye te bay nonm ak fanm nan.

Nou dwe sonje ke nou se administratè de tout bagay ke Bondye te kreye yo.

Grandè Bondye a pi enpòtan pase metal, li se lò sou tè a ki kouvri avèk dlo lavi a.

Ann pran swen lanati ak tout sa ke li te kreye yo.

Ann priye Bondye, nan reprezantasyon ti moun ak paran yo ; paske Li fè nou kòm kreyati li ki beni anpil.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: BONDYE TE FÈ YON BEL JADEN NAN EDEN

SITASYON BIBLIK: Jenèz: 2:8-14

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-daprè kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Nou mande pou ke genyen yon tablo kreyasyon an ki genyen tout eleman yo ladan li ki genyen gwosè yon rektang, yon fason ke tout ti moun yo kapab rive wè.

Di ti moun yo pou yo gade tout sa ke Bondye te kreye (bay yo tan pou yo byen obsève tout bagay yo epi site non yo ak tout koulè, gwosè, plas ak tout lòt detay chak eleman yo). Aprè sa, fè yo siyale ke chak sa ki kreye se pou yon bagay. Bondye te plase chak bagay sa yo nan plas ke yo dwe ye. Li te konnen ki kote ki te plis nesèsè; pou sa, kounye a nou rann nou kont ke tout bagay parèt byen bèl, epi tout bagay gen plas yo, epi yo tout gen itilite yo, epi tout bagay gen pwòp koulè yo epi yo bon. Men, tout bagay sa yo posib paske Bondye te kreye yo avèk tout bon konprann li.

Ann Jwe. Fè ti moun yo obsève anpil bagay ke lòm kreye nan sal klas la akòz de bon konprann ke Bondye ba yo. Poutèt rezon sa, chèche sèvi ak resous kominote a ak materyèl ke w ranmase yo. Yon fwa ke tout bagay prè, mande ti moun yo pou yo obsève tout objè yo avèk atansyon. Aprè sa, chante ansanm avèk yo "Bondye kreyasyon an" de Ti gèrye yo (chèche sou YouTube) ; men mizik la dwe akonpanye avèk jès.


Ann Aprann. Fè ti moun yo sonje ke Bondye te kreye yon bèl paradi pou ke nou tout pran plezi ak jwi.

Aktivite. Nan fèy aplikasyon yo, mande ti moun yo pou yo pentire desen yo pandan y'ap itilize kreyon ki gen plizyè koulè yo.

Orevwa. Priye pou di Bondye mèsi pou tout sa Li te kreye. Epi yon lòt fwa ankò, mande tout ti moun yo pou yo di ansanm: "Mèsi Bondye pou tout sa w te kreye".



**BONDYE TE FÈ YON
BEL JADEN NAN EDEN**



Enstriksyon yo

Pentire desen yo pandan n'ap itilize kreyon ki gen plizyè koulè yo.

**Baz Biblik:**Jenèz 1:3-4
and 1:14-19**Objektif:**

Konnen ke se Bondye ki te kreye Solèy la, Lalin nan, avèk zetwal yo pou klere Latè.

**Preparasyon Klas La**

Monitè yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik Jenèz 1:3-4 and 1:14-19.

**ENTWODIKSYON**

Nou dwe fè remak sa a avèk anpil atansyon.

Kisa Pawòl Bondye di nou nan vèsè sa yo?

Pou ki rezon ke Bondye te fè "limyè yo nan syèl la?"

Pou kisa nou kwè mèvyè sa yo te rete pou fèt sou katriyèm jou a?

Ki fonksyon limyè yo nan mond lan?

Nan Bib la, nou jwenn nan Ansyen kòm nan Nouvo Testaman ke tout limyè yo te konsidere kòm zetwal (Jenèz 15:5; Jòb 38:7).

Nan Jenèz 1:3-4, nou wè ke Bondye te kreye limyè a nan premye jou epi aprè li te fin fè l, li te wè l bon. Konsa, li te separe limyè a ak fè nwa yo. Epi li te ba yo chak non pa yo: Jou ak Nwit, pou yo kapab distenge nan fason sa.

Limyè a se yon bagay ki endispansab menm pou lavi. Menm jan ke limyè atifisyèl la gide nou, klere nou, epi li trè diferan ak sa ki gen pou wè ak limyè natirèl la.

Limyè a pèmèt nou gade bagay yo byen klè, jan ke yo ye a.

Nan Sòm 27:1, David te fè yon deklarasyon klè: "Seyè a se Limyè a Sovè mwen...". Wa David te rekonèt ke se sèl Bondye ki te kapab klere wout li epi kondwi nou nan bon chemen nan yon mond tèlman ranpli ak fè nwa.

**REFLEKSYON**

Premye zèv ke Bondye te fè se te klere mond lan; epi nan nou, klere lavi nou.

Limyè a se senbòl lavi ki pap janm fini an.

Nou menm kretyen yo, nou klere mond plen peche sa avèk bon temwayaj nou.

Jezi se limyè mond lan.

Ann priye pou ke limyè a reflekte nan kè ti moun nou yo ak paran yo, pou ke yo kapab vini nan pye Seyè a.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: KI ITILITE LIMYÈ A?

SITASYON BIBLIK: Jenèz: 1:3-4 and 1:14-19

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-daprè kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriyè epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Prezante yon tablo ki genyen kreyasyon ki te nan klas avan an, epi mande ti moun yo pou yo siyale Solèy la, Lalin nan ak zetwal yo. Après sa, mande yo: "Kisa yo itil? A kilè solèy la leve? A kilè lalin nan sòti? A kilè nou wè zetwal yo? (rete tan epi ankouraje pou tout ti moun yo patisipe, après sa, kontinye). Yo tout ban nou limyè, se konsa menm ke Bondye te fè yo. Ala bon Bondye bon! Solèy la fè jou a pi bèl toujou; lalin nan avèk zetwal yo klere fè nwa pandan lan nwit."

Ann Jwe. Sòti kite sal klas l avèk ti moun yo. Après sa, mande yo pou yo kenbe men youn lòt, fè yo montre nan ki direksyon solèy la ye epi ki kote yo wè zetwal yo ak lalin nan leswa.


Ann Aprann. Di ti moun yo ke Bondye te kreye limyè a yon fason pou nou kapab viv alèz.

Aktivite. Endike ti moun yo pou yo repase liy pwentiye yo pou yo kapab fòme zetwal la. Après sa, mande yo pou yo pentire; epi ede yo koupe li. Après sa, remèt yo yon kat (ki fèt avèk katon nwa), epi ede yo kole zetwal la andedan kat la; epi sou deyò li, kole vèsè a.

Orevwa. Priye avèk ti moun yo pou di Bondye mèsi pou tout kreyasyon an ke Li te fè. Alafen, mande ti moun yo pou yo di ansanm: "Mèsi Bondye pou limyè a".



KI ITILITE LIMYÈ A?



**BONDYE DI. SE POU
LIMYÈ FÈT. EPI
LIMYÈ TE FÈT.**

Jenèz 1:3

Enstriksyon yo

Repase liy ki kreye zetwal la, epi pentire. Kole lèt yo ki sou kat la; ak zetwal la, andedan li.

TI LIMYÈ MWEN
AN PRAL KLERE**Baz Biblik:**

Matye 5:14-16,
1 Jan 1:7

**Objektif:**

Konnen ke limyè pa nou an
kapab Mennen anpil lòt ti
moun vin jwenn Kris la.

**Preparasyon Klas La:**

Monitè ak /oubyen monitris yo dwe reyini depi
avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou
koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo
dwe medite sou sitasyon biblik ki te deja site a.

**ENTWODIKSYON**

Nou dwe fè remak sa a avèk anpil atansyon.

Kisa apot Jan di nou nan 1 Jan 1 :7 ?

Kijan nou dwe mache?

Kilès moun ki ban nou egzanp pou nou mache nan limyè?

Kòman lavi nou ye lè nou mache nan limyè ?

Selon Matye 5 :14, kisa Jezi di nou ye ?

Selon Matye 5 :16, kijan nou dwe prezante limyè nou an ?

Depi nan tan lontan, yo te toujou ekri epi mande pou legliz Seyè a mache nan
limyè, jan kretyen yo dwe ye a.

Jezi menm ban nou bon egzanp pou nou vin gid ak limyè nan tenèb peche a kote
ke pi fò moun ap mache.

Limyè nou an dwe sèvi pou klere oubyen mennen lòt yo vin jwenn Jezi ki se Kris la.

**REFLEKSYON**

Seyè a rele nou pou nou vin tankou "limyè" nan mitan yon mond tenèb pou mennen lòt
yo vini nan limyè Kris la.

Chak vi ki te resevwa Kris la se yon limyè ki dwe klere nan yon bon temwayaj.

Depi tou piti, ti moun yo kapab genyen ti limyè yo k'ap klere pa mwayen kalite lavi yo,
atravè konpòtman ak konesans yo genyen sou Seyè a.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: TI LIMYE MWEN AN PRAL KLERE

SITASYON BIBLIKS: Matye 5:14-16; 1 Jan 1:7

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo dapre laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Fè yon ti revizyon sou tèm pase a pandan w'ap pale ak ti moun yo sou bagay sa yo: "Kisa ki klere nou pandan lajounen? Trè byen, se solèy la. Kisa ki klere nou leswa? Wi, se lalin nan. Kisa ankò ki klere nou leswa? Se vre, zetwal yo. Kisa yo tout fè pou nou? Limyè!"

Ebyen, limye a la pou klere. E nou menm, èske nou kapab klere, ti moun yo?...Wi, men se lè n'ap fè bon ti moun epi tou lè n'ap envite ti zanmi nou yo vin legliz la, nan fason sa a, nou se limyè ki pou gide lòt yo".

Ann Jwe. Andedan sal klas la, fèmen pòt la tou piti. Aprè sa, bay chak ti moun yon flach tou limen epi fè yo fè yon liy. Answit, di Bondye mèsè dèske li pèmèt nou pote limyè Pawòl li bay ti moun piti sa yo.


Ann Aprann. Di ti moun yo ke se Bondye ki te kreye nou, epi li mete nou nan plas pou nou sèvi kòm limyè; pou nou gide ti zanmi nou yo ak fanmi nou yo ki va swiv chemen sentete li a.

Aktivite. Nan fèy aplikasyon yo, eksplike ti moun yo ke yo dwe repase liy sou desen an, epi pentire li aprè sa.

Orevwa. Priye di Bondye mèsè dèske li pèmèt nou pote limyè Pawòl li a bay ti moun piti yo.



TI LIMYE MWEN
AN PRAL KLERE



Enstriksyon yo

Repase desen an avèk yon fet (make, kreyon koulè) pwès, ble; epi desine l jan ki fè w plezi a.

Baz Biblik:

Jenèz 1:6-8;
Sòm 23:2, 114:8

Objektif:

Konnen ke tout sa ke Bondye te kreye yo itil pou lavi pa nou ak lavi pa lòt yo.

Preparasyon Klas La:

Monitè ak /oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki te deja site a.

ENTWODIKSYON

Nou dwe fè remak sa a avèk anpil atansyon.

Kisa vèsè biblik ki te prezante anlè yo di nou?

Ki enpòtans dlo a genyen?

Pou kisa Bondye te konsidere li enpòtan pou lavi a?

Nan Bib la, nou jwenn dlo a kòm yon ekspresyon lajwa ak lapè pou lavi moun ki nan aflikasyon an, epi yon eleman ki soti nan Bondye pou ke lòm kapab eksperimante jan ke Bondye pran swen de nou (Sòm 23:2).

Sepandan, daprè Bib la, dlo a tou reprezante-yon plas etoufman ak dezespwa. Men se la ke lanmou Bondye a manifeste lè li ofri moun ki nan dezespwa yo sekou, e menm moun ki nan moman eprev (Ezayi 43:2).

Nan Nouvo Testaman, Jezi ki se Kris la anseye nou-a travè parabòl "Nonm rich la avèk Pòv Laza"—dezespwa nonm rich la lè li te rekonèt ke dlo a ta kapab rafrech lang li nan toumant dife ke li te ye a (Lik 16:24)

Jezi ki se Kris la, Pitit Bondye a, se dlo vivan an. Li te manifeste sa dirèkteman fas ak fanm samaritèn nan lè li te ofri li dlo vivan an, menm bagay la ke li ofri nou tou.

Rivyè yo, lanmè yo, lak yo, etc., yo tout te fòme pa mwayen likid sa ki rele dlo a, pliske li itil tout kreyati Bondye yo, nou gen konsyans de ke nou pa ta kapab viv san eleman sa.

REFLEKSYON

Nan gwo sajès Bondye ki san fen, li te kreye tout bagay ki endispansab yo.

Akoz de lanmou li genyen pou limanite, Bondye te kreye dlo a kòm yon eleman ki endispansab pou lavi.

Nou dwe montre ti moun yo pran swen dlo a epi kontribye nan netwayaj lanati a.

Ann priye pou di Bondye mèsi pou eleman likid sa ki la pou satisfè bezwen fizik nou yo, epi ann priye tou pou nou di l mèsi pou dlo vivan an ke Seyè a bay la epi li menm ki satisfè swaf espirityèl la pa mwayen Pitit ke li renmen anpil la Jezi ki se Kris la.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: NOU GEN DLO NAN MOND LAN

SITASYON BIBLIKS: Jenèz 1:6-8; Sòm 23:2, 114:8

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-daprè kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriyè epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Fè yon rezime de tèm klas pase a pandan w'ap pale ak ti moun yo sou bagay sa yo: "Ki moun ki sonje de kisa nou te pale semèn pase a? (rete tann ti moun yo reponn, epi ankouraje pou yo tout patisipe, answit kontinye). Trè byen! Nou pale de limyè, men tou Bondye te kreye dlo a. Nan kòmansman, te genyen anpil dlo nan mond lan; ebyen, Bondye te separe dlo yo, epi syèl la te parèt anlè a epi dlo yo te parèt anba. Se pa ti bèl! Poutèt sa, nou genyen dlo pou nou benyen, pou nou jwe, bwose, epi pou manmi nou prepare manje. Genyen dlo tou lè lapli a tonbe pou l rafrech lanati a, sa tou se dlo ke Bondye kreye pou l beni nou".

Ann Jwe. Òganize ti moun yo pou yo lave vizaj ak men yo pandan ke y'ap itilize yon resipyan, dlo ak savon. Fòk yo itilize tou yon sèvyèt oubyen papye ak yon peny, menm jan avèk yon glas tou pou yo kapab benyen. Après sa, pale ak ti moun yo pou fè yo konnen jan dlo a tèlman enpòtan pou koze fè twalèt, benyen, bwose, etc.

Ann Aprann. Eksplike ti moun yo ke Bondye te kreye dlo a an gran kantite ke nou jwenn nan rivyè yo, lak ak lanmè yo; epi nou dwe di Bondye mèsi pou yo.

Aktivite. Endike ti moun yo ke yo dwe repase liy pwentiye yo pandan y'ap itilize yon fet ki pwès ki gen koulè ble syèl.

Orevwa. Mande ti moun yo pou yo chita sou fòm yon sèk, epi pou yo chak kole men yo ansanm pou di Bondye mèsi dèske li bay tout mond lan dlo.



NOU GEN DLO
NAN MOND LAN



Enstriksyon yo

Kole algodon nan nyaj yo. Repase liy yo ak yon fet pwès ki gen koulè ble.

MWEN SE RIVYE DLO VIVAN AN



Baz Biblik:

Revelasyon 7:16-17, 21:6
Jan 7:38



Objektif:

Konnen ke ti moun yo se yon
sous benediksyon pou fanmi
yo avèk lòt moun.



Preparasyon Klas La:

Monitè ak /oubyen monitris yo dwe reyini depi
avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou
koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo
dwe medite sou sitasyon biblik ki te deja site a.



ENTWODIKSYON

Nou dwe byen obsève sa nou jwenn nan lekti biblik ki deja site anlè a.

Kisa Jezi ki se Kris la te vle di nou lè l te refere l ak pawòl sa yo ?

Ki siyifikasyon dlo a nan chak vèsè ke nou sot li yo ?

Kisa ki pase moun ki mete konfyans yo nan Jezi ki se Kris la?

Daprè Revelasyon 21:6, kisa nou dwe fè lè nou swaf ? Ki revelasyon ke apot Jan te resevwa? Kilès moun ki se Alfa ak Omega?

Selon Revelasyon 7:17, ki kote mouton Bondye a va mennen nou ale?

Nan fèt Tabènak yo, Jezi te santi l motive pou l te pale byen ak tout moun lè li te di yo ke li t'ap ofri yo yon dlo gratis epi nenpòt moun ki te mete konfyans yo nan Bondye t ap kapab resevwa li menm kote a.

Lajistis ak kè poze a se bagay ki konpare avèk dlo rivyè a avèk lanm lanmè yo; sa se si nou obsève kòmmandman Bondye nou an (Ezayi 48 :18).

Dlo a, kòm eleman nesèsè ak itil sou latè, syantifikman li se yon bagay ki fèt avèk de volim idwojèn ak yon sèl pou oksijèn (H₂O). Li vin di lè li gen C epi li bouyi a 100° C.



REFLEKSYON

Sajès ak lanmou ke Bondye montre nou depi nan kòmansman fè ke lavi nou santi li byen asire.

Dlo a, ni nan mond lan tankou nan kò lòm nan, li se yon bon kantite, nan sans sa a li kontribye nan byennèt lavi a.

Rafrechi ak vitalite espirityèl ke kretyen an pataje bay moun ki pa kwè yo se benediksyon ke Bondye kite pou nou pou ke nou pwofite pote Pawòl la chak jou ; paske genyen yon gwo larivyè dlo vivan k'ap koule sòti andedan kè nou.

Ann priye Bondye pou ti moun yo ak paran yo, epi priye pou lavi chak monitè ak / oubyen monitris yo tou ; pou ke yo kapab sèvi kòm bon egzantp kretyen.

Alafen, prepare materyèl la pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: MWEN SE RIVYE DLO VIVAN AN

SITASYON BIBLIKS: Jan 7:38; Revelasyon 7:16-17, 21:6

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-daprè kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriyé epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Nan tablo ki genyen kreyasyon an, siyale ti moun yo larivyè ak lanmè a. Après sa, mande pou yo chak pentire mo rivyè. Nan moman sa, ankouraje pou yo tout patisipe; après sa, fè yo sonje ke Bondye te kreye rivyè a—se senbòl kè poze-. Sa vle di tou ke yo chak (ti fi ak ti gason yo) se ti rivyè, pou frechè ak kè poze ke Bondye ba yo.

Ann Jwe. Endike ti moun yo pou yo mache sou liy ki fèt ak lanm yo (ou dwe te deja trase yo avan klas la, epi trase yo atè a). Pou sa rive reyalize, mande yo pouke yo pa sòti sou liy yo. Yo dwe fè l ak men yo lib an premye, epi après sa, pou yo pote kèk ti chasè bonbon sou tèt yo.


Ann Aprann. Mansyone ke Bondye te kreye rivyè a epi li ban nou opòtinite pou nou genyen anpil kè poze si nou mande l ak lafwa.

Aktivite. Mande paran ti moun yo pou yo voye yon ti chemizèt pou ti moun yo. Chèche yon penti ak yon penso pou chak ti moun; epi ede yo pentire rivyè a.

Orevwa. Priye pou di Bondye mèsi, paske nou kapab mete konfyans nou nan Li toutan epi—depi tou piti—pataje Pawòl li.



**MWEN SE RIVYE
DLO VIVAN AN**



Enstriksyon yo

Pentire rivyè a avèk penti koulè ble, pandan w'ap sèvi avèk yon izòp.



SOLÈY LA KLERE NAN LAJOUNEN



Baz Biblik:

Jenèz 1:14-19



Objektif:

Konnen ke se Bondye ki te kreye Solèy la kòm pi gwo limyè ki pou klere lajounen.



Preparasyon Klas La:

Monitè ak /oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki te deja site a.



ENTWODIKSYON

Nou dwe fè remak sa a avèk anpil atansyon.

Kisa ki wòl de pi gwo limyè yo ?

Ki lòt wòl limyè sa yo jwe?

Ki kote Bondye mete gwo limyè sa yo?

Ki lòt limyè ke Bondye te fè?

Pawòl Bondye fè nou konnen ke nan kòmansman se tenèb ak vid sèlman ki te genyen. Bondye te deja ap montre ke li te genyen pi bon bagay nan plan li pou limanite; se poutèt sa ke, limyè ke li t'ap ofri nou an tou te la pou mete lòd nan mond lan tou, paske li genyen oryantasyon li nan separasyon oubyen etablisman jou a avèk nwit la, se menm jan tou pou koze sezon yo, klima ak tanperati a, menm jan ak avansman tan an, nan jou yo, mwa avèk ane yo, nan lè yo, minit ak segond yo.

Plasman Solèy la ta defini tou nan elajisman syèl la pou klere Tè a.

Lalin nan ak zetwal yo, yon ti kras pi piti pase Solèy la, menm jan ke depi nan kòmansman yo te genyen yon wòl ki te vrèman enpòtan nan Tè a: klere leswa.



REFLEKSYON

Konbyen bèl bagay, konbyen bagay ki byen enpòtan ke Bondye te fè pou kreyati li yo?

Otorite ak sajes Bondye revele nou ke chak bagay te plase nan plas ideyal yo.

Prezans Bondye a se limyè jounen nou yo; paske li pèmèt nou mache nan klète san frape, jan Sòm 27:1 detaye l ban nou an.

Nan kòmansman se fè nwa ki te genyen jouskaske Bondye te kreye limyè a.

Nan tenèb peche a, limyè Bondye a klere (Sòm 112:4).

Ann priye pou nou di Seyè a mèsi pou moman aprantisaj Pawòl Bondye a, epi mande Bondye pou l klere chemen nou chak jou.

Alafen, prepare materyèl la pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: SOLÈY LA KLERE NAN LAJOUNEN

SITASYON BIBLIK: Jenèz 1:14-19

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo dapre laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Sòti al flannen avèk ti moun yo nan antouraj tanp lan oubyen lye reyinyon an, epi mande pou yo tout reponn sa: "Kòman jou a ye? Èske li fè solèy? Èske li kouvri ak nyaj?...Deja nou konnen ke solèy la klere lajounen; men kèk fwa konn genyen nyaj ki konn pa kite nou wè solèy la. Sa vle di ke jou a kouvri anba nyaj. Men lè syèl la vin dekouvè, ebyen solèy la klere nou avèk tout klète li epi nou kapab di Bondye mèsi pou li".


Ann Jwe. Distribye imaj ki genyen plizyè koulè diferan bay chak ti moun, animal, solèy, lalin, zetwal, pye bwa, flè yo, etc. Aprè sa, mande ti mounki gen foto solèy la pou l leve l anlè, epi mande pou rès ti moun yo ankouraje li avèk anpil bravo. Konsa, youn aprè lòt, ou kapab mande pou nenpòt lòt imaj.

Ann Aprann. Tounen mansyonnen ke Bondye te kreye solèy la pou l te klere nou lajounen, sa fè kè nou kontan, epi nou kapab al pwomennnen ak papa ak manman tou.

Aktivite. Endike ti moun yo pou yo pentire desen solèy la. Aprè sa, ede yo rekoupe epi kole solèy la nan yon CD. Si w vle, mete ti riban dlo bò kote l (wè modèl la).

Orevwa. Priye epi ankouraje ti moun yo pou ke yo prepare yo pou sèvi Bondye pi byen chak jou.

**SOLÈY LA KLÈRE
NAN LAJOUNEN**



Enstriksyon yo

Pentire figi solèy la, epi kole li nan yon CD.
Après sa, plase riban dlo a (jòn oubyen koulè
oranj) alantou a.



LALIN NAN KLERE
NAN LANWIT**Baz Biblik:**

Jenèz 1:14-16

**Objektif:**

Konnen ke se Bondye ki te kreye lalin nan pou klere lanwit.

**Preparasyon Klas La:**

Monitè ak /oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki te deja site a.



ENTWODIKSYON

Nou dwe fè remak sa a avèk anpil atansyon.

Ki kote ak pou kisa limyè yo te kreye?

Ki wòl limyè yo?

Kòman yo konsidere lalin nan?

Ki kote Bondye te plase Lalin nan?

Nan katriyèm jou a, Bondye te konsidere ke menm tenèb la te merite pran plas li e ke tout sa Li te kreye ak gwo pouvwa li yo te bon anpil nan favè kreyati li yo (Jenèz 1:14), pou l te separe jou a avèk nwit la; aprè sa li te fè oryantasyon pou koze tanperati ak klima a. Fonksyon espesifik li se pou l te klere tout Latè; sa vle di, reflète limyè, gide ak oryante nan mitan gwo fè nwa.

Lalin nan konsidere kòm yon limyè ki pa gwo, se Bondye ki mete li nan tout syèl la pou klere sou Tè a.

Tout sa ke Bondye kreye se bagay ki bon pou limanite epi li te genyen yon objektif espesyal. Depi nan kòmansman, li te toujou yon gwo benediksyon (Detewonòm 33 :14). Se konsa, tout sa ke Bondye te kreye yo se bagay ki tande ak obeyi vwa Li (Jozye 10:13).



REFLEKSYON

Lè n'ap medite ak Pawòl Bondye a, nou konprann ke-depi nan fon kè Seyè a—genyen yon gwo sous lanmou ki jayi pou tout kreyasyon an yon fason ke nan fason ke nan imilite ak fason panse ki limite, nou kapab rekonèt byen klè ke Bondye te fè anpil gwo mèvèy (Sòm 8:3 ; Jòb 5:9).

Ann priye pou nou di Bondye mèsi pou ansèyman ke nou kapab pataje bay ti moun yo; epi pou opòtinite ke nou resewa pou pataje avèk paran yo tou.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: LALIN NAN KLÈRE NAN LANWIT

SITASYON BIBLIK: Jenèz 1:14-16

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-daprè kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Prezante yon tablo ki genyen kreyasyon ki te nan klas avan an, epi mande ti moun yo pou yo siyale Solèy la, Lalin nan ak zetwal yo. Après sa, mande yo: "Èske lalin avèk zetwal yo la pou klere lajounen ak lan nwit? (mande pou kèk ti moun volontè bay pwòp opinyon yo; answit, kontinye). Èske nou te wè lalin ak zetwal yo nan syèl la? Kilès moun ki te fè tout sa? ... (rete tann repons ti moun yo, epi kontinye). Sonje ke lè lalin ak zetwal yo sòti, nou tout pral dòmi".

Pou kontinye, ankouraje yo di Bondye mèsi pou tout sa ke l te kreye.

Ann Jwe. Desine yon gwo lalin atè a. Après sa, mande pou tout ti moun yo vin kanpe andedan desen an. Après sa, rakonte yon istwa ki gen pou wè avèk sa ke w'ap anseye a.

Ann Aprann. Mansyone ke Bondye te kreye lalin nan pou klere lan nwit epi pou nou pa mache nan fè nwa.


Aktivite. Ede ti moun yo desine fòm yon mòso lalin nan yon plat an katon. Après sa, kite yo pentire mòso lalin nan; epi remèt yo zetwal ki nan fèy travay la, epi mande pou yo pentire li. Finalman, kole yon je ki kapab sekwe nan vizaj mòso lalin nan, epi mete yon fil ladan l.

Orevwa. Mande pou tout ti moun yo priye pou di: "Mèsi n'ap di w Bondye, paske ou renmen ak pran swen nou".




LALIN NAN KLERE NAN LANWIT


Etap 1 – Nan yon plat an katon, desine epi koupe fòm yon mòso lalin.



Etap 2 – Pentire lalin nan avèk yon koulè ble syèl epi pentire zetwal la avèk koulè jòn.



Etap 3 – Kole yon je ki kapab sekwe epi plase zetwal la pandan w'ap itilize yon mòso fil.



BÈL PWASON KE
BONDYE TE KREYE YO**Baz Biblik:**

Jenèz 1:20-23

**Objektif:**

Konnen ke se Bondye ki te kreye pwason yo ak tout lòt espès k'ap viv nan dlo yo.

**Preparasyon Klas La:**

Monitè ak /oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik Jenèz 1:20-23.

**ENTWODIKSYON**

Ann fè yon ti reflechi sou sa a:

Ki lòd ke Bondye te pase dlo yo?

Ki kalite espès ke dlo yo te pwodwi? (Jenèz 1:20-23)

Ki lòd Bondye te bay pati kreyasyon sa?

Sou ki jou espès sa yo te kreye?

Lè lanmè a te fin kreye, epi Bondye te wè li bon, ebyen li te bay lòd pou l te pwodwi anpil bèt vivan (Jenèz 1:21).

Bondye te beni sa ki te kreye yo tou epi li te ba yo lòd lè li te di konsa : "Fè pitit, fè anpil anpil pitit, plen dlo lanmè a. Se pou zwazo yo fè anpil anpil pitit tout sou tè a". Sa a se benediksyon ki kouvri lèzòm, paske a travè de mèvyè sa yo, Li pwodwi tout nesosite ke nou menm nou kapab genyen kòm moun (Levitik 11 :9).

Nan Sòm 8 :8-9, nou jwenn ke tout bagay nou jwenn nan lanmè a bay Bondye glwa; paske Li se Kreyatè yo tout. Nan tan Jezi ki se Kris la, pwason yo te satisfè bezwen alimantè plizyè mil moun.

**REFLEKSYON**

A travè eleman sa yo ke nou jwenn nan lanmè a, Bondye montre nou pouvwa li; paske li ban nou anpil manje pou nou manje, menm jan avèk yon sous de travay pou fanm ak gason yo. Se poutèt sa ke lafwa ke nou dwe genyen an se ke tout sa Bondye kreye se bon bagay ke sa ye epi nou dwe pwoteje yo, epi nou pa dwe kontamine yo lanati a.

Ann priye pou kalite ansèyman sa ke ti moun yo pral resevwa. Ann priye pou paran yo tou, yon fason pou ke yo kapab rekonesan anvè Seyè a.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: BÈL PWASON KE BONDYE TE KREYE YO

SITASYON BIBLIK: Jenèz 1:20-23

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Chèche plizyè foto pwason ki gen koulè ak gwo difèran (bagay sa yo dwe prepare depi davans pa mwayen monitris yo). Aprè sa, fè dyalòg sou bagay sa yo: "Èske nou konn imaj sa yo? Kisa yo ye? Kisa yo itil? (rete tann repons ti moun yo epi kontinye) ... Trè byen, yo se pwason! Kilès moun ki te kreye yo? Bondye... Trè byen, ti moun yo! Se vre. Se Bondye ki te kreye tout bagay sa yo. Kounye a, ann siyale pwason ki pi gwo yo; nou pral mete sa ki pi piti yo ansanm, sa ki pi mèg yo, etc. Nou dwe konnen kot pwason yo ap viv tou. Y'ap viv nan dlo; yo sèvi kòm aliman pou moun manje pou yo kapab grandi an sante epi pou yo gen anpil fòs. Kòman pwason yo deplase nan dlo a?" Pou kontinye, mande ti moun yo pou yo fè mouvman menm jan ak pwason yo ki nan dlo a "Bondye te kreye pwason yo-Aventura mizikal" de Feliz7Kids (chèche sou YouTube).

Ann Jwe. Fè yon wonn avèk tout ti moun yo pou chante "Pyè, Jan ak Jak nan bato a". Answit, envite yo jwe avèk foto pwason an plastik yo.


Ann Aprann. Montre ti moun yo ke yo dwe pentire pwason yo (tèt, zèl ak ke). Aprè sa, distribye ba yo kèk sèk an katon oubyen plastik (plizyè koulè) pou ke yo kole kòm si se ta kal ki sou kò pwason yo.

Aktivite. Endike ti moun yo ke yo dwe pentire pwason yo (tèt, zèl ak ke a). Answit, distribye sèk an katon ba yo oubyen gòm (plizyè koulè difèran) pou yo kole yo kòm si se ta kal ki sou kò pwason yo.

Orevwa. Priye pou di Bondye mèsi pou yon jou nan klas la. Ou kapab mande ti moun yo pou yo priye epi repete pawòl sa yo: "Nou renmen w Bondye, pou bon manje ke ou ban nou chak jou yo".



**BÈL PWASON KE
BONDYE TE KREYE YO**



Enstriksyon yo

Pentire pwason yo, epi kole sèk an koulè yo sou yo (katon oubyen plastik).

TI ZWAZO YO CHANTE POU BONDYE



Baz Biblik:

Jenèz 1:20-23



Objektif:

Konnen ke se Bondye ki te kreye zwazo yo sou senkyèm jou a epi yo louwe Bondye nan remèsiman.



Preparasyon Klas La:

Monitè ak /oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki déjà site a.



ENTWODIKSYON

Ann fè yon ti reflechi sou sa a avèk anpil atansyon:

Selon Jenèz 1:20, ki lòd Bondye te bay dlo yo?

Ki kote zwazo sa yo dwe vole?

Selon Jenèz 1:26, kilès moun ki dwe gouvène sou zwazo nan syèl yo?

Dlo yo se kote zwazo yo te sòti menm, selon lòd Bondye. Yo ta vole nan tout espas syèl yo.

Lòm kòm kouwòn kreyasyon an, li ta genyen pou l administre espès sa epi rann Bondye kont pou tout mèvèy sa yo.

Zwazo yo, menm jan ak tout sa ki vivan nan kreyasyon an, yo genyen pwòp karakteristik yo ki dirab; men yo genyen pwòp sik lavi yo tou. Anplis de sa, genyen yon gran varyete de zwazo, men jan avèk plas kote yo menm y'ap viv.

Zwazo yo se yon bann ti bèt ki san defans k'ap louwe Bondye a travè anpil kantik yo.

Nan Sòm 8, non Bondye a leve byen wo nan tout syèl la pa mwayen tout sa ke li te kreye yo. Zwazo yo fè pati de kreyasyon Bondye a, se poutèt sa ke sa mande pran swen, li menm ki sòti nan Bondye (Matye 6:26).



REFLEKSYON

Menm jan avèk zwazo yo, ki jwenn pwoteksyon ak swen nan men Bondye nou an, epi malgre yo pa genyen mèt ; Seyè a kreye fason pou ke yo pa manke anyen ditou, paske yo genyen favè Bondye. Se menm jan pou nou menm lèzòm, nou ki se kouwòn kreyasyon an, nou kapab viv avèk tout konfyans nan Kris la. Li se sèl moun ki kapab ban nou tout bagay san manke anyen selon tout richès nan glwa li.

Pou fini, priye pou di Bondye mèsi pou zwazo yo avèk swen ke Bondye bay kreyasyon li. Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: TI ZWAZO YO CHANTE POU BONDYE

SITASYON BIBLIK: Jenèz 1:20-23

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-daprè kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriyè epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Montre plizyè kalite zwazo diferan nan yon tablo, epi apati de la, dyaloge avèk yo sou bagay sa yo: "Èske nou konnen kijan animal sa yo rele? (toujou rete tann entèvansyon ti moun yo; epi aprè sa, kontinye). Wi, yo rele zwazo. Kilès moun ki te kreye yo? ...Se Bondye ki te kreye yo avèk gwo pouvwa li. Trè byen! Kounye a, obsève sa: Kòman yo chak ye menm? Avèk kisa kò yo kouvri? Kisa ankò yo genyen? Yo genyen bèk, anpil plim ki genyen plizyè koulè diferan; yo genyen anpil pat tou. Avèk zèl li yo, yo kapab vole byen wo. Genyen gwo ak ti zwazo tou. Epi yo toujou ap chante pou Bondye; nan fason sa, yo di li mèsè pou tout sa ke Li fè pou yo".

Ann Jwe. Endike pou tout ti moun yo fè yon liy; aprè sa, fè yo leve men yo epi eseye imite vòl zwazo yo.

Ann Aprann. Fè ti moun yo sonje ke se Bondye ki te kreye ti zwazo yo epi se li menm ki pran swen yo, espesyalman ti zwazo silvès yo.

Aktivite. Nan fèy aplikasyon yo, mande ti moun yo pou ke yo pentire epi kole plim yo nan desen zwazo a.

Orevwa. Priye pou di Bondye mèsè; paske l'ap toujou bay tout sa k ap bon pou nou.



**TI ZWAZO YO
CHANTE POU BONDYE**



Enstriksyon yo

Pentire epi kole plim yo nan zwazo a.

LESON
24ANIMAL YO
ENPÒTAN ANPIL**Baz Biblik:**

Jenèz 1:24-25

**Objektif:**

Konnen ak konsidere kantite animal diferan ke Bondye te kreye pou pwòp benefis nou.

**Preparasyon Klas La:**

Monitè ak /oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki deja site a.



ENTWODIKSYON

Ann fè yon ti reflechi sou sa a avèk anpil atansyon:

Ki lòd Bondye te bay latè?

Ki espès ki detaye nan vèsè sa yo?

Pou ki rezon oubyen ki motif ki fè Bondye te kreye animal yo?

Nan okazyon sa, n'ap retounen ankò pou nou vin pale de bèl evènman sa ki se kreyasyon animal yo, epi nou kapab afime ke Bondye te egziste depi nan tan lontan e se li menm ki te kreye tout linivè a ak pouvwa Pawòl li. Nou dwe konnen tou ke Seyè a konsidere animal yo gen anpil itilite pou lèzòm; epi akòz de sa, Bib la ban nou detay sou non ak diferans ke yo genyen.

Daprè Levitik chapit 11, te genyen animal pi ak enpi, te genyen animal ki fèt pou akonpanye moun tou, ni andeyò kòm nan vil yo. Nan sans sa a, nou kapab note cheval ak bourik yo ; men tou, genyen anpil lòt animal tankou bèf, mouton, etc...k'ap sèvi kòm èd ak aliman pou lòm. Yo tout merite swen ak pwoteksyon paske yo tout se kreyasyon Bondye, epi lòm gen pou devwa sèvi yo kòm administratè ak kouwòn kreyasyon an.



REFLEKSYON

Se pa de bèl bagay non ke Bondye kreye avèk pouvwa Pawòl li! Finalman, nou dwe fòme nan ti moun yo anpil respè sou tout fòm nan lavi a ; Bondye te kreye nou tout avèk gwo lanmou enfini li.

Pou fini, priye pou di Bondye mèsi pou kreyasyon an ak benefis li yo.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: ANIMAL YO ENPÒTAN ANPIL

SITASYON BIBLIK: Jenèz 1:24-25

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriyè epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Chèche plizyè animal nounous ki kapab repwodwi son ke yo fè, epi prezante yo devan ti moun yo (bat pou nounous animal yo se bagay ke moun konnen nan kominote yo a). Answit kontinye, mande ti moun yo non animal sa yo (rete tan repons tout ti moun yo, epi kontinye). Aprè sa, site non animal sa yo epi ki fason nou kapab trete yo lakay la. Fè ti moun yo konnen ke nou dwe ba yo manje epi byen trete yo paske yo se zèv Bondye. Di ti moun yo ke nou pa dwe fè move jwèt avèk yo, ni ba yo kou pou nou pa mal trete yo; paske se pa jwèt yo ye, men se bèt vivan yo ye.

Metè fen avèk sesyon sa pandan w'ap ankouraje ti moun yo di Bondye mèsi pou tout sa l te fè.

Ann Jwe. Ansanm avèk ti moun yo, imite kri ke kèk animal pwodwi. Ou kapab mande yo sote tankou kònèy tou epi pete kouri tankou ti chyen yo.







Ann Aprann. Fè yo konnen ke Bondye te kreye animal yo epi nou dwe pran swen yo ; paske gen anpil ladan yo ki te kreye pou akonpanye lòm.

Aktivite. Ede ti moun yo mete animal yo ansanm avèk pwodwi ke yo ban nou. Aprè sa, mande yo pou yo pentire animal yo.

Orevwa. Fè yon rekèt priyè epi tou mete demann ke chak ti moun yo te pote nan jou a.



**ANIMAL YO
ENPÒTAN ANPIL**



Enstriksyon yo

Rasanble imaj animal yo ak pwodwi ke yo ofri nou an.

SE NAN BONDYE TI MOUN YO SÒTI



Baz Biblik:

Jenèz 1:28, 33:5



Objektif:

Konnen ke pitit yo se yon kado Bondye bay, paske se Li menm ki te kreye yo.



Preparasyon Klas La:

Monitè ak / oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki se Jenèz 1:28, 33:5.



ENTWODIKSYON

Ann fè yon ti reflechi sou sa a avèk anpil atansyon:

Kòmnan Bondye konsidere ti moun yo?

Kisa ti moun yo siyifi pou Bondye?

Kisa ki ta nan lespri Bondye lè li te mande pou ras limanite a ta miltipliye?

Nan Sòm 127:3, nou jwenn ke pitit se eritaj Seyè a epi se pi bèl fwi ke zantray fanm yo kapab pwodwi.

Bondye ki se Kreyatè a renmen ti moun yo anpil. Nan sans sa, li ba yo yon plas ki vrèman enpòtan; li konsidere yo kòm moun ki merite viv nan wayòm li an, akòz de inosans ak senterite yo. Jezi te envite ti moun yo vini jwenn li tou, epi li te beni yo malgre gen moun ki te vle limite patisipasyon yo. (Matye 19:14)



REFLEKSYON

Depi nan moman kreyasyon an, Bondye ki se Otè lavi a te déjà konsidere ti moun yo avèk anpil enpòtans epi li te gade yo kòm yon gwo kado pou chak fanmi.

Se poutèt sa, nou konsyan ke nou tout pran plezi nan anfans sa epi sa anseye nou ke Bondye pran swen nou tout nan etap sila a; epi li bay fanmi ki genyen ti moun benediksyon. Se menm jan tou, pou fwaye ki pa kapab genyen ti moun akòz de pwoblèm esterilite yo, fè yo konnen ke Bondye ba yo anpil pitit espiritiyèl.

Priye pou ke Bondye ede nou bay chak ti moun valè ke yo merite.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: SE NAN BONDYE TI MOUN YO SÒTI

SITASYON BIBLIKS: Jenèz 1:28, 33:5

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-daprè kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Fè ti moun yo konnen ke yo tout pral prezante tèt yo. Après sa, plase yon papye ki gen non chak ti moun sou lestomak yo. Nou konseye w li non chak ti moun youn aprè lòt, pandan w'ap deja mande pou lòt ti moun yo repete "kreyasyon Bondye" après chak non ou fin site. Pa egzanp: "Martha se kreyasyon Bondye" (ankouraje pou tout ti moun yo patisipe). Après sa, mande chak ti moun yo pou yo gade kò chak ti zanmi yo epi di ansanm: "... genyen bra, pye, tèt, kò, vizaj, zye, bouch...". Youn après lòt, mande yo kisa chak pati nan kò moun itil (rete tann pou tout ti moun yo patisipe, epi après sa, kontinye).

Raple yo ke se Bondye ki te kreye nou, epi nou dwe toujou di l mèsì.

Ann Jwe. Mande pou chak ti moun yo jwe avèk nounous katon yo. Sa ke yo dwe rive reyalize se fè ti nounous yo mache ak fè yon seri de mouvman daprè sa w endike yo.



Ann Aprann. Di ti moun yo ke se Bondye ki te kreye tout ti fi ak ti gason yo ; se poutèt sa, nou kontan epi nou di Bondye mèsì.

Aktivite. Montre ti moun yo pou yo pentire vizaj yo; epi chèche ajil modèl ba yo oubyen fil pou yo dekore cheve yo.

Orevwa. Mete fen avèk yon priye remèsiman anvè Bondye dèske li te kreye nou, epi priye pou bezwen chak ti moun.



**SE NAN BONDYE
TI MOUN YO SÒTI**



Enstriksyon yo

Pentire vizaj tou de ti moun yo; epi kole ajil modèl la oubyen fil la nan cheve yo.

KÒMAN FANMI MWEN YE?



Baz Biblik:

Jenèz 2:21-24, 33:5



Objektif:

Konnen ke nou tout fè pati de yon fanmi.

Preparasyon Klas La:

Monitè ak/oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki deja site a.



ENTWODIKSYON

Ann fè yon ti reflechi sou sa a avèk anpil atansyon:

Kilès moun ki te fòme fanmi an?

Pou ki rezon fanmi an te fòme?

Kilès moun ki fè pati de yon fanmi?

Pou kilès ti moun yo ye?

Èske ti moun yo se pou paran yo?

Pa mwayen limyè Pawòl la, nou kapab remake ke Bondye ak gwo pouvwa san limit li a, li konsidere lòm kòm kouwòn kreyasyon an, e se poutèt sa ke li ba l yon gran responsablite nan pran swen ak devlopman mond lan, anplis de sa pou lòm nan te rive etabli pwòp fwaye li. Se sa ki fè ke lè li te kreye fanm nan avèk yon zo kòt Adan, misye te kontan anpil epi li te deklare: "Se kounye a mwen jwenn zo ki sòti nan zo m yo, epi chè ki sòti nan chè mwen..." (Jenèz 2:23); sa vle di ke depi nan moman sa, nonm nan te santi l gen yon moun ki pou ede li epi yon konpleman ki va ede li rive genyen yon fanmi konplèt tou.

Se poutèt sa, pitit yo se benediksyon ak kado ke Bondye te bay chak moun ki rive marye. Se pa byen paran yo, paske se Bondye ki vrè mèt la. Men nou menm paran yo, nou dwe idantifye nou avèk sa ke Bondye te ban nou yo, paske nou dwe pwoteje yo epi rann kont pou administrasyon sa (Jenèz 48:9; Jozye 24:3).



REFLEKSYON

Fanmi an se selil fondamantal sosyete a, daprè definisyon lari a. Sa se verite, paske li ale sou menm sans avèk Pawòl Bondye a. Sa vle di ke responsablite a santre li nan Adan avèk fanmi ke nonm sa te fòme a. Se pa sèlman sa, nou menm tou nou genyen pwobableman yon avni pou ke nou fòme pwòp fanmi pa nou epi vin paran menm jan. Responsablite ke nou genyen avèk ti moun yo ke Seyè a ban nou leve yo, se pèmèt yo grandi nan lanmou ak krent pou Bondye.

Nan moman sa, ann priye pou ti moun yo ansanm avèk paran yo.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: KÒMAN FANMI MWEN YE?

SITASYON BIBLIKS: Jenèz 2:21-24, 33:5

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-daprè kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriyè epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Fòme yon wonn nan sal klas la avèk ti moun yo, epi mande yo pou yo chita sou tapi oubyen kapèt la. Pou kontinye, distribye yon imaj bay chak ti moun ki bay ak katon. Figi sa kapab se yon manman, yon papa, yon kòk, yon poul, yon ti poul, yon towò bèf, yon manman bèf, yon ti bèf, etc. Après sa, mande pou chak ti moun di w ki imaj yo genyen nan men yo.

Answit, mande yo pou yo mete imaj pa yo chak la avèk imaj pa ti zanmi yo a, yon fason pou yo kapab eseye fòme gwoup fanmi. Di yo ke se Bondye ki te kreye fanmi yo; epi se poutèt sa, nou menm tou nou genyen yon fanmi. Nou konseye w pou w fè yon ti kanpe la a, epi mande ti moun yo pou yo panse ak moun ki fanmi pa yo a, ak moun ke y'ap viv lakay yo (ankouraje pou ke yo tout patisipe). Pou kontinye, mande yo pou yo byen obsève imaj yon fanmi, epi chante kantik "Jezi renmen nou tout". Mete fen nan sesyon sa pandan n'ap di Bondye mèsi dèske li te kreye lafanmi.

Ann Jwe. Separe yon imaj fanmi bay chak ti fi ak ti gason, epi mande pou yo chak mansyone imaj yo jwenn nan. Après sa, mande pou ti moun sa yo ki jwenn imaj yon papa yo kapab leve yo anlè. Après sa, mande pou ti moun sa yo ki jwenn imaj yon manman yo kapab leve yo anlè. Epi finalman, mande pou ti moun ki te jwenn imaj ti moun yo leve yo anlè.

Sa ki enpòtan se pou tout ti moun yo patisipe. Après sa, mande ti moun yo pou youn chanje imaj avèk lòt, epi yo dwe kontinye jwe jouskaske yo kapab rive fòme fanmi yo avèk fasilite.


Ann Aprann. Mansyone ke Bondye te kreye fanmi an avèk anpil lanmou, epi sa se baz fondamantal sosyete a.

Aktivite. Depi davans, mande manman oubyen papa a yon foto fanmi yo a. Après sa, ede ti moun yo kole yo andedan ankadreman an, epi dekore yo.

Orevwa. Envite yon ti fi oubyen yon ti gason vin fè lapriyè a pou fanmi tout moun ki prezan yo.



**KÒMAN FANMI
MWEN YE?**



FANMI MWEN

Enstriksyon yo

Kole yon foto fanmi ou; epi dekore tablo a.

INITE

3

KONNEN KÒ KE BONDYE BAN MWEN AN

SEMÈN 1:

MWEN DI W MÈSI BONDYE, POU MEN MWEN YO

SEMÈN 2:

MWEN DI W MÈSI BONDYE, POU PYE MWEN YO

SEMÈN 3:

MWEN DI W MÈSI BONDYE, POU ZYE MWEN YO

SEMÈN 4:

MWEN DI W MÈSI BONDYE, POU NEN MWEN YO

SEMÈN 5:

MWEN DI W MÈSI BONDYE, POU BOUCH MWEN

SEMÈN 6:

MWEN DI W MÈSI BONDYE, POU ZOREY MWEN YO

SEMÈN 7:

AVÈK MEN MWEN YO, MWEN KAPAB TOUCHE

SEMÈN 8:

AVÈK PYE MWEN YO, MWEN KAPAB MACHE

SEMÈN 9:

AVÈK ZYE MWEN YO, MWEN KAPAB WÈ

SEMÈN 10:

AVÈK NEN MWEN, MWEN KAPAB SANTI

SEMÈN 11:

AVÈK BOUCH MWEN, MWEN KAPAB PALE

SEMÈN 12:

AVÈK ZORÈY MWEN, MWEN KAPAB KOUTE

SEMÈN 13:

SE BONDYE KI FÈ TOUT KÒ MWEN



MWEN DI W MÈSI BONDYE, POU MEN MWEN YO



Baz Biblik:

Jenèz 1:26-27



Objektif:

Konnen ke se Bondye ki te fè men nou yo epi, se poutèt sa, nou dwe di l mèsì.

Preparasyon Klas La:



Monitè ak/oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye pou moman preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe li ak medite sou sitasyon biblik ki deja site a avèk anpil atansyon.



ENTWODIKSYON

Etidye Jenèz 1:26-27, answit, poze kesyon sa yo:

Kisa Pawòl Bondye di nou nan pasaj biblik sa?

Ki kote limanite sòti menm?

Nou rekonèt ke nou se kreyasyon Bondye epi lanmou li pa gen fen an vè nou chak. Anplis de sa, nou rekonèt ke nou gen lavi ki pap janm fini an pa mwayen Kris la epi nou fè pati de legliz la.

Anplis de sa, li Kolosyen 1 :15-23. Byen klè, nou kapab wè ke genyen yon relasyon ki etwat ant Bondye, Jezi ak kreyasyon li a.

Bondye te kreye nou pou ba li glwa ak lonè (Ezayi 43 :7) ; se poutèt sa, Li konnen tout aspè nan lavi nou, sa vle di, li konnen nou konplètman.



REFLEKSYON

Kounye a, ann gade men nou yo (goch avèk dwat), epi ann reflechi sou kesyon sa yo : kisa nou fè avèk yo ?, èske yo itilize nan fè sa ki bon ? San dout, Bondye ban nou anpil kapasite ; men tou, avèk men nou yo, nou kapab fè anpil bagay ki mal. Ann sonje, pa egzanp, kèk bagay ki pa fè Bondye plezi.

Ann drese yon lis de bon ak move bagay ke nou te fè.

Nou dwe pran yon angajman ki fidèl avèk Bondye pou nou kapab toujou itilize men nou yo pou fè sa ki byen epi evite fè bagay ki kapab ofanse Bondye.

Pou fini, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: MWEN DI W MÈSI BONDYE, POU MEN MWEN YO

SITASYON BIBLIK: Jenèz 1:26-27

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-daprè kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriyè epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Montre yo yon tablo ki genyen imaj kote genyen plizyè moun k'ap itilize men yo pou yo fè kèk travay, tankou albanyil, lave, fè manje, etc.

Après sa, endike yo bagay sa yo: "Ti moun yo, ann montre men nou yo (bat pou yo tout fè sa). Kòman yo rele? Men...(yo tout dwe repete). Trè byen, yo rele men! An nou tout leve men nou epi an nou di ansanm: Sa yo se men...(epi site non chak ti moun).

Kounye a, ann sonje kisa ke nou kapab fè avèk men yo (nan moman sa, ankouraje pou tout ti moun yo patisipe; epi après sa, kontinye). Nou kapab ekri, bat bravo, mete rad sou nou, manje, pentire, desine ak anpil lòt bagay ankò".

Ann Jwe. Montre ti moun yo pou yo kache men yo dèyè do yo. Après sa, mande yo ki kote men yo ye (mande pou tout ti moun montre w men yo). Après sa, montre ke sèlman ti fi yo pral kache ti men yo. Après sa, repete kesyon yo, men dirije yo sou ti gason yo; epi alafen, mande tout ti moun yo pou yo tout eseye patisipe.


Ann Aprann. Nan moman sa nan leson an, ou kapab poze kesyon sa yo: "Kilès moun ki te kreye men yo? (ankouraje pou tout ti fi ak ti gason yo reponn youn après lòt; après sa, kontinye)...Bondye! Trè byen! An nou di Bondye mèsè dèske li kreye men nou yo".

Aktivite. Ede chak ti moun mete dwèt yo nan penti a; epi après sa, pou yo mete etanp dijital yo plizyè fwa nan desen men yo.

Orevwa. Fè ti moun yo repase bagay sa yo: "Mèsè Bondye, pou men mwen yo". Après sa, priye pou di Bondye mèsè pou moman ke nou te pase ap aprann de Li.



**MWEN DI W MÈSI BONDYE,
POU MEN MWEN YO**



Enstriksyon yo

Metè men ou nan penti a; epi metè etanp dijital ou pou w kapab toujou sonje ti men yo.

MWEN DI W MÈSI BONDYE, POU PYE MWEN YO



Baz Biblik:

Sòm 37:31



Objektif:

Konnen ke se Bondye ki te fè pye nou yo epi, se poutèt sa, nou dwe di l mèsì.



Preparasyon Klas La:

Monitè ak/oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki te deja site a.



ENTWODIKSYON

Etidye kontni ki nan Sòm 37:31, epi obsève verite sa yo avèk anpil atasyon:

Bondye dirije lavi nou epi li klere chemen nou.

Santye li fè pou nou yo se bagay ki asire epi li kondwi nou nan bon pò. Yon fason pou ke nou kapab itilize pye nou yo pou fè volonte li.

Depi avan vèsè nou jwenn nan Sòm nan, li pwovèb 4:26-27, epi reflechi sou bagay sa a:

- N'ap mache nan yon bon chemen.
- Avèk sekou Bondye, nou pap pèdi.
- Avèk lekti biblik ak devosyon yo, n'ap toujou pran fòs nan chemen byen.
- Ann fè efò pou nou pale ak Seyè a chak jou.
- Ann chwazi yon kote ki bon pou nou priye.
- Ann mande li padon pou mal nou fè ki ofanse li yo.
- Li Pawòl Bondye a epi medite kontni li yo avèk anpil bon konprann.



REFLEKSYON

Panse avèk bagay sa yo: Kòman tan devosyon nou ye menm? Tan devosyon an se yon pati ki enpòtan anpil pou kretyen an epi, antanke monitris ak monitè, nou dwe ba li enpòtans ke li merite. Sa vle di, nou dwe bat pou ke tan devosyon nou an se yon abitud pozitif ki pran chè nan lavi esprityèl nou yo pou ke aprè nou kapab fòme ti moun yo kòm kretyen solid.

Nan tan lapriye a, nou dwe koute sa ke Bondye di lavi nou avèk anpil atasyon.

Ann priye pou nou mande Seyè a ede nou mete tout sa ke nou te aprann yo an pratik; epi nou dwe priye tou pou lavi ti moun nou yo ak paran yo.

Pou fini, prapare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: MWEN DI W MÈSI BONDYE, POU PYE MWEN YO

SITASYON BIBLIK: Sòm 37:31

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo dapre laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Montre yo yon tablo ki genyen imaj kote genyen plizyè moun k'ap itilize pye yo pou yo fè kèk travay, tankou jwe foutbòl, baskèt, etc. Après sa, mande yo ki pati nan kò moun ki nan foto yo ap itilize la.

Endike ti moun yo bagay sa yo: "Gade ti moun yo, montre pye nou yo (bat pou yo tout rive fè l). Kòman yo rele? Pye (ankouraje pou ke tout ti moun yo patisipe youn aprè lòt; epi après sa, kontinye). Trè byen, nou kapab kouri, mache, jwe boul, sote, fè gran pa, fè ti pa, ak anpil lòt bagay ankò".

Ann Jwe. Answit, leve mache—ankouraje ti moun yo pou yo swiv ou—sou liy dwat ki te deja trase atè a; après sa, montre yo trajektwa a ki tou dwat. Après sa, deplase pandan w'ap sote sou yon sèl pye epi fè chanjman ak lòt pye a. Chante kantik "Pye Pye Pye" de Bichikids (chèche sou YouTube); epi ankouraje pou ti moun yo reyalize jès yo pandan ke y'ap chante ansanm.

Ann Aprann. Poze plizyè kesyon tankou sa yo: "Kilès moun ki te kreye pye yo? Bondye! Wi, se verite, se Bondye ki te kreye pye yo". Ebyen, mande ti moun yo pou yo mete tèt yo ansanm pou di: "Mèsi Bondye, pou pye mwen yo".

Aktivite. Eksplike ti moun yo ke yo dwe repase foto pye yo. Après sa, di yo pou yo kole boulèt papye jòn yo andedan desen an.

Orevwa. Priye pou di Bondye mèsi dèske li pèmèt nou ansanm epi aprann de Li.



**MWEN DI W MÈSI BONDYE,
POU PYE MWEN YO**



Enstriksyon yo

Repase liy pwen tiye pye yo. Answit, kole boulèt papyè jòn yo nan pye yo.

MWEN DI W MÈSI BONDYE, POU ZYE MWEN YO



Baz Biblik:

Matye 6:22-23



Objektif:

Konprann ke se Bondye ki te kreye zye nou yo epi, se poutèt sa, nou dwe di: "Mèsi Bondye, pou zye mwen yo".



Preparasyon Klas La:

Monitè ak /oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki se Matye 6:22-23.



ENTWODIKSYON

Medite sou sa ki nan Matye 6:22-23, epi obsève bagay sa yo avèk anpil atansyon :

Kisa Pawòl Bondye a vle di nan vèsè biblik sa ?

Pou kisa yo dekri zye a kòm lanp kò a ?

Depi avan sa nou sot wè a, reflechi sou bagay sa yo :

Zye yo se ògàn Bondye ban nou pou ke nou kapab wè. Se avèk yo nou gade epi jwi de tout bèl kreyasyon an.

Si zye yo pa genyen okenn difikilte, nou kapab wè objè yo san pwoblèm.

Si nou bouche youn nan zye nou yo, kòman nou wè ?

Pou kesyon avan an, nou kapab reponn pou nou di ke nou t'ap wè diferan epi t'ap gen difikilte pou nou byen defini vrè nati bagay yo. Ebyen...

Pou ki rezon nou bezwen wè ?

Eske li fasil pou nou wè nan fè nwa ?

Si nou genyen vizyon fizik la, nou kapab wè kote nou prale a.

Si nou genyen vizyon espartyèl, n'ap genyen yon lavi avèk direksyon ak objektif.



REFLEKSYON

Ann panse avèk sa: Kòman zye fizik ak zye espartyèl nou yo ye ?

Si zye fizik nou yo nan bon kondisyon, n'ap genyen yon byennèt jeneral.

Si zye espartyèl yo ap fonksyone kòrèkteman, se paske limyè Seyè a nan nou menm.

Jezi te di ke lè se Bondye ki bay limyè a, n'ap genyen zye avèk kè nou byen plase.

Ann priye pou ke Bondye ede nou genyen yon bon pèsèpsyon sou reyalite ti moun nou yo ak fanmi yo, epi konsa, ede yo vin miyò chak jou.

Pou fini, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: MWEN DI W MÈSI BONDYE, POU ZYE MWEN YO

SITASYON BIBLIK: Matye 6:22-23

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Montre ti moun yo yon gwo foto ki genyen yon vizaj ki pa gen zye yo ladan li. Aprè sa, di yo konsa: "Gade ti moun...Mwen genyen de zye (ou dwe montre zye w yo). Kounye a, montre mwen zye pa nou epi di m konbyen zye nou genyen."

Kounye a, gade tout bagay ki nan antouraj nou yo epi di m ki bagay sa m'ap montre la a (touche kèk objè ki nan sal klas la); kòman li rele (ba yo tan pou ke yo panse ak repons yo, ak opòtinite pou ke yo tout patisipe)".

Ann Jwe. Fè ti moun yo konnen ke yo dwe fèmen zye yo. Nan moman sa, mande yo si yo kapab wè...Fè yo remake, jan li difisil pou yon moun viv san zye! Mande yo tou: "Èske n'ap kapab mache? Èske n'ap kapab pase men pran yon bagay? Li pap posib". Aprè sa, montre yo plizyè foto moun ak animal pou ke yo siyale zye yo. Answit, chante chan ki di "Mwen genyen de ti zye" de Jenerasyon Kids (chèche sou YouTube).


Ann Aprann. Nan sesyon sa a, poze kalite kesyon sa yo: "Kilès moun ki te kreye zye yo? Bondye, wi se vre ke se Bondye ki te kreye zye yo". Ebyen, ankouraje ti moun yo pou ke yo tout ansanm kapab di: "Mèsi Bondye, pou zye mwen yo".

Aktivite. Mande ti moun yo pou yo pentire vizaj la. Aprè sa, toudepann de laj yo, yo kapab kole zye ki kapab sekwe yo, oubyen itilize ti vizaj la kòm mask.

Orevwa. Priye pou di Bondye mèsi dèske li pèmèt nou ansanm epi aprann de Li, anlès de sa, di l mèsi pou zye nou yo ak tout sa ke li pèmèt nou wè.



**MWEN DI W MÈSI BONDYE,
POU ZYE MWEN YO**



Enstriksyon yo

Pentire vizaj la. Aprè sa, kole zye ki kapab sekwe yo oubyen itilize li kòm mask.

MWEN DI W MÈSI BONDYE, POU NEN MWEN YO



Baz Biblik:

Jenèz 2:7



Objektif:

Konnen ke se Bondye ki te kreye nen nou epi, se poutèt sa, nou dwe di l mèsì pou li.

Preparasyon Klas La:



Monitè ak/oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki se Jenèz 2:7.



ENTWODIKSYON

Medite sou sa ki nan Jenèz 2:7, epi obsève bagay sa yo avèk anpil atansyon:

Kòman Bondye te fòme lòm?

Kòman lòm te vin tounen yon èt vivan?

Lòm nan genyen de bagay ki fè li: fizik ak espiritiyèl.

Pati fizik la fèt avèk eleman ki sòti nan pousyè tè a.

Pati espiritiyèl la se sa ke Bondye te soufle nan twou nen nonm nan: "Souf lavi a". Se poutèt sa, sa vin pwodwi lavi ak pèsonalite ki fè ladiferans ant lòm nan avèk yon animal, menm jan avèk anpil lòt èt vivan tankou plant yo, etc.

Se nan tè a lòm te sòti, epi se Bondye ki te kreye li ak men pa li konfòm ak imaj e resanblans Li.



REFLEKSYON

Nou se kreyasyon Bondye, epi nou genyen anpil kapasite nan lavi nou pou nou viv alèz.

Kisa nou kapab fè avèk nen nou? Nou kapab pran sant pafen, manje, sibstans, etc.

Kisa nou t'ap ye si nou pa ta kapab santi ? Mèsì Bondye dèske li ban nou sans òlfat la. N'ap toujou di Bondye mèsì pou bèl travay sa.

Priye pou paran yo vin sansib anè bonte ti moun yo.

Pou fini, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: MWEN DI W MÈSI BONDYE, POU NEN MWEN YO

SITASYON BIBLIK: Jenèz 2:7

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-daprè kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Pote nan sal klas la plizyè objè ki genyen sant diferan (fèb ak fò) tankou colonias, bon zèb, flè, lay, sitwon, etc.

Pèmèt ti moun yo pran tout kalite sant yo. Après sa, mande yo:

Kisa w pran sant? Ki pati nou itilize nan kò nou pou nou pran sant? Nan moman sa a, mande pou yo chak touche nen yo. Après sa, chante "Mwen renmen ou" de Biper (chèche sou Youtube).

Après sa, site ki wòl nen genyen, li menm ki se detekte sant ki agreyab ak dezagreyab.

Nan moman sa, montre plizyè foto animal ak ti moun, epi mande ti moun yo pou yo siyale nen yo tout.

Ann Jwe. Montre ti moun yo ke yo pral fèmen zye yo epi yo pral pran sant yon bagay ki santi bon anpil (yon fwi). Après sa, mande yo kisa li ye (ankouraje yo tout patisipe). Après sa, mande yo rete san respire epi respire oksijèn. Answit, apwoche yon glas devan chak ti moun pandan w'ap mande yo gade nen yo epi fè yo remake kòman chak nen diferan.


Ann Aprann. Dyaloge bagay sa yo: "Kilès moun ki te kreye nen? Bondye! Wi, se verite ke se Bondye ki te kreye nen an". Ebyen, ankouraje yo tout di ansanm: "Mèsi Bondye, pou nen mwen".

Aktivite. Nan fèy aplikasyon an, eksplike epi ede chak ti moun pou yo pase kreyon an sou kote nen an.

Orevwa. Priye pou di mèsi pou tan ke nou te pase ansanm nan epi aprann anpil bagay de Bondye.



MWEN DI W MÈSI BONDYE,
POU NEN MWEN YO



Enstriksyon yo

Repase foto nen an pandan w'ap itilize yon kreyon koulè oranj. Aprè sa, chèche imaj pafen yo, fwi oubyen flè yo; rekoupe epi kole yo nan antouraj nen an.



MWEN DI W MÈSI BONDYE, POU BOUCH MWEN

**Baz Biblik:**

Sòm 8:2

**Objektif:**

Konnen ke se Bondye ki te kreye bouch nou epi, se poutèt sa, nou dwe di l mési pou bèl travay sa.

Preparasyon Klas La:

Monitè ak/oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki se Sòm 8:2.

**ENTWODIKSYON**

Medite sou sa ki nan Jenèz 8:8, epi obsève bagay sa yo avèk anpil atansyon :

Genyen anpil moun ki panse ke nan bouch ti moun yo ak lòt k'ap bwè lèt yo se sèlman son ki san enpòtans ki sòti. Se pa konsa sa ye. Ti moun yo genyen yon lespri ki frèch epi aksesib ak vwa Bondye.

Nou dwe sonje ke nan epòk pa Jezi a, yo pat konn apresye ti moun yo epi moun yo te kwè ke lè yo pase tan ak ti moun yo, se te yon tan pèdi.

Sepandan, nou wè yon bagay ki kontrè a sa ki anlè a, konpòtman Jezi fas ak ti moun yo. Lè nou byen gade, Li te menm rele yo epi mete yo nan yon bon plas: nan bra li yo.

Se sèlman avèk sekou Bondye epi obeyi ansèyman li yo, nou kapab itilize bouch nou avèk lang nou pou fè reflete prezans Bondye nan lavi nou.

**REFLEKSYON**

Bondye te ban nou bèl lèy pou nou te kapab itilize yo pou louwe ak glorifye non li.

Jezi te rele nou pou sèvi li, li te ban nou yon bon plas, epi li genyen bon mannyè pou li trete tout moun. Nou dwe konprann sansiblite ke ti moun yo genyen pou ke Bondye kapab revele nou bagay ki gran yo.

Lavi nou ak fason nou pale dwe se bagay ki fè Bondye plèzi.

Nou dwe sèvi yon bon temwayaj pou fanmi an, pwofesè ak elèv yo.

Nou dwe korije papa ak manman ti moun yo epi ti moun yo tou, lè yo itilize pawòl ki negativ yo.

Ann priye pou mande Bondye sipò li pou l ede nou chwazi pawòl ki apwopriye yo lè ke n'ap pale de Li, epi atravè bouch nou, ti moun yo kapab santi prezans li.

Pou fini, prepare materyèl pou klas la. La a, li ta bon pou nou ta fè kèk ti maryonèt yon vizaj li menm k'ap montre plizyè kalite sans (vizaj tris, vizaj kontan, etc.).

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: MWEN DI W MÈSI BONDYE, POU BOUCH MWEN

SITASYON BIBLIK: Sòm 8:2

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-daprè kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriyè epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Pote bagay sa yo nan sal klas la: Sik, sèl, kafe ak sitwon.

Mande ti moun yo pou yo fèmen zye yo, epi fè yo konnen ke yo pral gouste kèk nan aliman ki site yo (Nou konseye pou w bay yon vye ti kras, pliske genyen kèk ti moun ki sansib anpil). Après w fin obsève jès ke yo fè yo, mande yo: "Kisa w te gouste la? Kòman w fè konnen? Ki pati nan kò a ki te ede w dekouvri sa l te ye a?"

Après sa anlè a, mande yo kisa nou kapab fè avèk bouch la. Mande pou tout ti moun siyale bouch yo, epi ranfòse repons ke yo bay yo pandan ke w'ap ajoute ke nou manje avèk bouch la, nou chante, nou pale, nou soufle, nou rele byen fò, etc.

Pou kontinye, montre tout ti moun yo plizyè imaj animal ak foto plizyè ti moun, epi mande pou youn nan yo al touche kèk nan imaj yo.


Ann Jwe. Mete w byen kontan epi mande yo sa: "Kilès moun la ki kapab ouvri bouch li byen laj? Kilès moun la ki kapab rele byen fò?, etc. Trè byen!" Answit, montre yon imaj yon vizaj ki byen tris epi mande: "Kòman ti moun sa ye la? (fè yo wè jan li tris). Kòman nou fè konnen li tris?...Se vre, se akòz de jan bouch li ye a."

Ann Aprann. Nan sesyon sa a, nou bay konsèy pou w poze kesyon tankou: "Kilès moun ki te kreye bouch nou? Bondye! Wi, se vre, se Bondye ki te kreye bouch la". Ebyen, ankouraje tout ti moun yo di ansanm: "Mèsi Bondye, pou bouch mwen".

Aktivite. Distribye yon papye wouj bay chak ti fi ak ti gason. Après sa, ede yo grate papye yo epi kole yo sou desen bouch la. Yo mande pou ke monitris la rekoupe desen bouch la, epi kole li nan tèt yon bwa pou l'ap pandye (pwès) epi remèt travay li a bay chak ti moun.

Orevwa. Priye pou di mèsi pou moman ke nou te pase ansanm nan, ap aprann de Bondye.


**MWEN DI W MÈSI BONDYE,
POU BOUCH MWEN**



Enstriksyon yo

Grate papye wouj la, epi kole li sou bouch la.

MWEN DI W MÈSI BONDYE, POU ZÒRÈY MWEN YO



Baz Biblik:

1 Samyèl 3:1-21



Objektif:

Konprann ke se Bondye ki te kreye zòrèy nou yo epi, se poutèt sa, nou dwe di l mèsì pou yo.



Preparasyon Klas La:

Monitè ak/oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki se 1 Samyèl 3:1-21.



ENTWODIKSYON

Medite sou sa ki nan 1 Samyèl 3 :1-21, epi obsève bagay sa yo avèk anpil atansyon:

Tande a se yon ògann ki enpòtan anpil nan kò moun. Li sèvi nou pou ke nou kapab resevwa oubyen pale epi nan fason sa a nou kapab entè aji avèk lòt moun. Tande yo pwoteje sou deyò pa mwayen zòrèy yo. Se poutèt sa ke nou dwe pwoteje zòrèy yo pa mwayen netwayaj ak ijèn pèsònèl nou yo. Se menm jan tou, nou kapab pran swen tandè nou yo lè ke nou pèmèt ke sèlman bon bagay ki kapab ede nou avanse nan lavi kreyèl nou rantre ladan l.

Lekti biblik la anseye nou ke malgre ke li pat yon bagay ki te abitud nan tan sa yo pou tandè Pawòl Bondye; sepandan, Seyè a te rele Samyèl pandan li t'ap dòmi nan tanp lan.

Samyèl te reponn apèl Bondye a konsa: "Men mwèn".

Bondye te rele Samyèl kat fwa, epi Sakrifikatè Eli te rann li kont ke se Bondye ki t ap rele Samyèl.

Bondye te pwomèt Samyèl gwo bagay akòz de obeyisans li. Se poutèt sa ke Seyè a te di ke li ta pral pini pitit Eli yo akòz de dezobeyisans yo nan tanp li a.

Jewova te toujou rete bò kote Samyèl, paske li te yon bon pwofèt.



REFLEKSYON

Ann bat pou nou genyen yon bon relasyon pèsònèl avèk Bondye epi pou lafwa nou pa rafredi. Nou dwe sonje ke Bondye pale avèk nou toutan. Ann aprann koute vwa li byen rapid ak mesaj ke li vle ban nou an.

Bondye pa chanje, li se menm Bondye ayè a, jodi a ak pou toujou!

Priye pou di Bondye mèsì pou bèl moman sa a epi mande li pou l ede nou tandè vwa li epi fè volonte li. Ann priye pou ti fi ak ti gason ki nan klas nou yo tou.

Pou fini, prepare materyèl pou klas la : anpil bri ki fèt avèk plizyè boutèy plastik oubyen mamit avèk bagèt bwa. Mete andedan chak vèsò, anpil grenn semans, anpil ti wòch, diri, grenn mayi, etc.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: MWEN DI W MÈSI BONDYE, POU ZÒRÈY MWEN YO

SITASYON BIBLIK: 1 Samyèl 3:1-21

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-daprè kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriyè epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Pote plizyè kalite objè diferan ki kapab fè anpil bri, epi kache yo nan sal klas la pou ti moun yo pa wè yo. Objè sa yo kapab se bagay sa yo: selilè, tanbouren, ti aparèy mizik, etc.; epi fè yo sonnen, men san w pa kite ti moun yo wè yo. Konsa, mande yo, ki objè ki fè tèl son (epi fè yo tande son enstriman an)... Repete son enstriman oubyen objè a ankò.

Answit, mande yo ki son ke yo te plis renmen...Ba yo yon ti tan pou ke yo kapab panse epi kapab bay repons yo.

Mande yo ankò: "Kote zòrèy ou yo ye? Pou fè kisa nou gen bezwen zòrèy nou yo? (ankouraje pou tout ti moun yo patisipe)". Aprè sa, mande yo pou yo touche zòrèy ti zanmi yo a avèk anpil atansyon. Epi fè yo panse ke avèk tande yo, nou koute son yo, mizik la, vwa manman ak papa nou, etc.

Ann Jwe. Eksplike ti moun yo ke yo pral chante yon chan ak vwa yo byen fò epi nan menm tan an, y'ap frappe tab la. Aprè sa, di yo ke yo pral chante ak vwa yo yon ti jan pi ba; epi finalman, yo pral chante ak vwa yo pi ba toujou. Se konsa, mande yo: "Èske moun te kapab tande sa nou t'ap di nan chan an lè nou t'ap chante tou piti a?... Non, èske se vre? Se te paske nou te sèlman bat bouch nou. Kisa ki te pase ebyen? Nou pat tande anyen".

Nan pwèn sa a, ankouraje yo reflechi sou kesyon sila a: "Avèk kisa nou tande? Nou gen bezwen zòrèy yo".


Ann Aprann. Mande ti moun yo: "Kilès moun ki te kreye zòrèy yo ? Bondye! Wi, se vre. Se Bondye ki te kreye zòrèy yo". Ebyen, an nou tout di ansanm: "Mèsi Bondye, pou zòrèy mwen yo".

Aktivite. Eksplike ti moun yo pou yo kole plastilin nan sou desen zòrèy yo.

Orevwa. Priye pou di Bondye mèsi pou moman sa ke li te pèmèt nou pase ap aprann de Li.



MWEN DI W MÈSI BONDYE,
POU ZÒRÈY MWEN YO



Enstriksyon yo

Kole plastilin koulè po a oubyen jòn nan sou desen zòrèy yo.

AVÈK MEN MWEN YO, MWEN KAPAB TOUCHE



Baz Biblik:

Mak 1:40-44



Objektif:

Konprann ke Jezi te geri yon nonm ki te malad avèk men li yo.



Preparasyon Klas La:

Monitè ak/oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki se Mak 1:40-41.



ENTWODIKSYON

Medite sou lekti ke yo endike nou an, epi obsève bagay sa yo avèk anpil atansyon:

Nonm ki gen lèp la te mete ajenou devan Jezi pou mande l gerizon.

Jezi te di nonm nan : "Ou geri", pandan li touche li avèk men l yo.

Li te gen pitye pou nonm sa ki te malad la.

Jezi te voye nonm nan al prezante tèt li devan sakrifikatè a ; li te nesèsè pou l t'al kote sakrifikatè a pou bay temwayaj.



REFLEKSYON

Kòman nou santi nou lè nou malad ? Kòman nou dwe trete malad yo? Kilès moun nou dwe touche nan non Jezi ?

Nan mond lan, genyen anpil moun ki malad. Anpil fwa, maladi yo gen nati fizik ak espirityèl.

Kisa nou dwe fè pou moun ki nan bezwen yo ?

Konbyen nan paran ti moun nou yo ki malad ?

Nou dwe pale avèk yo de Kris la epi ba yo bon temwayaj avèk pwòp lavi pa nou.

Priye Seyè a pou moun ki malad yo ak moun ki poko konnen Kris la pou ke yo kapab vini resevwa lavi ki pap janm fini an nan Li. Priye tou pou ti moun yo pou ke yo kapab sèvi yon pon ant paran yo avèk legliz la. Sa se pou yo kapab resevwa touche espirityèl Jezi a finalman.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: AVÈK MEN MWEN YO, MWEN KAPAB TOUCHE

SITASYON BIBLIK: Mak 1:40-41

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-daprè kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Pote yon bwat sipriz nan klas la oubyen yon sachè ki genyen plizyè objè kote ke ti moun yo kapab foure men yo. Mande yo pou yo eseye di kisa yo touche a. Nou konseye w toujou bay endikasyon yo epi/oubyen règ dinamik la, yon fason ki klè ak espesifik; yon fason pou ke sa kapab devlope san pwoblèm, jis epi nan lòd. Gade sou entènèt modèl "bwat sipriz yo".

N'ap Rakonte Istwa Bibli Sa: Yon jou, Jezi te rankontre yon nonm ki malad. Nonm nan te tris anpil; paske tout kò l t'ap fè l mal, tout po sou kò l t'ap fè l mal anpil anpil. Pa genyen okenn moun ki te renmen li akòz de sa; pèsòn pat vle pwoche bò kote li; li te genyen yon move maladi. Men yon jou, nonm sa te pwoche bò kote Jezi, li mete ajenou devan Li epi li di Jezi konsa: "Èske w kapab geri mwen?" Ebyen, Jezi te di li: "Wi, mwen vle geri w"; epi menm kote a, nonm nan te geri. Ala yon gwo mèvèy! Doktè yo pat kapab geri l, sèlman Kris ki te kapab geri li avèk gwo lanmou san limit li a avèk pouvwa li. Après sa, nonm sa pat tris ankò. Kounye a, li te kontan (obsève si ti moun yo montre tristès oubyen lajwa sou vizaj yo). Priye an silans, epi kite Sentespri a gide ou. Petèt se moman sa ke Bondye pral itilize w pou w kapab priye pou kèk nan ti moun yo, oubyen pou sante kèk manm nan fanmi yo. Priye avèk timoun yo se yon benediksyon espesyal.

Ann Jwe. Mande pou tout ti moun yo kanpe nan yon bò sal klas la, fè yo fè vizaj yo byen tris epi di: "Pòv malere nonm nan, pèsòn pat renmen li!" Après sa, pandan y'ap souri, se pou yo di: "Jezi te geri li!" Après sa, mande yo pou yo kenbe youn lòt. Après sa, fè ti moun yo chita atè a. Chwazi kèk ti moun ki pou pase devan pou ke yo kapab reprezante istwa bibli la pandan ke w'ap rakonte li. Ou dwe trè enteresan epi mete kantite ti moun ke w kapab.







Ann Aprann. Mande ti moun yo kilès ki te fè mirak yo... "Jezi, wi se paske li se Bondye epi li genyen tout pouvwa." Konsa, ankouraje yo di ansanm: "Mèsi Bondye!"

Aktivite. Mande ti moun yo pou yo antoure tout objè ke moun kapab touche yo. Après sa, mande yo pentire desen yo.

Orevwa. Priye pou di Bondye mèsi pou moman sa ke li te pèmèt nou pase ap aprann de Li.



AVÈK MEN MWEN YO,
MWEN KAPAB TOUCHE



Enstriksyon yo

Antoure tout objè ke moun kapab touche yo. Answit, pentire desen yo.

AVÈK PYE MWEN YO, MWEN KAPAB MACHE



Baz Biblik:

Mak 2:1-12



Objektif:

Konprann ke Jezi te geri yon nonm ki pat kapab mache.



Preparasyon Klas La:

Monitè ak/oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki se Mak 2:1-12.



ENTWODIKSYON

Medite sou lekti ke yo endike nou an, epi obsève bagay sa yo avèk anpil atansyon:

Anpil moun te konn swiv Jezi pou yo te koute Pawòl Bondye a.

Genyen yon nonm ki te kokobe depi lontan, zanmi l yo te pran l pote bay Jezi; men yo pat kapab rive devan Jezi avèk li paske foul la te anpil. Poutèt sa, zanmi ki te pote nonm kokobe a yo te ouvè fetay kay la epi glise nonm nan desann ladan li.

Lè Jezi te wè lafwa mesye sa yo, li te geri nonm kokobe a. Nonm sa te resevwa gerizon nan men Bondye epi li te leve l'ale. Ebyen, kokobe a te pran nat li epi leve devan tout moun ki te rasanble yo l'al fè wout li. Sepandan, te genyen anpil doktè lalwa ki te fache akoz de sa ke Jezi te fè a.

Lè foul moun yo te wè mirak sa a, yo te sezi anpil epi yo tout t'ap bay Bondye glwa. Tout moun t'ap di: "Se premye fwa nou wè yon bagay konsa".



REFLEKSYON

Peche a se yon bagay ki limite moun yo, se menm jan ak lè anpil difikilte lavi sa fè nou pa kapab avanse.

Jezi padone nou fizik ak esprityèlman.

Ayè, Jezi te montre nou kijan li gen tout pouvwa pou l geri ; men li montre nou li jodi a tou ; epi l'ap toujou kontinye montre nou li.

Nou tout kapab ede moun ki nan bezwen yo nan non Jezi ki se Kris la.

Priye pou preparasyon klas la epi priye tou pou fwaye ti moun yo.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: AVÈK PYE MWEN YO, MWEN KAPAB MACHE

SITASYON BIBLIK: Mak 2:1-12

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-daprè kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Kòmanse pandan w'ap chante chan ki di "Andedan, deyò, anwo, anba" de Benito (chèche sou Youtube); epi answit, rakonte yo istwa bibli la.

N'ap Rakonte Istwa Bibli Sa: Yon fwa, te genyen yon nonm ki pat kapab mache. Li pat kapab fè mouvman ak pye li ni janm li yo. Nonm sa te genyen kat zanmi ki te vle wè nonm nan mache. Yon jou, yo te tandè nan bouch moun ke Jezi kapab geri moun ki malad. Ebyen, yo te pote zanmi yo a kote Jezi te ye a; kòm te tèlman gen anpil moun, yo te oblije monte yon do kay. Yo te fè yon gwo twou epi yo te file zanmi yo a desann nan twou a pou l te rive devan Jezi a egzakteman. Lè Jezi te wè sa, li te di yo konsa : "Mwen pral geri zanmi nou an". Lè sa a, li di nonm malad la konsa : "Pran nat ou, leve mache!"

Fè yon ti kanpe nan pwèn sa, epi pale avèk ti moun yo sou bagay sa yo: "Kilès ki te fè sa?... Wi, se Jezi ki te fè l ak gwo pouvwa li. Se pa ti kontan nonm nan te kontan! Kounye a, li te kapab mache epi kouri...".

Ann Jwe. Oganize yon ti kan ak yon balon pou ke ti moun piti yo jwe yon ti pati foutbòl. Sa mande pou ti moun yo fè sa ak tout libète yo; men fòk monitè oubyen monitris yo la pou kontwòl jwèt la tou, di yo: Atansyon!, epi aprè sa, mande yo pou yo jwe san yo pa fè mouvman ak janm yo ni ak pye yo. Aprè sa, fè yo reflechi pandan w'ap di yo pawòl sa yo: "Èske nou kapab jwe san nou pa fè mouvman avèk janm nou? ...Se klè ke non. Li difisil pou nou jwe foutbòl san nou pa fè mouvman avèk janm yo. Eske n'ap kapab kouri san nou pa fè mouvman avèk janm yo? Non, se byen difisil".

Ann Aprann. Poze ti moun yo men kesyon sa a: "Kilès moun ki te fè mirak yo? ... Jezi, wi; paske Li se Bondye epi li genyen tout pouvwa". Aprè sa, ankouraje yo tout repete ansanm: "Mèsi Bondye".

Aktivite. Ankouraje ti moun yo pentire sapat yo avèk yon izòp.

Orevwa. Priye pou di Bondye mèsi pou moman sa ke li te pèmèt nou pase ap aprann de Li.



AVÈK PYE MWEN YO,
MWEN KAPAB MACHE



Enstriksyon yo

Pentire sapat yo avèk yon izòp.

AVÈK ZYE MWEN YO, MWEN KAPAB WÈ



Baz Biblik:

Mak 10:46-52



Objektif:

Konprann ke Jezi avèk gwo pouvwa li, li te geri yon nonm ki te avèg.



Preparasyon Klas La:

Monitè ak/oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki se Mak 10:46-52.



ENTWODIKSYON

Medite sou lekti ke yo endike nou an, epi obsève bagay sa yo avèk anpil atansyon:

- Mirak la te pase nan lavil Jeriko.
- Nonm avèg la te chita bò wout la.
- Li te mande kisa k'ap pase konsa.
- Moun yo te di avèg la ke se Jezi ki t'ap pase bò la a.
- Nonm avèg la te rele Jezi pou l te pote l sekou, men moun yo te mande l pou l te fèmen bouch li.
- Nonm avèg la te rele pi fò toujou: "Jezi, gen pitye pou mwen !"
- Jezi te tande l, li te mande pou yo te mennen l ba li, epi li te mande nonm nan: "Kisa w vle pou m fè pou ou?"
- Nonm avèg la te reponn: "Mwen vle wè".
- Jezi te geri nonm nan akòz de lafwa li, epi menm kote a li te swiv Jezi.



REFLEKSYON

Nonm avèg la te gen anvè rankontre avèk Jezi.

Lè tout dezi nou se te rankontre avèk Jezi, difikilte ak kritik yo pat gen enpòtans pou nou.

Nou dwe genyen anpil pèsèverans nan rele Bondye ak lafwa ke Bondye ap koute nou epi l'ap ban nou sa ke nou mande a.

Nou dwe rekonesan anvè Bondye epi di li mèsi pou toujou.

Jezi pa chanje, li se menm nan de ayè, jodi a ak pou tout syèk ; li kapab fè gwo bagay nan chak monitè ak monitris, nan chak ti fi ak ti gason yo tou.

Ann priye pou nou di Jezi mèsi pou Pawòl li ak sa ke li fè nan chak vi.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: AVÈK ZYE MWEN YO, MWEN KAPAB WÈ
SITASYON BIBLIK: Mak 10:46-52

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-daprè kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriyè epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Kòmanse klas la pandan n'ap chante chan sa: "Atansyon" de Biper ak zanmi li yo (chèche sou Youtube). Aprè sa, rakonte istwa biblik la.

N'ap Rakonte Istwa Biblik Sa: Se te yon fwa, te gen yon nonm ki te rele Batime ki pat kapab wè paske li te avèg, epi pou rezon sa a, li pat kapab travay. Akoz de eta li, chak jou li te chita atè a ap di: "Tanpri souple, pote m sekou non, ban m yon ti kòb". Moun k'ap pase te konn lage yon ti tchèl nan kwi Batime, epi yon jou Jezi t'ap pase bò la a, epi lè Batime te tande gwo bri a, li fè yon gwo rèl: "Tanpri souple, ede m!" Moun yo mande pou l fèmen bouch li; men Batime te rele pi fò, epi Jezi te tande li, li te kanpe epi li mande l: "Kisa w vle pou m fè pou ou?", Batime te reponn li: "Mwen vle wè, ede m souple". Epi menm kote a li te wè.



Fè yon ti kanpe nan pwen sa, epi pale avèk ti moun yo sou bagay sa yo: Kòman Jezi te kapab fè sa? ... Ranfòse repons ti moun yo pandan ke w'ap di yo, Jezi se Bondye epi se sèlman Li menm ki genyen tout pouvwa.

Ann Jwe. Di ti moun yo ke nou pral jwe yon pyès sou "Avèg Batime". Poutèt sa, mare zye ti moun ki pral jwe wòl Batime a (itilize tout resous ki nesèsè yo). Aprè sa, fè yon wonn pou wè mirak sa a lè Jezi te fè avèg la wè a (riban ki te mare zye ti moun nan vin delage) epi kounye a, avèg la kapab wè. Ebyen, endike ti moun yo ke nou tout byen kontan epi nou bat bravo byen fò; paske se sèlman Jezi ki kapab fè anpil mirak nan epòk sa yo.

Ann Aprann. Poze ti moun yo kesyon sa a: "Kilès moun ki te fè mirak yo? ... Jezi, wi; paske Li se Bondye epi li genyen tout pouvwa". Aprè sa, ankouraje yo tout repete ansanm: "Mèsi Bondye".

Aktivite. Distribye papyè jounal bay chak ti moun yo epi mande yo pou yo chèche twa imaj objè ke yo genyen lakay yo. Aprè sa, ede yo rekoupe desen sa yo pou ke yo kole yo andedan wonn yo.

Orevwa. Priye pou di Bondye mèsi pou moman sa ke li te pèmèt nou pase ap aprann de Li.



Enstriksyon yo

Chèche twa imaj objè ke ou genyen lakay ou. Answit, kole yo andedan wonn yo.



 LESON
36

AVÈK NEN MWEN, MWEN KAPAB SANTI



Baz Biblik:

2 Korentyen 2:14-17



Objektif:

Konnen ke nou se bon sant,
sant Kris la pou Bondye.

Preparasyon Klas La:



Monitè ak/oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki se 2 Korentyen 2:14-17.



ENTWODIKSYON

Medite sou lekti ke yo endike nou an, epi obsève bagay sa yo avèk anpil atansyon:

Kisa pòsyon biblik sa anseye nou?

Kisa Pòl te santi?

Kòman Pòl te santi prezans Bondye nan lavi li?

Kòman Pòl te ekspri lanmou li anvè zanmi li yo?

Pou kisa Pòl te di Bondye mèsi pou Jezi ki se Kris la?

Nou menm ki se moun sove yo, kòman nou ye pou Bondye?

Kòman moun ki pèdi yo ye menm?

Kòman nou dwe pale Pawòl Bondye a?

Nan lavi apot Pòl, genyen anpil bèl ansèyman ki dwe transmèt bay ti moun nou yo. La a li enpòtan pou nou konsidre karaktè, senserite ak lafwa ke Pòl te byen fonde nan levanjil Kris la ak rekonesans li anvè Bondye pou tout sa ki te rive li.



REFLEKSYON

Nou dwe genyen menm kouraj avèk Pòl.

Jezi pa chanje, li toujou rete menm moun ki kontinye ap fè zèv li reyalize nan chak vi.

Bondye pa gen limit epi li toujou ede nou nan tout sikonstans.

Lavi kreyèn nou se tankou yon bon sant ki rive nan prezans Bondye.

Ann pale de Kris la nenpòt ki kote nou pase.

Priye Bondye pou ke nou kapab sèvi kòm predikatè gran mesaj sa pou ti moun nou yo; paske yo se yon sant ki santi bon pou Seyè a. Ann priye pou ministè edikasyon kreyèn nou an tou.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: AVÈK NEN MWEN, MWEN KAPAB SANTI

SITASYON BIBLIK: 2 Korentyen 2:14-17

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo dapre laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. N'ap Rakonte Istwa Biblik Sa: Rakonte istwa biblik la: Vwala se te yon nonm ki te rele Pòl, li te konn ap mache anseye moun osijè de Bondye ak gwo pouvwa li. Li te konn anseye moun yo tou ke—si nou fè bon moun epi nou fè sa ki fè Bondye plezi—Li pran sant nou santi "bon" anpil. Sa vle di, nou tankou sant ki santi bon anpil, sa se plis lè n'ap pataje Pawòl Bondye a avèk moun ki abite nan menm kay avèk nou.

Poutèt sa, nou dwe pale de Bondye chak jou.

Ann Jwe. Eksplike ti moun yo ke nou pral mare zye yo; epi aprè sa, yo pral pran sant, fwi ak plizyè lòt aliman. Answit, nou dwe prezante devan yo chak eleman pandan n'ap mande yo kisa li ye. Yo dwe reponn (selon sant ke yo detekte a) pou yo di si se (pòm, bannann mi, jelatin, etc.).





Ann Aprann. Mande ti moun yo kilès moun ki te fè tout bèl bagay sa yo. Afime ke se te Bondye avèk gwo pouvwa li. Ankouraje yo di ansanm: "Mèsi Bondye!"

Aktivite. Endike ti moun yo ke yo dwe trase yon liy ki sòti nan desen nen an pou rive nan imaj objè yo pran sant yo.

Orevwa. Chante yon kè chan pou nou di Bondye mèsi epi fini klas la avèk yon priye.



**AVÈK NEN MWEN,
MWEN KAPAB SANTI**



Enstriksyon yo

Trase yon liy ki sòti nan desen nen an pou rive nan imaj objè yo pran sant yo; epi pentire.



 LESON
37

AVÈK BOUCH MWEN, MWEN KAPAB PALE



Baz Biblik:

Mak 7:31-37



Objektif:

Konprann ke Jezi te geri yon nonm ki te soud-bèbè, paske Li se Bondte ki genyen Tout pouvwa.



Preparasyon Klas La:

Monitè ak/oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki se Mak 7:31-37.



ENTWODIKSYON

Medite sou lekti ke yo endike nou an, epi obsève bagay sa yo avèk anpil atansyon:

Legliz la gen zye li fikse sou sosyete a, epi nan sans sa a, li atende nesosite moun ki gen pwoblèm yo.

Nan epòk pa Jezi a, anpil moun te jwenn gerizon epi te jwenn solisyon ak pwoblèm yo.

Yo te mennen yon nonm ki te soud-bèbè bay Jezi pou l te mete men sou li akòz de pwoblèm li te genyen an : li pat tande ni pale byen.

Jezi te retire l nan mitan foul moun yo pou montre li pouvwa li dirèkteman.

Seyè nou an te geri nonm ki te soud-bèbè a pandan li te mete dwèt li nan zòrèy mesye a epi touche lang li.

Jezi te leve tèt li gade syèl la pou bay Papa li glwa.

Jezi te bay nonm soud-bèbè a lòd pou l pat di sa ki te pase a. Sepandan, nonm ki te soud-bèbè a te fè nouvèl mirak la gaye.

Tout moun te sezi pou sa ki te pase a.

Jezi gen pouvwa pou toujou. Mond lan ak tout sa ki te kreye yo koube anba volonte li.



REFLEKSYON

Nou dwe rekonesan anvè Bondye pou tout sa ke li fè nan lavi nou. Definitivman, se sèlman li menm ki kapab rann nou sansib pou nou ede lòt moun ki nan nesosite k'ap viv bò kote nou yo ; yon fason pou ke yo kapab jwenn solisyon pou pwoblèm fizik ak espiritiyèl ke yo genyen an.

Priye pou di Bondye mèsi `pou favè ke nou resevwa nan men li epi pou lanmou ke li genyen pou limanite, di li se pou li itilize bouch nou pou pote esperans ak bon nouvèl yo bay sa ki gen bezwen li yo.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: AVÈK BOUCH MWEN, MWEN KAPAB PALE

SITASYON BIBLIK: Mak 7:31-37

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-daprè kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriyè epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Kòmanse sezyon sa pandan w'ap mande pou kisa nou bezwen bouch la (ankouraje tout ti moun yo patisipe). Asireman, w'ap tande repons tankou sa yo: "pou nou pale, pou nou manje, pou nou rele, pou nou chante, etc."... Nou konseye w ranfòse repons ti moun yo nan repete sa yo te di yo. Après sa, rakonte istwa bibliik la.

N'ap Rakonte Istwa Bibliik Sa: Yon jou, te genyen anpil moun bò kote Jezi. Pami moun sa yo, te genyen yon nonm ki pat kapab ni tande ni pale. Lè sa a, moun yo mande Jezi: "Tanpri souple, ede li!" Jezi te pran l nan men li epi deplase pou al yon kote poukont li avèk nonm nan sèlman; epi li te touche de zòrèy nonm nan. Après sa, li te touche lang nonm soud-bèbè a avèk dwèt li epi li di konsa: "Se pou w ouvri", epi menm kote a mirak la te fèt.

Ann Jwe. Prepare yon valiz papyè pou chak ti moun, oubyen antouka, fè yon valiz an papyè modèl pou yo chak. Après sa, remèt ti moun yo yon imaj ki genyen de pati ki kapab konpoze vizaj la. Ede yo kole vizaj la; ak bouch la, nan baz valiz la.

Ann Aprann. Mande ti moun yo: "Kilès moun ki te fè nonm soud-bèbè a tande?... Wi, se te Jezi ki se Bondye epi li genyen tout pouvwa". Ankouraje yo di ansanm: "Mèsi Bondye!"

Aktivite. Endike ti moun yo pou ke yo konplete pati vizaj ki manke a nan imaj yo.

Orevwa. Priye pou di Bondye mèsi pou moman ke nou te pase ansanm epi aprann plis bagay sou Bondye.



**AVÈK BOUCH MWEN,
MWEN KAPAB PALE**



Enstriksyon yo

Komplete pati vizaj ki manke nan imaj ti gason ak ti fi a. Aprè sa, pentire.

**AVÈK ZORÈY MWEN,
MWEN KAPAB KOUTE****Baz Biblik:**

Matye 13:1-23

**Objektif:**

Remèsye Bondye pou kapasite li ban nou pou ke nou kapab koute istwa biblik yo avèk plis fasilite.

**Preparasyon Klas La:**

Monitè ak/oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki se Matye 13:1-23.

**ENTWODIKSYON**

Medite sou lekti ke yo endike nou an, epi obsève bagay sa yo avèk anpil atansyon:

Kisa lekti biblik la di nou?

Nan "Parabòl nonm k'ap simen an", kisa wayòm Bondye a siyifi.

Jezi te chita nan sab bò lanmè a.

Moun yo te wè li epi pwoche bò kote li pou yo tande pawòl li.

Jezi te monte nan yon kannòt, epi li t'ap anseye avèk anpil parabòl. Youn nan yo se te parabòl nonm k'ap simen an.

Jou sa a, Seyè a te anseye ke genyen kat gwoup semans nan kat kalite tè direfan. Men se sèlman dènye pati semans lan ki te tonbe nan bon tè epi te bay anpil fwi.

Tande yo la pou moun koute oubyen konprann bon bagay oubyen move bagay. Sepandan, Bondye ede nou koute bon bagay epi mete yo an pratik.

**REFLEKSYON**

Nou se moun ki byennere dèske nou kapab tande ak wè bagay ki bon.

Moun ki tande pawòl ki pale sou Peyi Wa a men ki pa konprann li, yo sanble ak tè bò chemen an, kote kèk grenn te tonbe: Satan vini, li rache pawòl ki te simen nan kè yo a.

Gen lòt ki tankou tè ki gen anpil wòch la. Lè yo fèk tande pawòl la, yo resevwa l' ak kè kontan.

Men, yo pa kite l' pouse rasen nan kè yo. Yo pa kenbe l' pou lontan. Lè yo tonbe anba tèt chaje ak pèsikasyon akòz pawòl Bondye a, lamenn yo jwenn okazyon pou yo tonbe nan peche.

Gen lòt ankò ki resevwa pawòl la tankou grenn ki tonbe nan mitan pikan. Yo tande pawòl la, men traka lavi ak anvi gen lajan, tou sa toufe pawòl la, kifè yo pa ka bay anyen menm.

Moun ki resevwa pawòl la tankou grenn ki tonbe nan bon tè a, se moun ki konprann pawòl la lè yo tande li. Lè sa a, yo donnen. Gen ladan yo ki bay san, yon lòt bay swasant, yon lòt bay trant.

Ann egzamine pwòp lavi pa nou...Ki kalite tè ke nou ye? Ann bat pou nou pote fwi bay ti moun yo.

Nou dwe priye Seyè a pou ke lavi espiritiyèl nou kapab toujou yon bon tè, epi nou pral prepare teren blan sa yo nan lavi ti moun nou yo.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: AVÈK ZORÈY MWEN, MWEN KAPAB KOUTE

SITASYON BIBLIK: Matye 13:1-23

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo dapre laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Rakonte ti moun yo istwa sa: Vwala se yon fwa te genyen yon ti chyen ki gen koulè mawon, yo te rele l Bobby. Rosita ak Carlitos t'ap jwe avèk Bobby. Bobby renmen jwe avèk balon wouj li a, li te renmen manje manje li epi bwè dlo tou. Lè Bobby pat rekonèt yon moun, li te jape moun nan pou l te pwoteje kay la.

Après w fin rakonte yo istwa sa a, poze yo kesyon sa yo: "Kòman ti chyen an te rele? Ki koulè ti chyen an te genyen? Kilès moun ki t'ap jwe ak Bobby?"

Di yo ke yo tout kapab reponn, paske yo te tande istwa a. Lè sa a, fè yo wè jan sa enpòtan pou yo tande avèk anpil atansyon lè yon moun ap pale.

Ann Jwe. Envite ti moun yo patisipe nan dinamik la ki rele "Di m ki objè li ye". Monitris la ap itilize senk objè ki kapab fè bri; epi ti moun yo ap sèlman rete koute son yo. Après sa, mande yo: kisa nou tande? Ki objè ki fè bri sa (egz: fèy papye, yon klòch, yon soufflèt, etc.).





Ann Aprann. Di ti moun yo ke li enpòtan anpil pou nou koute lè paran nou yo ap pale nou; paske sa fè Bondye plezi.

Aktivite. Endike ti moun yo pou ke yo fè yon X sou objè ki bay son ki agreyab yo. Après sa, mande yo pou yo pentire desen yo.

Orevwa. Ankouraje pou ke chak ti moun fè yon priye byen kout pou di Bondye mèsi pou zòrèy ke li ban nou yo epi yo menm ki pèmèt nou kapab koute.



**AVÈK ZORÈY MWEN,
MWEN KAPAB KOUTE**



Enstriksyon yo

Fè yon X sou objè ki bay son ki agreyab yo. Aprè sa, mande yo pou yo pentire desen yo.



 LESON
39

SE BONDYE KI FÈ TOUT KÒ MWEN



Baz Biblik:


Sòm 139:13-16



Objektif:

Rekonèt ke se Bondye ki te fè kò nou, epi di li mèsi pou gwo mèvèy sa.

Preparasyon Klas La:



Monitè ak/oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki se Sòm 139:13-16.



ENTWODIKSYON

Medite sou lekti ke yo endike nou an, epi obsève bagay sa yo avèk anpil atansyon:

Kisa salmis la di nou nan chapit sa?

Kilès moun ki te kreye nou tout?

Nan ki kategori nou plase ?

Pou ki rezon ke Bondye te kreye nou ?

Depi avan ke tout bagay te kreye, Bondye te déjà la. Orijin li se depi nan letènite pou rive jous nan letènite. Li se Kreyatè ak Otè lavi nou; se Li menm ki te fòme nou andedan vant manman nou, li konnen kò nou, epi li te kreye nou yon ti kras pi piti pase zanj yo. Sepandan, li ban nou privilèj pou nou vin kouwòn kreyasyon an epi li mete tout sa ki kreye yo anba kontwòl nou. Se menm jan an, kò nou avèk fonksyonman li anba yo rete anba volonte Bondye.

Pou tout benediksyon ke li ban nou, nou dwe pwoteje kò sa ki se tanp Lespri Bondye a tou ak travay ke li fè ak men li yo. Anplis de sa, pwoteksyon sa dwe bay ni andedan, ni deyò pou ke kapab genyen yon swen san mank.



REFLEKSYON

Ala bèl sa bèl lè nou konnen ke kò sa nou genyen an se pou Bondye li ye epi fonksyonman li depann de volonte Kreyatè a epi pou rezon sa, nou dwe pran swen li pou l kapab genyen bon sante fizik ak espirityèl!

Priye Seyè a pou ke tout lavi nou toujou rete sou sèvis Li, epi nan fason sa, nou kapab rekonesan pou tout sa li fè pou nou.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: SE BONDYE KI FÈ TOUT KÒ MWEN

SITASYON BIBLIK: Sòm 139:13-16

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Di ti moun yo ke Bib la pale nou de yon nonm yo rele David. Li te ekri osijè de Bondye, epi pawòl li yo rete anrejistre nan Bib la. Yon jou, David te di: "Mwen di w mèsi Bondye paske ou te kreye mwen, epi menm lè te nan vant manman mwen, ou te konn tout bagay de mwen. Ou te kreye kò mwen, bra mwen yo, janm mwen yo, pye mwen yo, tèt mwen, vizaj mwen, etc. Ala Bondye mwen an bon!"

Ann Jwe. Tout monitè ak monitris yo dwe kanpe sou kote epi kòmanse fè kèk mouvman pou ankouraje ti moun yo pou imite yo, pandan y'ap di ki enpòtans chak pati nan kò a genyen. Pa egzanp: (sekwe janm yo) "Janm yo la pou moun mache, kouri, sote. Bra avèk men yo la pou anbrase, bat bravo, ekri. Bouch la te kreye pou chante, pale, rele, manje, etc."

Après sa, fòmen yon gwo devinèt sou kò moun ansanm avèk tout ti moun yo. Sa mande pou l pa fèt avèk anpil pati nan kò a, epi fòk yo gwo; pou ke tach la kapab pi fasil pou ti moun yo. Après sa ki pase anlè a, kesyone: "Kilès moun ki te kreye k l?"



Ann Aprann. Eksplike ke Bondye te kreye nou. Se poutèt sa, nou kapab di: "Mèsi Bondye, paske ou te kreye mwen".

Aktivite. Mandè ti moun yo pou yo antoure imaj ki koresponn nan (selon espès yo). Answit, di yo pentire li.

Orevwa. Chante kè ki di: "Tèt, zèpòl yo, jenou yo, pye yo" de KeyKids (chèche sou Youtube); oubyen "Torit, wobo a" de Biper et ses amis (chèche sou Youtube). Après sa, priye pou di Bondye mèsi dèske li te kreye lòm konfòm ak imaj e resanblans li.



SE BONDYE KI FÈ
TOUT KÒ MWEN



Enstriksyon yo

Antoure imaj ki koresponn avèk ou a, konfòm ak espès ou ; epi aprè sa, pentire li.

INITE

4

JEZI SE ZANMI MWEN, LI PWOTEJE MWEN, TOUT KOTE M'ALE

SEMÈN 1:

NOU ENPÒTAN ANPIL

SEMÈN 2:

MWEN BEZWEN JEZI, CHAK JOU

SEMÈN 3:

MWEN PRAL APRANN BAGAY KI BON

SEMÈN 4:

MWEN KONNEN KOMINOTE M NAN

SEMÈN 5:

M'AP APRANN ITILIZE TI BIB MWEN AN

SEMÈN 6:

M'AP APRANN PRIYE

SEMÈN 7:

M'AP CHANTE POU BONDYE M NAN

SEMÈN 8:

BON NOUVÈL JEZI KI SE WA A

SEMÈN 9:

ANONS NESANS JEZI A

SEMÈN 10:

JEZI TE FÈT NAN LAVIL BETLEYÈM

SEMÈN 11:

GADÒ MOUTON YO TE ADORE JEZI, TI BEBE A

SEMÈN 12:

WA MAJ YO TE BAY JEZI TI BEBE A ANPIL KADO

SEMÈN 13:

TI BEBE JEZI RESEVWA ANPIL LOUWANJ

**Baz Biblik:**

Sòm 139:1-24

**Objektif:**

Rekonèt ke nou enpòtan anpil pou Bondye, paske se Li menm ki te kreye nou epi li te ranpli nou avèk tout bèl mèvèy li yo.

**Preparasyon Klas La:**

Monitè ak/oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki deja site a.

**ENTWODIKSYON****Medite sou bagay sa yo avèk anpil atansyon:**

Kisa Bondye konnen de chak pitit fi ak pitit gason li yo?

Kisa li konprann, epi kisa li etidye nan nou chak?

Ki kote nou kapab kache pou Bondye pa wè nou?

Avèk kisa epi ki kote Bondye te kreye nou?

Kòman panse Bondye yo ye?

Salmis David te pale nou de omnipotans ak omnisyans Bondye; sa vle di ke Li konnen chak pitit li yo nan yon fason ki byen fen, epi se nan yon fason ke pa genyen okenn lòm ki kapab rive konnen nou konsa, menm si li fè anpil efò. Bondye se otè lavi a, limanite, epi li te kreye nou avèk lanmou li yon fason pou nou te kapab enpòtan nan mond sa.

Li toujou libere nou nan danje ak anba tout lòt bagay ki vle fè nou mal. Se nan fason ke wa David fè nou konnen ke pa genyen pèsòn moun ki kapab kouri devan prezans Bondye, epi se poutèt sa, nou dwe mache nan bon chemen, paske Bondye genyen zye li fikse sou nou tout kote.

**REFLEKSYON**

Bondye genyen tout pouvwa sou tè a tankou nan syèl la.

Seyè a tout kote tou. Asireman li te la tou lè ke nou t'ap fòme nan vant manman nou.

Nou pa ta kapab janm kouri devan prezans Bondye.

Seyè a te ban nou benediksyon pou ke nou te vin enpòtan, san parèy epi diferan.

Ann priye pou ti moun yo ak paran yo ki se kreyati Bondye, epi se pou Li tou ke yo tout ye. Aprè sa, ann chante chan ki di "Bondye renmen mwen".

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: NOU ENPÒTAN ANPIL

SITASYON BIBLIK: Sòm 139:1-24

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo dapre laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Mande ti moun yo pou yo chita sou yon kapèt (selon reyalite sal klas la) pandan y ap fòme yon wonn, epi ou menm (monitris) ou dwe chita nan mitan wonn nan. Aprè sa, depoze men w tou piti sou tèt youn nan ti moun yo, epi mande lòt ti moun yo pou yo site non ti moun ke w touche a (konsa, ou dwe fè menm bagay la pou tout ti moun yo). Nan moman sa, endike ti moun yo ke nenpòt nan yo ki pa konnen non ti zanmi ke w mete men sou tèt la-, se pou li repete li nan dezyèm opòtinite a lè yo va repoze l kesyon an. Aprè sa, ankouraje ti moun yo pou yo di Bondye mèsè dèske li te kreye yo epi pèmèt ke tout manm yo an sante, epi prè pou fè nenpòt ki kalite mouvman oubyen egzèsis. Sepandan, sa mande pou nou fè anpil pridans pou si nan sal klas la ta genyen youn nan ti moun yo ki ta manke yon manm nan kò li. Sa ta kapab rive, konsa, nou mande nou fè anpil pridans. Konsa, fè tout ti moun yo reyini pou nou di Bondye mèsè pou kò ke Li ban nou an nan yon fason ki jeneral; men san mete aksan sou manm manm yo.

Repran aktivite avan yo, pandan ke w'ap di ti moun yo ke yo chak pral gade figi yo nan yon glas. Lè sa, w'ap montre yo yon glas, epi ti moun yo pral wè figi yo, menm kote a yo tout pral di: "Li se Janita, epi li espesyal pou Bondye" (ankouraje yo tout patisipe). Aprè sa, fè konnen ke nou tout dwe sonje ke se Bondye ki te fè nou epi Li konnen non nou; se poutèt sa, nou dwe vin bon ti moun.


Ann Jwe. Mande ti moun yo pou yo chita atè a oubyen sou chèz ke yo konn abitye chita pou yo kapab jwe. Men kijan jwèt la ap fèt, se pou y'ap pase yon boul men nan men (men li dwe yon balon ki piti ki fèt an plastik epi ki genyen yon koulè ki atiran) nan son mizik kache. Pou sa kapab rive fèt, chak ti moun pral lonje boul la bay lòt ti zanmi ki sou bò dwat li a, epi lè mizik la kanpe, ti moun ki rete ak boul la nan men l lan ap di: "Mwen espesyal pou Bondye" epi chante chan ki di "Kris renmen tout ti moun yo" de Manuel Bonilla (chèche sou YouTube).

Ann Aprann. Fè yo sonje ke se Bondye ki te kreye nou epi nou espesyal anpil pou Li.

Aktivite. Endike ti moun yo ke yo dwe sanble pwen yo pou ke yo kapab fòme plizyè liy, epi konsa konplete bèso ti bebe a; epi pou yo dekore li san pwoblèm.

Orevwa. Priye pou di Bondye mèsè dèske li te kreye nou epi dèske nou genyen tout pati nan kò nou geri, epi konsa, reyalize nenpòt mouvman oubyen egzèsis. Poutan, nan ka ke ta genyen kèk ti moun andikape fizikman, nou sipoze priye pou di Bondye mèsè dèske li ban nou lavi ak kò a.

NOU ENPÒTAN ANPIL



Enstriksyon yo

Dekore bèso ti bebe a.



MWEN BEZWEN JEZI, CHAK JOU

**Baz Biblik:**

Sòm 27:10; Pwovèb 8:17

**Objektif:**

Rekonèt ke nou bezwen prezans Bondye chak jou.

**Preparasyon Klas La:**

Monitè ak/oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki deja site a.



ENTWODIKSYON

Medite sou bagay sa yo avèk anpil atansyon:

Kòman Bondye montre swen ak pwoteksyon li?

Kilès moun ke Bondye renmen konsa?

Kilès moun sa yo ki jwenn Bondye?

Li nesèsè pou nou konnen kisa Pawòl Bondye di osijè de apresyasyon espesyal ke li genyen pou tout kreyati li yo, byen espesyalman pou ti fi ak ti gason yo. Yo genyen pwomès Bondye ki vrèman espesyal, si yo chèche li depi tou piti. Ti moun obeyisan yo ki respekte manman ak papa yo ap viv anpil tan sou latè (Detewonòm 5:16). Se menm jan tou, Bondye pa janm abandone yo, menm si paran yo ta abandone yo sou tè sa. Se poutèt sa, obeyisans ti moun yo enpòtan anpil anpil (Pwovèb 8:32). Ti moun ki obeyi ak konsève kòmandman Bondye yo viv alèz. Nou jwenn tou nan Travay 2:39, otè a montre nou ke pwomès yo se pou pitit moun ki kwè yo akòz de apèl ke yo te resevwa epi remèt tout lavi yo bay Kris la.



REFLEKSYON

- Devwa nou se fòme ti moun ki gen respè pou Bondye.
- Ankouraje ti moun yo chèche Bondye depi tou piti.
- Rive aprann ti moun yo obeyi epi dispoze pou ke yo fè pati gwoup mouton Seyè a (Ezayi 40:11).
- Bat pou depi tou piti yo bay bon temwayaj avèk pwòp vi pa yo.

Ann priye Bondye pou ti moun yo avèk paran yo. Nou dwe di li mèsi tou pou kreyati li yo ki beni anpil.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: MWEN BEZWEN JEZI, CHAK JOU

SITASYON BIBLIKS: Sòm 27:10; Pwovèb 8:17

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo dapre laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Oganize epi /oubyen kowòdone kèk vizit ant sal klas yo nan tèt ansanm. Lè jou pou sa fèt la rive, mande ti moun yo pou ke yo fè yon liy nan lòd ak disiplin. Après sa, endike ti moun yo ke chak ti moun dwe kenbe rad ti zanmi ki devan yo a yon fason pou yo mache al vizite lòt sal klas yo san fè dezòd. Après sa, lè yon vizit fini nan yon sal klas, poze yo kesyon sa yo: "Kilès moun ki te la? Kisa yo t'ap fè? Pou kisa yo te la? Èske tout ti moun yo te gen menm gwosè? (ankouraje tout ti moun yo patisipe; epi après sa, kontinye)". Eksplike ke nou tout bezwen Jezi, epi nan chak klas yo, se verite ki sòti nan Bib la ke monitè ak monitris yo anseye nou, yo se bagay ki vrèman enpòtan pou montre nou viv tankou bon ti moun epi obeyisan devan Bondye. Lakay la, nan lari, nan lekòl la tou, nou bezwen Bondye; se poutèt sa, nou dwe priye chak jou, avan nou kouche ak leve.

Nan fen aksyon sa a, chante kantik "Avèk Kris nan fanmi an" oubyen "Lakay mwen, viv Jezi" (chèche sou Youtube).

Ann Jwe. Mande ti moun yo pou yo chita sou chèz yo a, epi monte devinèt ki gen pou wè avèk ti moun yo, fanmi oubyen plizyè sityasyon diferan nan lavi sa chak jou.


Ann Aprann. Fè konnen ke nou tout gen bezwen Bondye; paske Li se lavi.

Aktivite. Ede ti moun yo dekore lèt mo JEZI; epi pentire flè yo.

Orevwa. Fè de wonn: youn pou ti fi yo epi yon lòt pou ti gason yo. Après sa, mete yon lidè nan tèt chak gwoup pou priye pou bezwen chak ti moun ki nan gwoup yo a.



MWEN BEZWEN JEZI,
CHAK JOU



Enstriksyon yo

Dekore tout lèt ki ki fòm non JEZI yo; epi pentire flè yo.

MWEN PRAL APRANN BAGAY KI BON



Baz Biblik:

1 Samyèl 2:26; Lik 2:52



Objektif:

Rekonèt ke chak jou, n'ap aprann anpil bagay ki tou nèf pou Bondye.



Preparasyon Klas La:

Monitè ak/oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki deja site a.



ENTWODIKSYON

Medite sou bagay sa yo avèk anpil atansyon:

Kòman Bondye te beni Samyèl?

Kòman kondwit oubyen konpòtman Samyèl nan antouraj li?

Kòman Jezi te grandi?

Ki egzanp Jezi ban nou?

Kwasans lan fizik nan nati a; men nan espas tan sa a, nou menm lèzòm nou kòmanse ap montre anpil atid ak kondwit ki vini ap fòme pa mwayen premye ane yo nan lavi nou.

Jezi ki se Kris la, Pitit Bondye a te yon ti moun ki te espesyal anpil. Li t'ap grandi chak jou, li t'ap pran fòs epi anplis de sa, li t'ap ranpli avèk bon konprann, sa ki te pèmèt li montre moun ki nan antouraj li yo ke li te yon ti moun ki te konnen anpil bagay ki gen pou wè avèk Bondye, Papa li ki nan syèl la. Epi, sajès li te fè anpil moun sezi.

Samyèl menm bò kote pa li, se te egzanp de yon bon ti moun. An mezi li t'ap grandi, Bondye te ranpli l ak sajès ; paske li te jwenn gras devan Bondye akòz de bon konpòtman li ak apèl Bondye a ke li te reponn avèk obeyisans.



REFLEKSYON

- Ti moun yo se fwi ansèyman gran moun yo. Yo pa janm bliye sa yo aprann nan premye ane yo nan lavi ; se poutèt sa, li enpòtan pou nou anseye yo sa ki pi bon an pou lavi yo.
- Bat pou yo konprann ke tout bagay yo se nan Bondye yo sòti, se poutèt sa, nou dwe mache nan chemen Bondye epi toujou mete konfyans nou nan Li.
- Se pou ti moun yo konnen ke lè yon moun genyen "krent pou Bondye", se lè sa ou kòmanse gen bon konprann.
- Bat pou depi tou piti, pou w bay yon bon temwayaj avèk pwòp lavi w.

Ann priye Bondye pou ti moun yo avèk paran yo, yon fason pou yo kapab aprann ak dekouvri bagay ki nouvo chak jou.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: MWEN PRAL APRANN BAGAY KI BON

SITASYON BIBLIKS: 1 Samyèl 2:26; Lik 2:52

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-daprè kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Dyaloge avèk tout ti moun yo sou bagay sa yo: "Kisa nou te aprann diran semèn nan? Kisa nou sonje sou klas ki deja pase a? (ankouraje pou tout ti moun yo patisipe; epi aprè sa, kontinye). Chak jou, nou aprann anpil bagay ki nouvo. Nan kay la, papa nou avèk manman nou anseye nou; nan legliz la, monitè yo, monitris yo ak pastè a anseye nou...Lè nou te fèt, nou pat konnen anyen, nou pat kapab mache ni pale; nou pat kapab manje poukont nou nonplis; men kounye a, na' aprann mache, manje, abiye pou kont nou, mare lasèt nou yo, al nan twalèt, etc. Epi chak jou, nou fè fè li pi byen toujou, gras a Dye-. Li ede nou grandi epi li ede nou aprann anpil bagay ki nouvo; deja ke an mezi ke n'ap grandi, nou aprann li, ekri, kouri, sote, fè manje, bale, etc."

Ann Jwe. Endike ti moun yo ke yo dwe mache epi sote sou de liy ki trase atè a nan sal klas la. Pou sa, yo dwe itilize de pye yo epi aprè sa, chanje yo. Depi davans, endike yo ke yo dwe mache sou de pwent talon pye yo avèk anpil atansyon.

Ann Aprann. Fè ti moun yo konnen ke chak jou nou aprann anpil bagay avèk sekou Bondye nou an ki ban nou bon konprann ak entelijans.

Aktivite. Ede ti moun yo rekoupe epi kole imaj ti moun yo k'ap reyalize aktivite tankou dòmi, manje, kouri, etc.

Orevwa. Endike ti moun yo ke nou pral priye pou di Bondye mèsi pou anpil bagay nouvo ke li anseye nou nan klas sa.



**MWEN PRAL APRANN
BAGAY KI BON**

Enstriksyon yo

Kole plizyè imaj ti moun yo k'ap reyalizè aktivite diferan.

MWEN KONNEN KOMINOTE M NAN



Baz Biblik:

Detewonòm 6:6-7



Objektif:

Rekonèt epi apresye chak jou, lye ak kominote kote n'ap viv la.



Preparasyon Klas La:

Monitè ak/oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki deja site a.



ENTWODIKSYON

Medite sou bagay sa yo avèk anpil atansyon:

An mezi ke n'ap konnen moun ki nan antouraj nou yo, nou gen bezwen sipò gran moun yo. Gran moun sa yo kapab paran nou yo oubyen anpil lòt gran moun k'ap pran swen nou epi k'ap gide nou nan bon chemen (Pwovèb 22:6).

Kisa Bondye anseye nou atravè Pawòl li?

Kisa nou dwe anseye ak di ti moun yo?

Ki kote nou dwe anseye ak konseye ti moun yo?

Kilè nou dwe anseye ti moun yo?

Tout bon ansèyman genyen yon bon aprantisaj kòm rezilta. An mezi ke ti moun yo ap grandi, y'ap aprann epi y'ap konnen kote y'ap viv la konfòm ak laj yo.

Konsa, se yon ijans li ye pou ke nou pwofite laj ke ti moun yo genyen an pou ke nou ede yo mache epi gide pa yo nan tanp Bondye a.



REFLEKSYON

- Ti moun yo aprann nan men gran moun yo.
- Ti moun yo konprann lè ansèyman sòti nan Bondye.
- Ti moun yo dwe rekonèt ke Bondye se Kreyatè yo depi tou piti.
- Anseye lòt yo sa Bondye fè nan lavi yo.

Ann priye Bondye pou ti moun yo, paran yo; epi pou anseye yo avèk pouvwa e lanmou ke Bondye vle pou yo a.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: MWEN KONNEN KOMINOTE M NAN

SITASYON BIBLIK: Detewonòm 6:6-7

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo dapre laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Montre ti moun yo yon tablo lavil la oubyen kominote a ke yo kapab byen wè kay yo. Après sa, dialoge avèk yo pandan w'ap poze yo kesyon sa yo: "Kisa nou wè la a? Kòman yo rele?...Kay... Kòman yo ye? Èske yo genyen pòt? Kisa ankò yo genyen? Èske yo gen ti jaden flè? Èske nou renmen tout sa nou wè yo? Èske yo sanble avèk kay pa nou? (bat pou tout ti moun yo patisipe, epi kontinye). Èske nou konnen kilès moun k'ap viv nan kay sa yo? Non, nou pa konnen non plis; men Bondye konnen. Li konn tout bagay, paske Li se Bondye. Li konnen kote w rete tou ak tout lòt ti moun yo. E ou menm, èske w konnen kote w'ap viv la? Èske w konnen adrès kote w rete a? Ebyen, nou tout pral mande manman avèk papa nou kòman kote nou rete a rele; epi nan pwochen klas la, nou pral pataje non adrès kote n'ap viv la".

Ann Jwe. Òganize ti moun yo pou yo kapab sòti al mache epi kouri nan lari ki tou prè legliz la; epi nan fason sa, yo kapab obsève kay yo. Pou sa rive fèt, mande paran ti moun yo pèmasyon; epi òganize chak gwoup pou yo monitè oubyen monitris diferan pou konnen avèk kilè yo chak prale.




Ann Aprann. Fè ti moun yo konnen ke chak jou nou aprann anpil bagay avèk sekou Bondye nou an ki ban nou bon konprann ak entelijans.

Aktivite. Endike ti moun yo ke yo dwe repase liy sou kote yo wè ki gen pou wè avèk kominote yo a; epi se pou yo pentire yo.

Orevwa. Priye Bondye pou demann priye chak ti moun te pote.



MWEN KONNEN KOMINOTE M NAN



sweetclipart.com

Enstriksyon yo

Desine yon sèk nan alantou espas ki genyen nan kominote w la ke ou ta renmen vizite. Answit, pentire yo.

**Baz Biblik:**

Sòms 119:105

**Objektif:**

Konnen ke Bib la se Pawòl Bondye k'ap gide e anseye nou.

**Preparasyon Klas La:**

Monitè ak/oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon bibliik ki deja site a.

**ENTWODIKSYON****Medite sou bagay sa yo avèk anpil atansyon:**

Kisa salmis la di nou de Pawòl Bondye?

Kisa Pawòl Bondye reprezante pou lavi nou?

Pou kisa Pawòl Bondye a klere nou?

Salmis la ekri gwo dezi ke li santi nan kè li pou l montre ke Pawòl Bondye a kapab transfòme kè nou: "...li te saj epi senp" (Sòm 19:7).

Bib la se yon liv ke moun dwe li ak konprann depi nan premye ane li yo nan lavi. Li dwe itilize ak trete avèk gran respè; paske konfòm avèk pratik ke li genyen nan etid li yo, l'ap ede moun rive akonpli kòmandman li yo.

Apot Pòl te mande Timote pou l pèsiste nan aprann Pawòl Sakre a depi tou piti (2 Timote 3:15).

**REFLEKSYON**

- Bondye ban nou Pawòl li pou ke atravè li menm nou kòmanse renmen li (2 Timote 3:16).
- Se pou tèm sa ki trè enpòtan pèmèt nou konnen sa ki nan Bib la, pou ke nou kapab akonpli ak anseye l tou.
- Se pou monitè ak /oubyen monitris yo vin bon modèl nan lekti ak bon itilizasyon Bib la.
- Se pou nou kapab bay ti moun yo yon ansèyman ki bon.

Ann priye Bondye pou ti moun yo ak paran yo, pou ke yo kapab konprann lanmou Bondye a vrè epi fidèl.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: M'AP APRANN ITILIZE TI BIB MWEN AN

SITASYON BIBLIK: Sòm 119:105

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriyè epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Plase plizyè kopi Bib Nouvo Testaman sou tab la oubyen amwa ki nan sal klas la. Mete yo kote pou ti moun yo kapab touche epi gade ladan yo. Aprè sa, kenbe yon Bib nan men w epi pale avèk yo osijè de bagay sa yo: "Kòman liv sa rele? Eske nou konnen li? Èske nou te konn wè youn konsa yon fwa?" Aprè sa, montre ti moun yo pou yo kenbe yon Bib nan men yo epi di konsa: "Liv sa rele Bib la, li se Pawòl Bondye. Li pale nou de anpil lòt moun ki te bon moun epi avèk bon egzanp yo, yo anseye nou viv jan ke Bondye vle a. Bib la se yon liv ki byen espesyal; Bondye pale atravè bèl liv sa."

Ann Jwe. Mande ti moun yo pou yo fè yon wonn epi, aprè sa, endike yo mache sou yon kòd oubyen yon liy trase atè a, avèk Bib la anba bra yo epi repete di ke Bib la se Pawòl Bondye a.

Ann Aprann. Mansyone ke Bondye pale avèk nou atravè Pawòl li: Bib Sakre a.

Aktivite. Mande ti moun yo pou yo pentire desen yo.

Orevwa. Mete fen pandan w'ap di Bondye mèsi dèske li ban nou liv sa ke nou renmen anpil la.



M'AP APRANN UTILIZE
TI BIB MWEN AN




Enstriksyon yo
Pentire imaj la.

**Baz Biblik:**

Sòm 65:2

**Objektif:**

Konnen ke lapriyè se konvèsasyon reyèl e dirèk avèk Bondye.

Preparasyon Klas La:


Monitè ak/oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki deja site a.

**ENTWODIKSYON****Medite sou bagay sa yo avèk anpil atansyon:**

Pou kisa David te pale nan fason sa ?

Eske li nesèsè pou moun priye?

Kilès moun ki dwe priye?

Salmis la rekonèt ke si nou priye avèk lafwa epi pèsèverans, Bondye ap tande priyè a epi atende demann nou an. Se poutèt sa, nou dwe priye ak anseye moun priye. Jezi te anseye disip li yo priye epi li te montre nou priye tou avèk "Nòtrepè". Li menm tou li te priye Papa li souvan fwa nan plizyè orè ak lye diferan. Lapriyè a se yon nesèsite inivèsèl epi li se motè lavi kreyèl nan. Le Sentespri ede nou mande jan sa dwe fèt la (Women 8:26); paske li mande pou nou avèk soupi yo.

Se konsa menm, li nesèsè pou nou mande Bondye padon nan lapriyè.

**REFLEKSYON**

Si nou mande Bondye yon bagay nan lapriyè, nou genyen tout sekirite ke l'ap tande nou. Lapriyè pote benediksyon nan lavi nou tou.

Nou dwe bay sipò nou pou ti moun yo kapab pran abitid priye toutan, epi fè l avèk lafwa, lè y'ap rekonèt ke Bondye toujou ap prete atansyon a sa ke y'ap mande ak bezwen.

Ann priye Seyè a pou ti moun nou yo ak paran yo, yo menm ke nou genyen pou nou ankouraje priye chak jou.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: M'AP APRANN PRIYE

SITASYON BIBLIK: Sòm 65:2

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo dapre laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Mande pou chak ti moun di yon bagay (ankouraje pou tout ti moun patisipe, epi aprè sa, kontinye). Answit, eksplike yo ke yo tout konn pale, epi yo fè li trè byen. Nan moman sa, fè yo remake ke nou menm—monitè ak /ou monitris yo—nou kapab pale avèk yo tou, epi yo kapab tandè ak reponn nou. Nan pati sa, montre ti moun yo yon Bib Nouvo Testaman, epi di yo konsa: "Nou deja konnen kòman liv sa rele...Non li se..., epi andedan li yo pale nou de lanmou Bondye epi li pale nou sou kòman pou nou pale ak Bondye tou". Ebyen, fè yo sonje ke yo dwe pale ak Bondye atravè lapriye chak jou, epi yo dwe fè sa pandan yo akonpanye avèk paran yo. Se konsa, fè yo sonje ke yo pa dwe bliye priye lè yo leve, lè y'ap manje, ak lè y'ap kouche.

Ann Jwe. Nou konseye pou monitè/monitris yo priye epi endike ti moun yo repete priye a avèk anpil atansyon, depi nan fon kè yo.

Ann Aprann. Di ti moun yo ke Bondye pale avèk nou atravè lapriye.

Aktivite. Nan fèy aplikasyon yo, eksplike yo pou yo pentire imaj la avèk tout libète yo; epi aprè sa, se pou yo tout di ansanm: "M'ap aprann priye".

Orevwa. Avan w sòti, endike ti moun yo pou yo tout leve kanpe pandan y'ap fè yon wonn pou di Bondye mèsi dèske li koute ak reponn priye nou yo.



M'AP APRANN PRIYE



Enstriksyon yo

Pentire imaj la avèk tout libète yo; epi aprè sa, se pou yo tout di ansanm: "M'ap aprann priye".



M'AP CHANTE POU BONDYE M NAN

**Baz Biblik:**

Sòm 96:1-3

**Objektif:**

Rekonèt ke li nesèsè pou nou chante pou Bondye nou an pou tout gwo mèvèy ke li fè nan lavi nou.

Preparasyon Klas La:

Monitè ak/oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki deja site a.



ENTWODIKSYON

Medite sou bagay sa yo avèk anpil atansyon:

Kòman nou dwe chante pou Bondye?

Kilès ki dwe chante pou Bondye?

Kisa nou dwe di Bondye ?

Kilès moun k'ap adore ak chante pou li?

Kantik yo se yon dwe relijye selon rejis biblik yo. Lè nou chante pou Bondye, nou dwe fè sa avèk kè kontan (Sòm 81 :1). Kantik David la dwe fèt avèk anpil kè kontan; paske Li se gwo wòch kote nou kache a, gwo Bondye Izrayèl la.

Pitit Bondye yo la pou chante pou li ; yo fè sa avèk yon kè ki sensè.

Louwanj lan se yon fason ke moun adore Kreyatè a, epi nou kapab fè li avèk plizyè enstriman mizikal. Sepandan, Bib la ban nou anpil detay sou enstriman sa yo ; men tou, li ankouraje nou louwe Bondye pandan n'ap itilize tout kò a.



REFLEKSYON

- Se pou lwanj nou pral anseye ti moun yo sòti kote ki plis fon nan kè a.
- Se pou nou kapab mete nan tèt ti moun yo ke, lwanj lan se yon fason pou nou adore Bondye ki genyen tout pouvwa a, li menm ki merite tout lò.
- Se pou monitris ak/oubyen monitè yo, nou kapab vin yon vrè modèl adorasyon pou Bondye.

Ann priye Bondye pou ti moun yo ak paran yo ; epi anplis de sa, ann di li mèsi pou bèl moman ke li te pèmèt nou pase ap fòme ti moun yo nan objektif pou yo genyen abitud bay Bondye louwanj.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: M'AP CHANTE POU BONDYE M NAN

SITASYON BIBLIK: Sòm 96:1-3

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo dapre laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Dyaloge avèk ti moun yo sou bagay sa yo: "Kòman nou ye jodi a? Kòman nou te pase jou sa yo? (ankouraje pou tout ti moun yo pale, epi aprè sa, kontinye oumenm). Nou dwe konnen ke si nou alèz epi kontan, se paske nou se pitit Bondye. Se paske Li renmen nou anpil tou. Epi sa ki pi bèl la, se paske li ban nou yon bouch (la a ou kapab mande pou yo chak siyale pwòp bouch pa yo), epi se avèk li ke nou kapab pale, chante. Ebyen, Bondye vle pou nou viv ak kè kontan lakay la, epi nou dwe ba l glwa ak lajwa nan kè nou".

Ankouraje ti moun yo chante kèk chan ki gen pou tit: "Ann di Seyè a mès"; epi aprè sa, fè yo remake konbyen sa bon lè nou konnen ke nou kapab chante plizyè kantik pou Bondye; paske Li te kreye anpil bèl bagay, epi espesyalman, li te kreye nou tout. Se poutèt sa ke nou enpòtan anpil epi nou chante pou Bondye.

Ann Jwe. Sòti nan sal klas la avèk ti moun yo nan lòd, epi mande yo pou yo kenbe men youn lòt. Pou kontinye, chante yon kantik avèk yo ki akonpanye avèk jès: "Mwen louwe li avèk tout kè m" (chèche sou YouTube). Aprè sa, eksplike yo ke nou pral kanpe youn deyè lòt, ap fòme ekip la byen pou chante yon kantik alafen.

Ann Aprann. Fè ti moun yo konnen ke se yon bèl bagay lè yo chante pou Bondye; paske pa mwayen louwanj yo, nou adore li pou tout bèl bagay ke Li te kreye.

Aktivite. Depi davans, mande pou paran yo voye yon chemizèt pou ti moun yo; yon fason pou yo kapab pentire.

Orevwa. Mete fen pandan w'ap mande tout ti moun yo si yo gen demann priye epi tou mete yo nan priye w'ap fè a. Di Bondye mès; paske nou kapab louwe li, epi pou tan nou te pase ap pataje e anseye plis osijè de Li menm ansanm.

M'AP CHANTE POU
BONDYE M NAN



Enstriksyon yo

Pentire imaj la avèk èd yon izòp algo don. Sèvi avèk plizyè koulè diferan.

BON NOUVÈL JEZI KI SE WA A



Baz Biblik:

Ezayi 52:7; Jan 1:6-14



Objektif:

Konnen ke Bib la te anonse larive Sovè a.



Preparasyon Klas La:

Monitè ak/oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki deja site a.



ENTWODIKSYON

Medite sou bagay sa yo avèk anpil atansyon:

Kisa otè liv Ezayi a te vle di?

Kòman pye moun sa yo k'ap pote bon nouvèl yo ye menm?

Kilès moun ki te voye Jan Batis?

De kisa oubyen kimoun Jan te bay temwayaj?

Kilès moun ki te vrè limyè a?

Bon nouvèl yo te toujou pote lajwa ak kontantman pou yon moun oubyen yon gwoup moun ki anchaje yo pou pote yo a. Menm fason an, moun k'ap resevwa l yo byen kontan.

Bib la pale nou de yon pwofesi ki te bay depi plizyè ane epi moun yo te byen resevwa pwofesi a epi yo te sezi tou. Se moun sa te ki te anchaje pou te pataje anons larive Sovè a ki te fè li; menm si yo pat konnen kilè bagay sa ta gen pou l rive vre. Evènman sa pat genyen yon dat espesifik; men an reyalyte, te genyen yon moman espesyal pou sa nan panse Bondye. Kèk tan aprè; Jezi—Wa jwif yo te vin parèt pou gouvènè, men Wayòm li an se pat pou sou latè.

Jan Batis te bay temwayaj de limyè a ki se Kris la, Seyè a.



REFLEKSYON

- Ala enpòtan sa enpòtan pou nou konnen ke Bondye te pase tout bagay lòd pou beni pitit li yo! Nou dwe toujou rekonesan anvè Seyè a; pliske li te deja konsidere nou nan plan ke li t'ap fè yo kòm Bondye.
- Larive Sovè a se te gwo nouvèl ki nan istwa a. Nou pap janm kapab bliye evènman sa ki te vle di redanmsyon lavi nou.
- Nou sèlman vle anonse mond lan ke Jezi se vrè limyè a epi li tou prèt pou bay moun k'ap viv nan fènwa yo limyè. Ann swiv limyè sa!

Ann priye pou bèl moman sa, pou ti moun yo ak tout paran yo; yon fason pou ke yo tout kapab rive konnen verite a.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: BON NOUVÈL JEZI KI SE WA A

SITASYON BIBLIKS: Ezayi 52:7; Jan 1:6-14

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo dapre laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Fè ti moun yo remake ke déjà genyen anpil jou ki pase epi-gras a Dye—yo te gentan aprann anpil bèl leson nan chak klas bibliik. Fè yo remake tou, nou dwe kontan anpil dèske nou kapab aprann osijè de Bondye ak bèl travay li fè atravè Pawòl li, Bib la, kote yo anseye nou yon istwa ki byen enteresan ke nou pa dwe janm bliye li ki se nesans Jezi a, Pitit Bondye a, pa mwayen yon fanm vyèj ki rele Mari. Sa te deja anonse depi plizyè ane ki pase lè ke nou pot ko menm fèt; men nou jwenn li nan Bib la epi se yon evènman ki bèl anpil.

Ann Jwe. Mete yon ti mizik de fon epi kòmanse fè kèk mouvman kòporèl avèk chak ti moun yo sou kapèt oubyen tapi a. Ou dwe byen analize si w dwe fè mouvman rapid oubyen lan, dapre laj ti moun yo, epi sa tou ki ede pou gen egzèsis ak tande yo.



Ann Aprann. Fè konnen ke istwa Jezi a, Pitit Bondye a te ekri nan rejis bibliik yo depi lè mond lan t'ap kòmanse, epi se pwofèt yo ki te resevwa lòd pou fè lèzòm konnen gwo mesaj sa, paske se pwofèt sa yo ki te pòt Pawòl Bondye.

Aktivite. Eksplike ti moun yo pou yo pentire fèy aplikasyon yo; epi aprè sa, kole li sou lestomak ti moun nan yon imaj k'ap fè li santi l kòm pitit Jezi ki se Wa a.

Orevwa. Di Bondye mèsi pou chak asistan yo nan klas la, epi priye mande Bondye benediksyon pou yo chak.



**BON NOUVÈL
JEZI KI SE WA A**



Enstriksyon yo

Pentire; epi kole li sou lestomak ti moun nan yon imaj k'ap fè li santi l kòm pitit Jezi ki se Wa a.

**Baz Biblik:**

Matye 1:18-25;
Lik 1:26-56

**Objektif:**

Konnen ke Bib la anonse
ke Jezi se Pitit Bondye a.

**Preparasyon Klas La:**

Monitè ak/oubyen monitris yo dwe reyini depi
avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou
koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo
dwe medite sou sitasyon biblik ki deja site a.

**ENTWODIKSYON****Medite sou bagay sa yo avèk anpil atansyon:**

Kilès moun ki te al vizite Mari? / Kisa zanj lan te di Mari?

Ki non ak tit ke Jezi ta pote? / Kilès ki te parèt devan Jozèf nan rèv li a?

Kisa zanj lan te di Jozèf? / Kòman Jozèf te reyaji fas ak rèv sa?

Èske Jozèf te kite ak Mari an sekre dapre lalwa jwif la? / Pou kisa zanj lan te pale l de sitiyasyon Elizabèt la?

Mari te déjà angaje pou l te marye avèk Jozèf. Pwobableman, yo te nan lajwa, epi tou yo te konn byen obsève lwa jwif la. Yo te sèlman ap rete tan jou nòs la, men gen yon bagay ki te pase sanzatann. Mari te siprann pa mwayen vizit yon zanj ki te bloke okipasyon domestik li yo epi li te fè l konnen ke li t'ap vin manman, ke li t'ap vin genyen yon pitit. Epi tou swit, li te ba li tout endikasyon sou kòman ti bebe sa va ye, kòman li ta gen pou l rele epi kisa li ta gen pou l fè pou limanite. An reyalyte, fòk reyaksyon Mari ta yon ti jan etranj lè li ta sonje angajman ke li te déjà genyen ak Jozèf; men li klè tou ke mesaj Bondye a te fè li konnen bèl travay ke Bondye va fè epi ankouraje l' pou l te pran sa ke li te tande yo akè. Se menm jan an, zanj lan te anonse li yon lòt gwo evènman ki te gen pou rive: gwosès kouzin li Elizabèt ke Mari te vizite yon ti tan aprè. Nan rankont sa kote nou remake ke—lè li te tande vwa Mari—pitit Elizabèt la sote nan vant li.

Sa te konfime ke Jezi se te vrè Pitit Bondye a. Se te mèvèy ki te plis ekstraòdinè ki te pase nan listwa.

Jozèf te resevwa nouvèl zanj lan tou nan rèv li yo. Nan kòmansman, nou imajine nou ke—menm jan avèk nenpòt moun—Jozèf te vrèman sezi fas avèk yon nouvèl konsa. Men pou lanmou ke li te genyen pou Mari, ak entèvanasyon Bondye a, li te aksepte pou l te papa konsa, epi se konsa Jozèf te sipòte Mari jouskaske li te vin marye avèk li dapre sa ki ekri nan Bib la.

**REFLEKSYON**

Ala sa bèl lè nou konnen ke Bondye te déjà gen tout bagay byen pwogramen nan gwo bon konprann san limit li a! Epi akòz de lanmou li pou limanite, li te voye Sovè mond lan, a travè li menm nou beni pou toujou.

Ann priye pou di Bondye mèsi dèske li te voye Pitit li renmen anpil la pou sove nou anba kondannasyon etènèl la.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: ANONS NESANS JEZI A

SITASYON BIBLIKS: Matye 1:18-25; Lik 1:26-56

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-daprè kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriyè epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Montre yon foto Mari, manman Jezi, epi fè ti moun yo konnen ke yo pral rekonèt Mari nan klas sa. Se li menm ki te manman Jezi. Di yo ke, asireman yo te deja konn tande pale de li. La a, li pwobab pou ke ti moun yo pataje sa yo te konn tande osijè de sa. Nou mande fòk nou tande yo avèk anpil atansyon. Après sa, ankouraje yo repete non Mari, epi après sa, kontinye avèk klas la.

N'ap Rakonte Istwa Biblik Sa: Rakonte yo bagay sa yo: "Yon jou, Mari te resevwa vizit yon zanj ke Bondye te voye soti nan syèl la. Zanj lan te di l ke li ta pral genyen yon pitit, sa vle di, yon ti bebe, epi li te dwe ba l pote non Jezi. Epi se paske se li menm ki t'ap gen pou l sove limanite anba peche li yo. Mari te sezi anpil pou vizit sa, men après sa, li te santi l kontan. Men kòm Mari te déjà gen fiyans li ki te rele Jozèf, zanj lan t'al vizite Jozèf tou, pandan li t'ap dòmi konsa, zanj lan te rakonte l tout sa ki te gen pou pase. Ebyen, Jozèf pat imilye Mari; men pito, li te ede li anpil avèk ti bebe a ki se Jezi, jouskaske li te vin gran. Epi tou, li te renmen Jezi kòm si se te pwòp pitit li".

Ann Jwe. Oganize tout ti moun yo (se pou sa fèt konsa pito, yon fason pou ke tout ti moun yo kapab ladan l) pou dramatize anons nesans Jezi ke zanj lan te bay Mari ak Jozèf la. Poutèt sa, mande paran yo èd pou ke ti moun yo kapab itilize abiman ki te konn itilize nan epòk Jezi yo nan jou dram nan.

Ann Aprann. Fè konnen ke nesans Jezi a, Pitit Bondye a se evènman ki plis mèvèye ki te pase nan listwa limanite, li menm ke nou tout dwe konnen, sonje ak pataje avèk lòt moun.

Aktivite. Nan fèy aplikasyon yo, endike ti moun yo pou ke yo pentire foto a.

Orevwa. Fèmen sesyon an avèk yon priyè pou di Bondye mèsi dèske li te voye Jezi kòm yon kado lanmou pou nou.



ANONS NESANS JEZI A



Enstriksyon yo
Pentire imaj la.

JEZI TE FÈT NAN
LAVIL BETLEYÈM**Baz Biblik:**

Lik 2:1-7

**Objektif:**

Konnen ke Jezi te fèt nan Betleyèm, nan yon ti pak bèt.

**Preparasyon Klas La:**

Monitè ak/oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki deja site a.

**ENTWODIKSYON****Medite sou bagay sa yo avèk anpil atansyon:**

Kilès moun ki te bay lòd pou fè yon resansman nan tout anpi women an?

Ki kote Jozèf avèk Mari te sòti pou yo te fè enskripsyon yo?

Pou kisa yo te vwayaje pou ale Betleyèm?

Kòman Mari te santi l diran vwayaj la, lè n'ap konsidere sitiyasyon yon manman ki sou dat pou l akouche?

Pou kisa Jezi pat pran nesans yon gwo kote?

Kilès moun sa yo ki te paran Jozèf ?

Dispozisyon gouvènman women an te dwe akonpli ; pou sa, tout abitan yo te mobilize sòti nan peyi kote yo te fèt la pou akonpli avèk manda sa. Sa vle di ke tout moun ki te viv nan tèritwa women yo te dwe al enskri; nan fason sa, anpi sa ta kapab rekonèt estatistik abitan li yo epi la a touche taks ki koresponn yo. Kondisyon yo pat tèlman twò bon nan moman sa; konsa, yo te oblije ale ak tout pwovizyon yo. Yo te oblije mache anpil kilomèt tou pou yo rive jous nan lye sa. Mari te oblije akonpli avèk tout sa yo, malgre eta li. Epi lè li te apèn ap rive Betleyèm, li te rive sou lè pou l te akouche a. Jou sa a, pat gen plas nan otèl ; se se sèlman yon ti pak bèt ki te disponib pou Sovè a. Sa a se te yon plas kote yo te konn bay bèt manje, epi se la ke Jezi te pran nesans pou ke pwofesi yo te kapab akonpli. Men lè n'ap panse ak yon ti bebe ki fenk fèt bezwen yon bon swen, li pat genyen anyen ; men li te oblije ranje l ak sitiyasyon an. Sa se te repons Bondye pou peche mond lan.

**REFLEKSYON**

- Nou kapab gade gwo evènman sa ki se nesans Jezi a nan yon ti pak bèt nan Betleyèm avèk zye lafwa.
- Nou konprann ke entansyon Bondye-lè li montre nou gwo evènman sa—se te montre mond lan ke si pat genyen repozwa pou ti pitit li a; se jis yon reyaksyon ki nòmal tou pou mond lan pa kite yon ti plas nan kè yo pou Jezi.

Ann priye pou ti moun yo avèk paran yo ; yon fason pou ke yo kapab konprann vrè sans gran evènman sa. Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: JEZI TE FÈT NAN LAVIL BETLEYÈM

SITASYON BIBLIK: Lik 2:1-7

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo dapre laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Fè yon revizyon sou klas pase a pandan w'ap pale sou sa yo: "Kilès moun ki te vizite Mari ak Jozèf? Kisa zanj lan te di yo? Kòman yo te dwe rele ti bebe a? Kisa non Jezi a siyifi? (bay tan pou ke ti moun yo reflechi ak patisipe; aprè sa, kontinye)". Fè konnen ke lè tan te rive, zanj lan te pale, epi Mari te déjà prèt pou akouche ti bebe a ki se Jezi. Sa vle di ke tan gwosès la te pase epi yon bèl ti bebe te fèt. Aprè sa, fè yo konnen ke yo tout pral site kisa yon ti bebe gen bezwen lè li fenk fèt: kouchèt, chemizèt, pantalon, chosèt, ti bone, ti gan, etc...Èske nou te konn wè yon ti bebe ki fenk fèt? Èske nou te wè ti frè oubyen ti sè nou an lè li te fenk fèt la? Sa bon anpil wi! Lè Jezi te fèt kote ki rele Betleyèm nan, nan peyi Jide, Mari te kontan anpil, li te double ti bebe a nan yon kouchèt, epi li te mete l kouche nan yon krèch. Papa li Jozèf tou te renmen li anpil epi li te konn byen pran swen l tou. Yo tou de a te sonje sa zanj lan te sa yo epi yo te bay ti bebe a non Jezi. Se zanj yo ki te anonse nesans li, epi te genyen yon zetwal byen klere ki te parèt nan syèl la pou endike nesans yon gran Wa.

Ann Jwe. Depi davans, elabore plizyè enstriman mizikal (klòch, tanbou ak senbal) avèk materyèl dezyèm men, epi remèt chak ti moun yo youn pou chante yon chan ansanm avèk yo.

Ann Aprann. Fè ti moun yo sonje ke Jezi te fèt nan Betleyèm ak kè nou tou. Se poutèt sa, nou dwe priye, chante pou li chak jou, epi di l mèsi pou tout bèl bagay yo.

Aktivite. Eksplike ti moun yo ke yo dwe dekore imaj yo a tankou se dat Nowèl.

Orevwa. Priye pou ke Bondye kapab prepare kè chak ti moun, epi rete an kontak avèk yo diran semèn nan. Priye tou pou di Bondye mèsi pou nesans Sovè nou an tou.



**JEZI TE FÈT NAN
LAVIL BETLEYÈM**



Enstriksyon yo

Dekore imaj yo a tankou se dat Nowèl.

LESON
50**GADÒ MOUTON YO TE
ADORE JEZI, TI BEBE A****Baz Biblik:**

Lik 2:8-20

**Objektif:**

Konnen ke gadò mouton yo te rive an premye pou adore Jezi.

**Preparasyon Klas La:**

Monitè ak/oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki deja site a.

**ENTWODIKSYON****Medite sou bagay sa yo avèk anpil atansyon:**

Ki kote gadò mouton yo te ye?

Konbyen zanj gadò mouton yo te wè e kisa yo t'ap fè?

Kòman gadò mouton yo te santi yo?

Kisa gadò mouton yo t'ap fè?

Kisa zanj yo te di yo?

Ki kote gadò mouton yo te sipoze ale daprè endikasyon ke zanj yo te ba yo?

Avèk kilès moun gadò mouton yo te pale osijè de sa yo te tande a?

Kòman Mari te santi li lè gadò mouton yo te vin parèt?

Nesans Jezi a se te yon gwo evènman ki te sòti nan Bondye. Bondye te kontwole tout bagay, epi malgre reyaltite kote li te fèt la, te genyen anpil lajwa ak fèt nan syèl la jan sa pat janm konn fèt avan pou kèk lòt moun oubyen evènman. Sa se pat yon jwèt menm, sa te fèt pou yon moun ki te vrèman espesyal: Sovè mond lan. Zanj yo te pran pa nan sa epi yo te aple pou pote bon nouvèl la, menm jan tou, yo te bay gadò mouton yo lòd pou yo t'al adore ti bebe ki fenk fèt la.

Mari, manman Jezi te kenbe tout bagay nan kè li. Nou kapab afime ke sa te yon bèl eksperyans pou li, epi gadò mouton yo te rive kote Mari a avèk anpil kè kontan.

**REFLEKSYON**

Nou santi nou kontan anpil lè ke nou konnen ke nesans Jezi a te fèt nan yon ti pak bèt, men tou dèske nou konnen ke nesans Jezi a rive pwodwi nan fon kè nou. Malgre, kèk fwa anpil moun konn refize bèl travay sa avèk move konpòtman ke yo genyen.

Lavi kretyen an dwe ranpli avèk lajwa epi transmèt bon nouvèl bay ti moun yo menm jan ak fanmi yo tou.

Ann priye pou ti moun yo ak paran yo; yon fason pou ke yo kapab viv mèvèy nesans Jezi Sovè a chak jou nan lavi yo.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: GADÒ MOUTON YO TE ADORE JEZI, TI BEBE A
SITASYON BIBLIK: Lik 2:8-20

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-daprè kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriyè epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Fè yon revizyon sou klas pase a pandan ke w'ap mansyone sa yo: "De kisa nou te pale nan klas pase a? Kilès moun ki te fèt nan Betleyèm? Kòman yo te rele paran Jezi yo? Ki kote ti bebe ki fenk fèt la te kouche? (bay tan pou ke yo tout patisipe, aprè sa, kontinye). Nesans Jezi a te pase nan Betleyèm peyi Jide epi se zanj yo ki te anonse li bay yon gwoup gadò mouton ki t'ap pran swen mouton yo. Lè yo te tandè anons lan, --daprè Bib la, menm kote a, yo t'al adore Jezi, ti bebe ki te fenk fèt la, epi manman li Mari te kontan anpil epi li te konsève tout bagay nan kè li."

Ann Jwe. Montre ti moun yo plizyè foto ki pentire (ki gen plizyè gwosè) pou Jezi ak Mari: epi mande yo pou ke yo siyale imaj oubyen figi a daprè non ke nou mande a. Pa egzanp: siyale Mari, siyale Jezi, etc. Nou kapab reyalize aktivite sa jouskaske yo tout kapab memorize non tout moun ki nan fanmi Jezi yo.

Ann Aprann. Mansyone ke Jezi te fèt nan Betleyèm epi li fèt nan kè nou tou; se poutèt sa, nou dwe priye ak chante louwanj pou li chak jou.

Aktivite. Priye pou di Bondye mèsi dèske li voye Sovè nou an ki se Seyè Jezi; di li mèsi dèske li te vini sou latè kòm yon bebe pou sove nou anba peche nou yo.

Orevwa. Priye pou di Bondye mèsi dèske li voye Seyè nou an Jezi ki se Kris la ; epi di Jezi mèsi dèske li te vini sou tè sa tankou yon bebe pou sove nou anba peche nou yo.



**GADÒ MOUTON YO TE
ADORE JEZI, TI BEBE A**



Enstriksyon yo

Pentire epi kòmante avèk ti zanmi w yo sou nesans Seyè nou an Jezi ki se Kris la.



LESON
51

WA MAJ YO TE BAY JEZI TI BEBE A ANPIL KADO



Baz Biblik:

Matye 2:1-21



Objektif:

Konnen ke wa maj yo te pote anpil kado ki gen valè pou Jezi ki te fenk fèt.



Preparasyon Klas La:

Monitè ak/oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki deja site a.



ENTWODIKSYON

Medite sou bagay sa yo avèk anpil atansyon:

Kilès moun sa yo ki te sòti nan peyi loryan? / Ki kote wa maj yo te rive avan?

Kisa wa maj yo t'ap chèche? / Kisa wa maj yo te wè, epi kilès yo te vle adore?

Kisa Ewòd te fè? / Ki kote Ewòd te voye wa maj yo?

Rive jous ki kote zetwal la te gide wa maj yo? / Kòman Mari te santi li?

Ki kote wa maj yo te pase lè yo t'ap retounen lakay yo?

Menm jan Matye detaye l la, wa maj yo te yon bann save ki te la pou etidye gwo evènman; men yo pat gen lye nesans lan twò klè, se poutèt sa, yo te bat pou yo konnen plis osijè de sa. Epi lè Ewòd te pran pa de sa, li te mande yo pou yo te mennen ankèt epi fè l konnen. Men, save yo te kite zetwal la gide yo epi yo te rive kote a vre, epi yo te adore ti Jezi epi yo te ofri li lò, lansan ak lami. Aprè sa, yo te retounen nan peyi yo pa mwayen yon lòt chemen akòz de anons yo te resevwa nan rèv yo.



REFLEKSYON

Bagay ke Bondye montre nou yo se toujou bagay ki vrèman mèvèye. Li pèmèt ke Sovè a sòti nan branch fanmi David; epi nouvel sa fè enpak sou tout mond lan depi lè sa. Li transfòme kè tout moun sa yo tou ki pran pa nan ansèyman biblik yo pandan y'ap adore Bondye vivan an epi ofri li lavi yo chak jou atravè obeyisans ak bon temwayaj pèsònèl yo.

Ann priye pou ti moun yo ak paran yo; yon fason pou ke yo kapab viv evènman ak adore Jezi Sovè a.

Alafen, prepare materyèl pou klas la.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: WA MAJ YO TE BAY JEZI TI BEBE A ANPIL KADO

SITASYON BIBLIK: Matye 2:1-21

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriye epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Montre ti moun yo plizyè imaj ki reprezante Jozèf, Mari ak Jezi; epi aprè sa, mande yo pou yo chak di non chak moun sa yo ki nan foto yo (ou dwe toujou ankouraje pou yo tout patisipe, epi aprè sa, kontinye). Answit, fè yo konnen ke y'ap wè ke menm jan anpil gadò moutan t'al adore ti bebe a, aprè yo te fin etidye ak mennen ankèt sou evènman enpòtan sa ki se nesans Jezi ki fenk fèt la; se menm jan tou, te genyen plizyè save ki pote non wa maj, aprè ke yo te fin etidye ak mennen ankèt yo sou evènman enpòtan sa ki se nesans Jezi a, yo te gide pa mwayen yon gwo zetwal ki te parèt nan loryan. Se konsa ke wa maj sa yo te rive jous nan Betleyèm epi yo te mande pou ti bebe ki fenk fèt la jouskaskè yo te jwenn li nan yon krèch; yo te adore li epi yo te ofri li anpil kado enpòtan tankou lò, lansan ak lami. Malgre wa Ewòd t'ap bat pou touye ti bebe a epi li te mande wa yo ke lè yo pase tounen, pou yo te pase nan palè a lè yo jwenn ti bebe a, yo te retounen nan lòt wout akòz de yon mesaj yo te resevwa nan rèv yo.

Ann Jwe. Fè yon pyès teyat ak tout ti moun yo ki baze sou vizit ak adorasyon wa maj yo te bay Jezi a.

Ann Aprann. Fè konnen ke Jezi, Pitit Bondye a, se pèsonaj ki plis enpòtan nan tout istwa. Se paske Li se Wa tout limanite, epi l'ap atann ke nou chak kapab adore li nan lespri ak verite a.


Aktivite. Mande ti moun yo pou ke yo reponn oralman, kisa kado wa maj yo te bay Jezi yo te ye lè Jezi te fenk fèt la; epi yo dwe dekore li jan yo renmen l lan.

Orevwa. Priye pou di Bondye mèsi pou kado sa ki se Pitit li a Jezi ki se Kris la; epi di li mèsi tou pou Mari, Jozèf, gadò mouton ak save yo ki t'al vizite Mesi a.



**WA MAJ YO TE BAY JEZI
TI BEBE A ANPIL KADO**

Kisa kado wa maj yo te bay Jezi yo te ye lè Jezi te fenk fèt la?



Enstriksyon yo

Dekore li jan ou renmen l lan.



 LESON
52

TI BEBE JEZI RESEVWA ANPIL LOUWANJ



Baz Biblik:

Lik 2:21-39



Objektif:

Konnen ke Ana avèk Simeyon te kapab wè Jezi.



Preparasyon Klas La:

Monitè ak/oubyen monitris yo dwe reyini depi avan sa pou yo priye Bondye nou an, avan nou koumanse tan preparasyon klas la. Aprè sa, yo dwe medite sou sitasyon biblik ki deja site a.



ENTWODIKSYON

Medite sou bagay sa yo avèk anpil atansyon:

Kisa ki te pase wit jou aprè nesans Jezi a?

Ki kote paran Jezi yo te pote li?

Kisa yo te dwe fè Jerizalèm espesifikman?

Kòman yo dekri Simeyon?

Kòman yo dekri Ana?

Kilès yo chak te ye?

Kisa yo te fè avèk ti bebe ki te fenk fèt la?

Fanmi Jezi yo te toujou ap akonpli sa tradisyon ak rit jwif yo te egzije yo. Se menm jan yo te fè l tou avèk pitit yo a Jezi, se sa ki fè ke lè li te genyen wit jou de nesans, yo t'al prezante li nan tanp la pou yo te ofisyalize non li ak obeyi lalwa tèrès yo, de gran moun ranpli ak Lespri Bondye a, Simeyon ak pwofetès Ana ki te gen anpil krent pou Bondye te pwofite menm okazyon sa. Yo te santi yo vrèman kontan pou yo te konnen, kontanple epi genyen Pitit Bondye sou bra yo. Yo te konsidere sa kòm yon gran benediksyon dèske yo te rive atenn objektif pou yo te konnen Pitit Bondye; se sèlman sa yo t'ap tann pou yo te pati pou ale nan prezans Seyè a.



REFLEKSYON

Menm jan avèk Ana e Simeyon, nou menm tou n'a rete tan retou Kris la; se poutèt rezon sa, chak jou, nou dwe viv avèk dilijans epi travay san pèdi espwa ke n'ap rantre nan laglwa avèk Bondye epi Sovè nou an.

Ann priye pou ti moun yo, paran yo ak ekip monitè ak / oubyen monitris yo; yon fason pou ke yo kapab vin bon anseyan Pawòl Bondye a nan lavi yo, epi pou yo anseye yo sèvi ak adore Jezi Sovè a.

DONE TOUT ENFOMASYON YO:

TÈM: TI BEBE JEZI RESEVWA ANPIL LOUWANJ
SITASYON BIBLIK: Lik 2:21-39

DEVLOPMAN KLAS LA:

Resevwa epi plase timoun yo daprè laj yo chak. Konsa, ti moun yo dwe plase nan bèso yo, ti kabann yo, kouchèt yo-dapre kondisyon sal la-. Answit, resevwa yo pandan ke w ap di tout timoun yo byen vini, epi montre yo plas kote y ap gen pou yo jwe ak travay (sa se sèlman pou ti bebe ki nan laj de 18 mwa). Nan fason sa, y'ap kapab manipile materyèl ki te déjà chwazi pou sa davans nan yon anbyans ak wotè ki apwopriye pou laj yo, epi tou pou pataje li avèk ti zanmi ak monitè e monitris yo.

Après premye tan fin pase, tout monitè ak monitris yo dwe reyini tout ti moun yo epi fè yo kreye yon wonn pou lapriyè epi chante kèk ti chan pou Bondye pandan y'ap kòmanse klas jou a.

Ann Pale. Montre ti moun yo plizyè imaj ki reprezante Jozèf, Mari ak Jezi; après sa, di yo konsa ke yo dwe raple yo non yo chak. Après sa, fè yo konnen ke lè Jezi te apèn kèk jou après li fin fèt, paran li yo te pote l ale nan tanp lan pou di Bondye mèsi pou nesans sa a. Jou sa, Mari avèk Jozèf te rankontre yon gran moun la ki te rele Simeyon ki te renmen Bondye anpil, epi li te toujou mande Bondye pou l ba li chans pou l te mete Sovè ki va fenk fèt la nan bra li; epi se konsa sa te pase vre. Simeyon te pran ti bebe a nan bra li epi li di Bondye mèsi pou benediksyon sa. Nan menm moman sa, yon fanm ki te genyen anpil krent pou Bondye ki te toujou la nan tanp lan, te pwoche bò kote li.

Non fanm sa se te Ana. Li te beni ti bebe a epi li te di Bondye mèsi pandan ke li t'ap di ke Jezi se te yon bèl ti bebe, espesyal epi ki ta gen pou l fè anpil gwo bagay pou limanite.

Ann Jwe. Chwazi tout bebe ki nan sal la pou ou kapab jwe yon pyès teyat avèk istwa Simeyon avèk Ana a kote tout ti moun ki vle yo pral patisipe.

Ann Aprann. Mansyone ke Jezi se te yon moun ke Bondye te voye, epi depi tou piti li te kòmanse akonpli misyon Papa l ki nan syèl la.

Aktivite. Endike ti moun yo ke yo dwe antoure Simeyon ak yon wonn ki gen koulè ble ; epi antoure Ana avèk youn ki gen koulè wouj.

Orevwa. Di Bondye mèsi, pandan w'ap ankouraje ti moun yo mete ansèyman ke yo te aprann yo an pratik nan kominote yo a, epi onore Jezi nan tout etap nan lavi yo.



TI BEBE JEZI RESEVWA ANPIL LOUWANJ



Enstriksyon yo

Antoure imaj Simeyon an avèk yon makè (fet) ble ki fonse; epi antoure pa Ana a avèk yon fet wouj ki byen fonse. Aprè sa, pentire.

BIBLIYOGRAFI

- BIB JERIZALEM: Vèsyon Louis Segond 1910
- KPN: Pawòl lavi a-Kay Piblikasyon Nazareyen. 1995
- DESEN CV NASYONAL POU EDIKASYON DE BAZ REGILYE. DINEIP-DINESST Ane 2009
- DESEN CV REJYONAL DRE PIURA. Ane 2007
- FRANCISCO TONUCCI: Envestigasyon kòm altènativ pou ansèyman. Ane 1999
- LEXUS: Liv edikatriis la. 2003
- MINISTÈ EDIKASYON: Estrikti cv de baz edikasyon inisyal. Ane 1987
- MINISTÈ EDIKASYON: Entèlijans lan konstwi pandan w'ap itilize li. Ane 2002
- MINISTÈ EDIKASYON: Manyèl ansèyman kowòdinatris ak animatris PRONOEI, Ane 2001
- MINISTÈ EDIKASYON: "Kalite ak entegrite" reglemantasyon lalwa jeneral edikasyon N° 28044. Ane 2005

SALON bèso

Atend yon ti moun ki apèn ap kòmanse fè mouvman nan mond pasyal li (bèso, koral, kapèt, elatriye.), epi de tanzantan li kontinye ap dekouvri yon mond ki pi laj toujou avèk sipò paran l yo, monitè oubyen plizyè lòt gran moun ki tou prè nan antouraj li, sa vin tounen yon travay ki vrèman enteresan. Se nan optik sa ke nou prezante gid metodolojik kretyèn sa, ki apati de moman sa n'ap genyen nan men nou, se yon resous ki fèt ak limyè Pawòl Bondye a; men se nan objektif pou ofri w plis èd enpòtan pou ke ou kapab atend gwoup ke ou genyen nan men w lan pi byen chè monitè/tris/ lidè, pastè, elatriye.

Nan gid sa a, n'ap jwenn anpil rezilta bon travay anpil teyolojyen, anseyan ak sikològ ki bay sipò yo pou pèmèt reyalizasyon bèl liv enpòtan sa.

Mwen swete ke ou jwenn anpil benefis nan materyèl sa; epi konsa, ministè ti moun yo nan legliz lokal ou a kapab beni lavi anpil ti moun pou glwa Bondye.

